normasın rejelestiriwdiń tiykarı bolıp xızmet yetiwi túsindiriledi. Oqıwshılar waqıt norması qandayda bir ózgermeytuǵın nárse yemesligin, bálki konkret islep shıǵarıw sharayatlarına qarap bir túrli jumıstıń ózi paydalanıp atırǵan islep shıǵarıw úskeneleri, áspablarǵa hám basqa sebeplerge qarap túrli waqıt dawamında orınlanıwı múmkin. Ekskursiya waqtında oqıwshılar ustaxanadaǵı jumıstı kárxanadaǵı jumıs penen salıstırıp oǵan tolıq isenim payda etedi.

Baǵdarlamada oqıwshılarda miynet ónimdarlığı hám onı asırıw jolları haqqında túsinikler payda etiw ushın úlken imkaniyatlar jaratılǵan. Eń dáslep, oqıwshılar (kóbinese ekskursiyaları) qolda orınlanatuǵın jumıslardı yarım avtomatlar ham avtomatlar járdeminde ámelge asırılatuǵın jumıs penen salıstırıw imkaniyatına iye. Keyin olar islep shıǵarıw novatorları menen, olardıń buyımlar tayarlaw texnologiyasınıń jetilistiriliwine, jańa konstruktsiyalar, maslamalar, áspablar hám de mashinalar jaratıwǵa baylanıslı jumısları menen tanıstıradı. Bunıń aqıbetinde, oqıwshılarǵa miynet ónimdarlığı menen miynettiń shólkemlestiriliwi arasındaǵı baylanıslılıq ashıp beriledi. Bul tárepten alǵanda miynettiń bólistiriliwi aynıqsa úlgili esaplanadı, sebebi jumıs zveno formasında shólkemlestirilgende jańa texnologiyanı tezirek ózlestirip alıw bul texnologiyanıń individual formadaǵıǵa qaraǵanda qısqaraq waqıt ishinde sapalıraq úyrenip alıw múmkinligine oqıwshılar óz tájiriybelerinde isenim payda etedi.

Ustaxanadaǵı jumıs kúni rejimi sanaat kárxanalarındaǵı jumıs kúniniń rejimine kóp tamannan mas keledi. Ustaxanada jumıs waqtında biykarshı gápler hám basqa jumıslar menen shuǵıllanıwın, ustaxanada maqsetsiz aylanıp júriwdi qadaǵan etiwshi, ózin tutıw qaǵıydalarına ámel etiledi. Bul jerde de kárxanadaǵı sıyaqlı qáwipsiz islew qaǵıydalarına ámel etiledi. Bulardıń barlığı soǵan alıp keledi, bunda oqıwshılar islep shıǵarıwdı shólkemlestiriwdiń bir elementi bolǵan jumıs kúni rejimi haqqında anıq hám durıs túsinik aladı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. S. Boltabaev va boshqalar «Mehnat va kasb ta’limi metodikasidan o’quv mashg’ulotlari» Uslubiy qo’llanma 2002y.

2. Sh. Sharipov va boshqalar «Kasbiy pedagogika» Toshkent, TDPU 2006y.

3. Sh. Sharipov, M. Abralova «Maktablar o’quv va o’quv ishlab chiqarish sanitoriyasi qoidalari» T, 2002y.

MIYNET PROTSESSLERINDE SHAXS PAZIYLETLERIN RAWAJLANDIRIW

A.Qurmanov, U.Sadaddinov «Miynet tálimi» kafedrası oqıtıwshıları,
A.Ermakova «Miynet tálimi» baǵdarı 4-kurs talabası

Miynet processinde tolıq qatnasıw ushın shıdamlı, tırısqaq kúzetiwsheń bolıw, óz háreketlerin qadaǵalap biliwi, belsendilik kórsetiw zárúr. Miynetti súyiw, miynet adamlarına húrmet penen qaraw kerek. Aytıp ótilgen hám basqa kópshilik pazıyletler miynet tálimi processinde payda bolıwı lazım. Bul álbette oqıwshılarda aytıp ótilgen pazıyletlerdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan arnawlı sabaqlar ajıratıw kerek, degen mağınanı ańlatpaydı.

Texnika tiykarlarında miynet oqıwları hám arnawlı bilimler qáliplestiriwdiń pútkil oqıw processi áne usı wazıypanı sheshiwge qaratılıwı dárkar.

Mekteplerdiń tájiriybesi hám arnawlı izleniwlerdiń kórsetiwinshe mektepte miynet táliminiń jolǵa qoyılıwınıń oqıwshılardı miynetke tayarlawǵa júdá jaqsı járdem beredi. Máselen, ayrım oqıwshılar ustaxanaǵa birinshi márte kelgeninde ózlerin qolaysız sezedi, stanoklarǵa jaqınlasıwdan qorqadı, birar bir tapsırmanı orınlay alıwlarına isenbeydi. Bunıń kerisinshe de boladı, yaǵnıy ayrım oqıwshılar ózlerine hádden tıs isenedi, biraq bul isenim tez joǵalıp, onıńg ornın bayaǵı isenimsizlik iyeleydi. Eki jaǵdayda da tapsırmalardı durıs tańlaw zárúr, yaǵnıy olar júdá ańsat bolmaslıǵı (hádden tısqarı ózine isenim payda etpeslik ushın) yaki júdá quramalı da bolmaslıǵı kerek. Tapsırmanı tabıslı orınlaw óz kúshine isenim payda etedi, jumısqa qızıǵıw oyatadı. Tapsırmalardı áste-aqırın quramalastırıp barǵan halda g'ana usı isenim bekkemlenedi. Nátiyjede oqıwshılar qıyınshılıqlardı jeńiwdi úyrenip tırısqaq bolıp baradı.

Óz-ózin qadaǵalaw pazıyletlerin de tabısı menen qáliplestirilip barıw múmkin. Oqıwshılar ustaxanalarda shınıǵıw islewge kirisip atırǵanlarında, ádette olarda bul oqıw tómen boladı. Ustaxanalarda mashinalarda oqıwshılarǵa miynetke ruwxıy múnásiybet tárbiyalanadı. Miynet tárbiyası nátiyjesinde oqıwshılardıń fizikalıq jumısqa salıstırǵandaǵı múnásiybetleri áste aqırın ózgerip barıwına baylanıslı kóplep mısallar málim. Eger ayrım oqıwshılar ustaxanadaǵı sabaqlarǵa dáslepki waqıtta ister-istemes kelgen bolsa, jaqsı oqıtıwshı olardı jumıs penen sonshalıq qızıqtırıp qoyadı, nátiyjede keyinshelik olar sabaqtan tısqarı waqıtta qosımsha sabaqlar uyımlastırıwdı iltimas yetetuǵın boladı. Bunda oqıwshılar áytewir islep qana qalmay, bálki sapalı ónim tayarlawǵa háreket etedi. Materiallardı tejep-tergep sarıplaydı, áspab-úskenelerdi asırap abaylaydı, jumısta óz joldaslarına járdem beredi.

Miynet protsesslerinde tabıs penen qatnasıw ushın zárúr bolǵan shaxs pazıyletlerin rawajlandırıwdıń tiykarı oqıwshılardıń miynettiń islep shıǵarıw xarakterinde ekenliginde bolıp tabıladı.

Dóretiwshilik miynet jámiyetimizge say bolǵan ózgeshelik. Ózleriniń oylap tabıwları, ratsionalizatorlıq usınısları menen miynet ónimdarlıǵın asırıw jolların nıq qadem menen izlep atırǵan novator jumısshılar sanı jıldan-jılǵa kóbeyip barmaqta.

Novator jumısshılar xalıq xojalıǵınıń qaysı tarawında islemesin ol jumıstı ónim tayarlaw texnologiyasın kritikalıq analizlewden baslap, miynet ónimdarlıǵın asırıw ushın imkaniyatlardı izlep tabıwdı qanday baǵdarda alıp barıw kerekligin anıqlaydı. Bunda sonday analizge ruwxıy tárepten tayarlıq bar, islep shıǵarıw sharayatların kritikalıq qayta kórip shıǵa biliw uqıplılıǵı hám istegi zárúr áhmiyetke iye. Bunday pazıyletler oqıwshılarda mekteptegi miynet tálimi processinde payda yetiliwi múmkin hám lazım. Aldıńǵı oqıtıwshılardıń jumıs tájiriybesi, bunıń ushın dáslep óspirimlerdiń novatorlıq praktikası menen imkaniyat barınsha keńirek tanıstırıw zárúrligin kórsetedi. Bul tanıstırıw aktiv formada ótkeriliwi zárúr. Bunday jumıs nátiyjesinde oqıwshılar óz betinshe izlenetuǵın boladı.

Texnikalıq modellew dóretiwshilik logikanıń rawajlanıwına jaqsı tásir kórsetedi. Bunda oqıwshılar ushın mashqalalı jaǵdaylar kelip shıǵadı, yaǵnıy bolalarǵa sonday sharayat jaratıladı, olarǵa belsendilik kórsetiwge berilgen

tapsırmanı orınlaw ushın óz bilimlerinen dóretiwshilik paydalanıwǵa tuwra keledi. Buǵan erisiw ushın ámeliy tapsırmalardı sonday etip qoyıw kerek, olardı orınlawǵa zárúr bolǵan maǵlıwmatlardıń ayrımları belgisiz bolıwı lazım. Máselen, sızılmada konstrukciya ólshemleri yaki elementi bolmaslıǵı, operaciyalıq kartada birar bir operaciya bolmaslıǵı múmkin hám t.b. Nátiyjede oqıwshılar dóretiwshilik jandasıwdı talap etiwshi quramalı bolmaǵan texnikalıq tapsırmalardı áste-aqırın sheshiwdi úyrenip baradı.

Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. S. Boltabaev va boshqalar «Mehnat va kasb ta'limi metodikasidan o'quv mashg'ulotlari» Uslubiy qo'llanma 2002y.

2. Sh. Sharipov va boshqalar «Kasbiy pedagogika» Toshkent, TDPU 2006y.

3. Sh. Sharipov, M. Abralova «Maktablar o'quv va o'quv ishlab chiqarish sanitoriyasi qoidalari» T, 2002y.

ДАРС ЖАРАЁНИДА ПЕДАГОГИК ТЕХНОЛОГИЯЛАРДАН ФОЙДАЛАНИШНИНГ ЎЗИГА ХОС ХУСУСИЯТЛАРИ

А.Мавлянов, С.Абдалова, А.Хуррамов - ОЎМКҲТРМ,
Б.Тлегенов - НукДПИ

ОТМларида таълим сифатини тубдан такомиллаштириш, уларнинг мамлакатда амалга оширилаётган ислоҳотларда фаол иштирокини таъминлаш, шунингдек, 2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг 5 та устувор йўналиши бўйича Ҳаракатлар стратегия-сида белгиланган вазифаларни изчил амалга ошириш мақсадида:

- ОТМдаги таълим жараёнини такомиллаштириш бўйича таклифлар тайёрлаш;
- кириш имтиҳонларидаги тест саволларини тайёрлаш услубларини илғор хорижий тажриба асосида қайта кўриб чиқиш;
- мамлакатда амалга оширилаётган кенг қамровли ислоҳотларда ОТМларининг иштироки ҳамда ташаббускорлигини ошириш бўйича тизимли ишларни ташкил этиш;
- инновацион ва технологик ғояларни ҳар томонлама ривожлантириш ҳамда қўллаб-қувватлаш учун зарур шарт-шароитлар яратиш, профессор-педагоглар, ёш олимлар ва талабаларнинг инновацион технологияларни яратиш борасидаги ташаббускорлигини ошириш юзасидан аниқ чоралар кўриш;
- иқтисодиёт тармоқлари ва ижтимоий соҳалар ташкилотлари раҳбарлари, етакчи мутахассислари, фаол тадбиркорлар билан долзарб масалаларда семинар ва давра суҳбатларини доимий равишда ўтказиб бориш, уларнинг фаолиятида юзага муаммоларнинг ечимига қаратилган илмий-амалий изланишларни олиб бориш;
- талабаларини илмий фаолиятга йўналтиришга ва уларда инновацион фикрлашни шакллантиришга қаратилган чора-тадбирлар дастури лойиҳасини ишлаб чиқиш;
- ўқув машғулотларини талабаларни инновацион фикрлашга йўналтирадиган ўқитиш технологиялари ва интерфаол услубларни жорий этиш асосида ташкил этиш, асосий эътиборни талабаларнинг мустақил таълим олиши билан боғлиқ механизмларни амалга оширишга қаратиш;

- ҳар бир олий таълим муассасасида 1-курс давомида саралаб олинган энг иқтидорли талабалар учун алоҳида гуруҳлар ташкил этиш каби долзарб вазифалар белгилаб олинди.

Ахборот технологиялари деб аталаётган бугунги кунда шахсдан фаол ҳаракат, мустақил қарор қабул қилишни, ҳаётнинг ўзгараётган шароитларига мослашишни талаб қилмоқда. Бунинг учун ҳар бир шахс маълум сифатларга эга бўлиши талаб этилади. Хусусан:

- ҳар бир талаба зарур билимларни мустақил эгаллаш, уларни турли муаммоларни ечишда маҳорат билан қўллаш;

- ахборотлар билан самарали ишлаш (маълум масалани тадқиқ қилиш учун зарур фактлар йиғиш, уларни таҳлил қилиш, муаммоларни ечишга қаратилган гипотезаларни таклиф қилиш, қонуниятларни, янги муаммоларни аниқлаш ва ечиш);

- олинган билимларнинг қаерда ва қандай қўлланилиши мумкинлигини аниқ билиш;

- мустақил танқидий фикрлаш, дунёда пайдо бўлаётган муаммоларни кўра билиш ва уларни бартараф этишнинг оптимал йўлларини излаб топиш;

- ижодий фикрлаш, янги ғоялар яратиш қобилиятига эга бўлиш;

- ўзининг маънавияти, интеллекти ва маданий салоҳияти устида мунтазам кўникма ва малакаларга эга бўлиши зарур.

Муаммоли таълим технологиялари талабалардаги ушбу сифатларни ривожлантиришга, уларнинг фаолиятини фаоллаштириш ва жадаллаштиришга асосланган. Мазкур технологиянинг асоси, талабанинг фикрлаши муаммоли вазиятни ҳал этишдан бошланиши ҳамда унинг муаммоларни аниқлаш, тадқиқ этиш ва ечиш кобилиятига эга эканлигидан келиб чикади. Муаммоли таълимнинг талабалар ижодий тафаккури ва ижодий кобилиятларини ўстиришдаги аҳамияти катта.

Бу технологиянинг мақсад ва вазифаси таълим муассасаларида ўқув-тарбия жараёнининг самарадорлигини оширишнинг муҳим шарти мазкур жараёнга тизимли ёндашув саналади ва педагогларга қуйидаги дарс турлари тавсия этилади:

- маъруза (кириш, мавзули ва умумлаштирувчи маърузалар);

- семинар (билимларни мустаҳкамловчи, янги билимларни мустақил эгаллашга мўлжалланган);

- модулли;

- муаммоли;

- мунозарали (илмий мунозара ва эркин фикрлаш);

-дидактик–ўйинли (сюжетли-ролли, ижодий, ишбилармонлар, конференциялар, ўйин-машқлар);

- синов (дидактик карточкалар, тест топшириқлари, ўзаро назорат вараҳи ёрдамида, ахборот коммуникацион технологиялар назорат дастурлари воситасида ўтказиладиган) дарслари.

Уларнинг ўзига хос жиҳати дарс давомида вужудга келтирилган муаммоли вазиятларга асосланади. Инсон тафаккури муаммоли вазиятларни яратиш, муаммони қўйиш ва уни ечишдек ноёб қобилиятга эга бўлганлиги сабабли, инсоният томонидан илмий-техникавий кашфиётлар амалга оширилган. Таълим жараёнига муаммоли ўқитишни жорий этиш талабаларга тайёр билимларни ўзлаштиришдан аста-секин мустақил фаолиятга ўтиш имкониятини беради.

Умуман олганда мазкур технология бугунги кунда талабалар учун талаб этилаётган мустақиллик, ижодкорлик, ташаббускорлик ҳамда энг асосийси тадбиркорлик каби сифатларини ривожлантиришда муҳим ҳисобланади.

ГЕОМЕТРИЯ САБАҒЫНДА ОҚЫЎШЫЛАРДЫ ЛОГИКАЛЫҚ ПИКИРЛЕЎГЕ ҮЙРЕТИЎ УСЫЛЛАРЫ

Н.Джумабаев - НМПИ доценти
Г.Абдикаримова - НМПИ магистранты

Ҳәр бир логикалық дәлиллеў бир ямаса бир неше жуўмақлардың қосын дысынан турады. Жуўмақ шығарыў сондай логикалық әмел, бул әмелден пайдаланып биз еки ямаса бир неше ҳүкимнен жаңа ҳүкимди пайда етемиз. Дедуктив жуўмақ шығарыў болса, силлогизм формасындағы жуўмақ шыға- рыўға киреди. Силлогизм сондай жуўмақ шығарыў формасы болып, бунда еки ҳүкимнен үшинши ҳүким шығарылады ҳәм бул ҳүкимлердиң бириўи әлбетте улыўма ҳүким болады. Предмет ямаса ўақыяларды тастыйықлап ямаса бийкарлап айтылған пикир ҳүким деп аталады. Мысалы:

- Барлық вертикаль мүйешлер өз ара тең.
- Ҳәр бир мүйеш еки тәрепке ийе.
- Қоңсылас мүйешлердиң қосындысы 180 ˚ қа тең.
- Еки ноқат арқалы тек бир ғана туўры жүргизиўге болады.

Ҳүкимге мысал етип теоремаларды, анықламаларды, аксиомаларды ҳәм геометриялық теоремалардың қәлеген қәсийетлерин ҳәм белгилерин алыўға болады. Оқыўшыларға логикалық ҳүким дүзиўди үйретиўди турмыстан алынған мысаллардан баслаў керек. Мысалы:

1. Бүгин геометрия сабағы қызықлы өтти.
2. Мениң достым институтты айрықша баҳалар менен питкерди.

Бул мысаллардың ҳәр бири гәп пенен берилген логикалық пикирлер, ал «есикти жап», «китапты бер» деген гәплер логикалық пикирлер емес.

Оқыўшыларға ҳүким дүзиўди ҳәр бир сабақта үйретип барыў керек. Бундай жумыслар геометрия курсын енди ғана үйрениўди баслаған 7- класс оқыўшылары ушын жүдә пайдалы болады. Мысалы, 7- класста «Мүйешлер» темасын өткенде төмендеги ҳүкимлерди дүзиў мүмкин:

1. Мүйештиң тәреплерин оның төбесинен баслап шексиз даўам етиў мүмкин.
2. Ҳәр бир мүйеш ишки ҳәм сыртқы областларға ийе.
3. Мүйешлердиң үлкенлиги оның тәреплериниң узынлығына байланыслы емес.
4. Мүйешлердиң қосындысы орын алмастырыў қәсийетине ийе.

Оқыўшыларға жуўмақ шығарыўды турмыстан алынған мысаллар тийкарында түсиндириў керек. Мысалы: а) Мектепте ҳәр бир оқыўшы мектептиң ишки қағыйдасы бойынша жүриўи керек (биринши ҳүким). б) Ахмет оқыўшы (екинши ҳүким). Демек, Ахмет мектептиң ишки қағыйдасы бойынша жүриўи керек (жуўмақ). Усындай мысалларды келтиргеннен кейин, геометриялық материаллар бойынша жуўмақ шығарыўды үйретиў керек. Мысалы:

1. а) Жайық мүйеш еки туўры мүйештиң қосындысына тең. б) $\angle AOB$ ҳәм $\angle BOC$ туўры мүйешлериниң қосындысы жайық мүйешти пайда етеди, демек $\angle AOB$ ҳәм $\angle BOC$ мүйешлериниң қосындысы еки туўры мүйешке тең.

2. а) Тең қапталлы үшмүйешликтиң ултанындағы мүйешлери өз ара тең. б) ABC үшмүйешлиги AC ултанғаь ийе болған тең қапталлы үшмүйешлик, демек ABC тең қапталлы үшмүйешлигинде A ҳәм C мүйешлери өз-ара тең.

Ҳәр бир теореманың дәлиллениўи бир неше жуўмақлардың қосындысынан ибарат ҳәм бул жуўмақлар бир-бири менен избе-из байланысқан болады. Мысалы, төмендеги теореманы силлогислик формада дәлиллеўди қарап шығайық:

Теорема: Үшмүйешликтиң сыртқы мүйеши өзине қоңсылас болмаған ишки мүйешлериниң ҳәр қайсысынан үлкен.

Биринши жуўмақ:

а) Үшмүйешликтиң медианасы оның қарама-қарсы тәрепин тең екиге бөледи. б) AO кесиндиси ABC үшмүйешлигиниң медианасы,демек BO кесиндиси OC кесиндисине тең.

Екинши жуўмақ:

а) Вертикаль мүйешлер өз ара тең.

б) $\angle AOB$ ҳәм $\angle COE$ мүйешлери өз-ара тең, демек $\angle AOB$ мүйеши $\angle COE$ мүйешине тең.

Үшинши жуўмақ:

а) Егер бир үшмүйешликтиң еки тәрепи менен олардың арасындағы мүйеши басқа үшмүйешликтиң сәйкес еки тәрепи менен олардың арасындағы мүйеши не тең болса, онда бундай үшмүйешликлер тең болады. б) $\angle AOB$ ҳәм $\angle COE$ үшмүйешликлеринде: $AO = OE$, $BO = OC$ болғанлықтан $\angle AOB$ мүйеши $\angle COE$ мүйешине тең, демек $\angle AOB$ ҳәм $\angle COE$ үшмүйешликлери өз-ара тең.

Төртинши жуўмақ:

а) Тең үшмүйешликлердиң сәйкес мүйешлери тең. б) $\angle OCE$ ҳәм $\angle ABC$ мүйешлери сәйкес мүйешлер, демек, $\angle OCE$ ҳәм $\angle ABC$ мүйешлери өз ара тең.

Бесинши жуўмақ:

а) Пүтин мүйеш өзиниң бөлегинен үлкен. б) BCE мүйеши BCD мүйешиниң бөлеги, демек BCD мүйеши BCE мүйешинен үлкен. Теорема дәлилленди.

Теоремалардың дәлиллениўиниң бундай силлогислик формада алып бары лыўы ўақытты көп алады, бирақ оқыўшылар сабақ материалын толық өзлестиреди, соның менен бирге оқыўшылар теоремаларды ядлаб алыўға мәжбур болмайды. Геометрияны оқытыўда жуўмақ шығарыўдың силлогислик форма да алып барылыўы төмендеги нәтийжелерге ийе:

1. Оқыўшыларда логикалық пикирлеў көнликпелери қәлиплеседи.
2. Өтилген материаллар аңлы өзлестириледи.
3. Оқыўшылардың логикалық ойлаў қәбилетлери ҳәм уқыплылықлары раўажланады.
4. Теоремалардың дәлиллениўин ядлап алмай, түсинип дәлиллейди.

Бирақ, бундай дәлийллеў көп ўақытты алғанлығы себепли оқыўшыларда логикалық жуўмақ шығарыў көнликпелери пайда болғаннан кейин, дәлиллеўди әдеттеги формада алып барыў мүмкин.

Әдебиятлар

1. С.Алиханов., Математика ўкитиш методикаси., Т-2011
2. А.Азамов, Б.Хайдаров, Е.Сарихов, А.Кочкоров, У. Сагдиев., Геометрия 7-класс сабақлық., Т-2013

БЎЛАЖАК ФИЗИКА ЎҚИТУВЧИЛАРИНИНГ МЕТОДИК ТАЙЁРГАРЛИГИНИ ШАКЛЛАНТИРИШГА ҚЎЙИЛАДИГАН ТАЛАБЛАР

Г.Е.Карлыбаева - доцент
Нукус ДПИ, «Физика ўқитиш методикаси» кафедраси

Мамлакатимизда амалга оширилаётган таълим ислоҳатлари жараёнида педагог кадрларнинг маънавий қиёфаси, ақлий салоҳияти ҳамда касбий маҳоратига нисбатан жиддий талаблар қўйилмоқда. Бўлажак физика ўқитувчиларини тайёрлаш жараёнига ва улар шахсига янгича ёндашиш ҳозирги ижтимоий тараққиётнинг зарурий талабидир. Хусусан, олий таълим муассасалари битирувчиларига қуйидаги бешта фазилатга эга бўлишлари талаб қилинади:

1. Тарбиячилик фаолият. Ўқитувчи қайси фандан дарс бермасин, у, энг аввало, тарбиячидир. Ўқитувчининг тарбиявий фаолияти самарали бўлиши учун, энг аввало, унинг ўзи тарбияланган бўлиши, ҳам ички, ҳам ташқи дунёси билан ўқувчиларга намуна бўлиши, шахсий ҳаётда пок, атрофдагиларга ўрнак бўлиши лозим.

Демак, педагогика олий ўқув юрти педагоги нафақат билим ва касбий кўникмаларни шакллантириши, балки бўлажак ўқитувчиларда маданиятнинг шаклланиши ва ривожланиши учун ҳам шарт-шароитлар яратиши зарур.

2. Билиш қобилияти. Педагог ўз мутахассислиги бўйича чуқур ва пухта билимга эга бўлиши, ўз устида тинимсиз ишлаши лозим. Ўқитувчи ўз фанини ўқув курси ҳажмидагина эмас, балки анча кенг ва чуқурроқ билиши, назарий билимларни амалий мақсадларга татбиқ қила олиши, ўз фани соҳасидаги кашфиётларни мунтазам кузатиш, улардан кераклигини ўқув жараёнига киритиб бориш маъқулдир.

3. Методик қобилият. Педагогнинг методист сифатидаги фаолияти икки қисмдан иборат бўлади. Биринчиси, замонавий педагогик технологияларни пухта эгаллаши, замонавий техник воситалардан унумли фойдаланиши, ўқув жараёнида компьютерлар ва Интернет материалларини қўллай билиши лозим. Иккинчидан, ҳар бир педагог ўқув-услубий адабиётлар яратиш борасида фаолият кўрсатиши керак.

4. Ташкилотчилик фаолият. Ўқитувчи жамият ижтимоий ҳаётида рўй бераётган ўзгаришлар, олиб борилаётган ижтимоий ислоҳатлар моҳиятини чуқур англаб етиши ҳамда бу борада, ўқувчиларга тўғри асосли маълумотларни бера олиши лозим.

5. Тадқиқотчилик қобилияти. Ҳозирги замон фан ва техника тараққиёти ўқитувчининг ижодкор бўлишини, фаннинг муҳим муаммолари юзасидан еркин фикр юрита олишни, ўз фани соҳасида содир бўлаётган янгиликлар билан мунтазам хабардорликни тақоза этади. Бунинг учун илмий изланиш олиб бориб, фан ютуқларини ўқувчиларга етказиш, уларни ижодий фикрлашга, тадқиқот ишларига жалб қила билиш керак [Т.Турғунов: 9].

Олий таълимнинг ҳал қилувчи вазифаларидан бири – юқори натижа берувчи ўқишни таъминлаш ва малакали кадрлар тайёрлашдан иборат. Таълим жараёни талабаларга фақат маълум ҳолдаги тайёр ҳажмдаги билимларни бериш билан чекланиб қолмай, балки асосий бош мақсад – уларда ҳаётий ҳолатларни ҳам таҳлил этиш ва шу асосда улар ўзлари мустақил равишда тўғри хулосалар чиқаришларини сингдиришдан иборатдир.

Ўқитувчи педагогик фаолиятнни ўрганишга бағишланган тажрибалар педагогик маҳоратнинг ривожланиш жараёнини бешта элементдан иборат тизим асосида ўрганиш имкониятини беради:

1. Ўз-ўзини билиш жараёни ўқитувчининг педагогик маҳорати доирасида маълумотларни қайд қилиш даражасида кечади, ўқитувчи педагогик фаолиятида

юзага келаётган турли қийинчиликлар ва муаммоларнинг сабабларини, эришилаётган ютуқ ва натижаларни шунчаки қайд қилиб боради.

2. Ўз-ўзини англаш жараёни ўқитувчининг ўз фаолияти ва унда ўзига ташқаридан қараш, ўзини кузатиш малакасини кўзда тутади. Касбий қийинчиликларнинг келиб чиқиш сабаблари расмийлаштирилади, фаолиятидан кўзланадиган асосий мақсад аниқланади.

3. Ўз-ўзини белгилаш жараёнида бошланғиш даража касбий эҳтиёжларни ҳисобга олиб белгиланади ва жадал имконниятлар асосида фаолият режалаштирилади.

4. Ўз-ўзини ривожлантириш жараёнида ўқитувчининг касбий фаолият давомида такомиллаштирилган педагогик маҳорати ва методларининг ўсиши содир бўлади.

5. Ўз-ўзини назорат қилиш ўқитувчи педагогик фаолияти жараёнида назарий ва Амалий тажрибалар асосида, ўз-ўзини касбий жиҳатдан назорат қилиб, педагогик маҳоратини янада такомиллаштириб боришини назарда тутади [А.Халиков: 10].

Хулоса қилиб айтганда, бўлажак физика ўқитувчиларининг методик тайёргарликларини ривожлантириш, уларни касбий фаолиятга жалб этиш, мазкур жараённи самарали ташкил этиш билан бевосита боғлиқдир. Педагогика олий ўқув юртларида таълим-тарбия ишларининг самарали йўлга қўйилганлиги кўп жиҳатдан бўлажак ўқитувчиларнинг фаоллиги билан белгиланади. Фаоллик бўлажак ўқитувчининг шахсий интилиши, ҳаётдаги мақсад-муддаолари, келажакда қўлга киритиши лозим бўлган етуклик даражасига эришиш йўлида ўз имкониятларидан максимал фойдаланиш учун қиладиган саъй-ҳаракати билан белгиланади. Мазкур жараёнда бўлажак ўқитувчиларда ташаббускорлик, ташкилотчилик қобилияти ҳамда мақсад сари интилиш каби фазилатлар ривожланади.

Адабиётлар

1. Турғунов Т. Педагогик шахс ва унга қўйиладиган талаблар. Халқ таълими. 2011. №1 –Б. 10.

2. Халиков А. Касбий рефлекцияни педагогик фаолиятда ривожлантириш имкониятлари. Педагогика. 2018. №1, -Б. 10.

ИНТЕГРАТИВ ЁНДАШУВ ТУШУНЧАСИНИНГ ШАХС КАМОЛОТИДАГИ АҲАМИЯТИ

Г.Матмуратова – ўқитувчи, Д.Палванова - 4 курс талаба
Нукус ДПИ

Интегратив ёндашув ўқувчиларнинг билимларни чуқурлаштириш ва ошириш, уларни шакллантириш учун қўлланилади. У ҳар хил турлар, усуллар, услублар, фанлараро интеграция яъни узвий асосида амалга оширилади.

Интегратив таълимнинг синфларга бўлиниши натижасида универсал ёки бир неча асосий тизим асосида ўқиш, табиат, расм дафтарларини битта умумий дарсга бирлаштириш демакдир.

Бошланғич таълим тизимидаги табиий фанлар материалларини беришда тўғри кетма-кетликка фақат дарслар тузилишини сақлаб қолибгина эришиш мумкнн.

Мамлакатимизда амалга оширилаётган таълим тизимидаги ислоҳатлар даврида жамият ва атроф-муҳит ўртасидаги алоқаларни уйғунлаштириш, атроф муҳитга жиддий муносабатни ўрнатиш ва шакллантириш масалалари муҳим аҳамият касб этади.

Атроф-муҳитга жиддий муносабатларнинг пойдевори бошланғич синфларда ўргатилади. Шунинг учун узлуксиз таълимнинг натижаси мактаб таълимининг

биринчи босқичига боғлиқ. Бошланғич синф ўқувчиларининг ёш хусусиятларига жавоб берадиган ва дарс талабларига мос келадиган, мақсадни аниқлаш бундай янгиланишнинг асосий масаласидир.

«Интеграция» сўзи лотинча integration-тиклаш, тўлдириш, «integer» бутун сўзидан келиб чиққан.

Иккита тушунчага эгамиз:

1. Тизим организмнинг алоҳида табақалаштирилган қисм ва вазифаларнинг боғлиқлик ҳолатини билдирувчи тушунча ва шу ҳолатга олиб борувчи жараён.

2. Табақалаштириш жараёнлари билан бирга амалга оширилаётган фанларни яқинлаштириш жараёни.

Интеграция илгари бўлинган қисмларни бир бутунга бирлаштириш билан боғлиқ. У тизим элементларининг яхлитлик ва уюшқоқлик даражасининг оширишга олиб келади.

Интеграциялар мобайнида бир-бирига боғлиқлик ҳажми ошади ва тартибга тушади, шу тизим қисмларнинг ишлаши ва ўрганиш объектининг яхлитлиги тартибга солинади.

Таълимни интеграциялашнинг асосий мақсади бошланғич мактабдаёқ табиат ва жамият ҳақида яхши тасаввур асосларини қўйиши ва уларнинг ривожланиши қонунларига ўз муносабатларини шакллантиришдир.

Интегратив ёндашув шахснинг тайёр билимларига, ҳаётий тажрибасига асосланади, таълим-тарбия жараёнининг метод ва усулларининг турли-туман бўлишига олиб келади, турли ўқув предметлари орқали берилаётган бир хил маълумотларнинг қисқаришига сабаб бўлади, болани янги билимларни эгаллашига кетадиган вақтини иқтисод қилади.

Шахсни камол топтиришда интегратив ёндашувнинг мазмун ва моҳияти интегратив билимларни чуқурлаштириш ва кенгайтириш асосида кўргазмали, маҳоратни вужудга келтириш сирларини ўргатади. Кўргазмали таълим системаси турли хилдаги типлар, шакллар, усуллар, объектлар асосида қурилади.

Фойдаланилган адабиётлар рўйхати

1. Баубекова Г.Ж. XIX аср охири ва XX аср бошларидаги Ўзбекистон мутафаккирларининг педагогик мероси ва унинг педагогика фани рифожланишидаги аҳмияти. -Т.: Фан, 1995 й. 110 б.

2. Мавлонова Р.А. Бошланғич таълимнинг интеграциялашган педагогикаси. – Т.: ТДПУ, 2006. – 98 б.

3. Мавлонова Р.А., Рахманқулова Н.Х. Бошланғич таълимда инновация. – Т.: ТДПУ, 2007. – 177 б.

TASHQI MUHITNING ALOHIDA SHAROITLARIDA SPORTCHI ISH QOBILIYATINING FIZIOLOGIK ASOSLARI

G.Q. Utepbergenov, P.J. Mamutov
Nukus davlat pedagogika instituti

Sport musobaqalari va mashk qilish jarayonlari hamma vaqt ham organizm hayot faoliyati uchun qulay sharoitlarda o’tkazilavermaydi. Organizmning hayot faoliyati uchun noqulay bo’lgan sharoit fiziologik jarayonlarni o’zgartirsh bilan birga fiziologiya, funktsiyalarni ham izdan ham izdan chiqaradi. Atrof muhitning xarorati namligi, gaz tarkibi va boshqalar optimal darajada bo’lganida organizm tarkibidagi organ va sistemalar funktsiyasi o’z me’yorida bo’ladi, kishi o’zini yaxshi xis qiladi, ish qobiliyati kutariladi, ishga tez kirish unda charchash kech rivojlanadi ish unumi oshadi. Jismoniy mashq qilish

yoki musobaqa sharoitlari organizmdagi hayotiy jarayonlarni izdan chiqaradigan bo'lsa, yani ichki organlar ishining kuchayishi yoki susayishi, tana xaroratining ortib ketishi va ichki muhiti tarkibida o'zgarish belgilangan chegaradan ortiqcha bo'lsa kishi uzin yomon his qiladi, ishga tez kirisha olmaydi, yosh qobliyati pasayib, tez charchaydi, ish unumi past buladi.

Sportchining ish qobiliyatini pasaytiraligan bunday sharoitlarga tashki muhitining qator omillari kiradi. Masalan, tashqi muhitning yuqori yoki past harorati, yani kuchli issiq va sovuq, atmosfera bosimining kuchli o'zgarishi pasayishi yoki ortishi shamolning tezligi havoning ortiqcha namligi ish bajariladigan joyning relefi, kun chiqish va botish vaqtlarining keskin o'zgarishi (yan bir mintakadan boshqasiga o'tish paytlarida). Bunday ommillar organizmning hayotiy jarayonlari tartibining o'zgartirish bilan birga organizmning holatiga va ish qobiliyatiga ham sezilarli tasir ko'rsatadi.

Hozirgi zamon tasavvuri bo'yicha quyoshga o'z-o'zidan boshqariladigan terioyadroli rektor deb qarash mumkin, unda har soniyada 570 mln. tonna vodorod geliyga aylanadi. Bu jarayon natijasida nihoyatda ko'p nurli energiya hosil bo'lib, uning 0,5 milliard qismi erga etib keladi. Bu energiya ultrabinafsha (kimyoviy nurlar), kurinadigan (erug'lik nurlari) va infraqizil (issiqlik nurlari) nurlardan iborat bo'ladi.

Tashqi muhitning yuqori harorati va quyosh nuri tasirida organizmda yuzaga keladigan jarayonlar yurak-tomir, nafas organlari, ter bezlari ishining kuchayishi moddalar va energiya almashinuvishining o'zgarishi, qon oqimining qayta taqsimlanishi va boshqalar birinchi navbatda badan haroratini saklashga ichki muhiti turg'unligini ushlab turishga qaratilgan bo'ladi.

O'zbekiston iqlimi o'zining keskin o'zgaruvchanligi va ayniqsa, yoz faslida quyosh nurining kuchliligi bilan hamda yuqori harorati bilan kishi organizmda borayotgan hayotiy jarayonlarga ancha kuchli ta'sir ko'rsatadi. Bunday sharoitda yashash. ayniqsa, jismoniy ish bilan shug'ullanish jarayonida organizm sistemalari ishida qator o'zgarishlarning yuzaga kelish mazkur bo'limning muqaddimasida ko'rsatib o'tiladi. Shu sababli bunday sport sohasida yuqori malakali kadrlar tayorlash uchun quyosh nuri va issiqlik yuqori darajada bo'lgan sharoitda organizmda yuzaga keladigan fiziologik jarayonlar mehanizmini chuqur bilish lozimdir.

Yuqori haroratli sharoitda quyosh nuri va issiqlik organizmning hayot faoliyati uchun ancha qiyinchiliklar yaratadi. Sport faoliyatida srortchning ish qobiliyati tez pasayadi, charchash holati rivojlanadi, ish unumi pasayadi. Bunday salbiy oqibatlarning sodir bulishiga asosiy sabab inson badanida normal holda saklanayotgan haroratning baland harorat ta'sirida buzilishi bo'lib, bu buzilish natijasida organizmda fiziologik jarayonlarning o'zgarish bazi holatda esa issiq urishi yuz beradi. Ba'zan hatto o'lim xolatlarini ham kuzatish mumkin. İssiq urganda markaziy asab sistemasining funktsiyasi buziladi, kishi xushini yu'qotadi shuningdek, boshqa fiziologiya o'zgarishlar ham yuzaga keladi.

Ma'lumki, odam tanasining harorati 36-37^{O}C atrofida bo'lganida fiziologiya jarayonlar normal bo'ladi. Tana qaroratining normadan biroz ortishi va fiziologik sistemalar ishining kuchayishga, harakat faolligining tezlashishiga. İsh qobiliyatining ortishga olib keladi. Masalan, razminka mashqlari ta'sirida tana haroratini normadagiga nisbatan 1-01,5ºC ga ortishi, yuqorida ko'rsatilganidek, ijobiy ta'sir ko'rsatadi. Tana haroratining ancha sezilarli ortishi esa, fiziologik buzilishga olib keladi.

Shiddatli muskul ishi yuqori haroratli sharoitlarda bajarilganda, oliy asab faoliyati buziladi, bu holat inson xotirasi va irodasining pasayishida, lanjlik yuzaga kelishida asab jarayonlari muvozanatining, harakat reaktsiyalarining buzilishida va boshqa hollarda

namoyon bo’ladi. Tashqi muhitining yuqori haroratli sharoitida muskullarning shiddatli va uzoq muddatli faoliyatidan keyin po’stloq funktsiyalarining tiklanish davri ancha uzoq davom e’tadi.

Qon aylanish sistemasida yurak urishining tezlashishi va maksimal qon bosimining haddan tashqari ortishi yoki ishgacha bo’lgan darajadan pasayishi yuzaga keladi. Shuningdek, yurak muskulining o’ta kuchlanishini va funktsional imkoniyatning pasayishini kuzatish mukin.

Muskul yuqori haroratli sharoitlardagi faoliyat nafas sistemasida ham qator funutsional o’zgarishlarni yuzaga keltiradi. Nafas olish tezlashadi, o’pka ventilyatsiyasi kuchayadi, bu hol nafas muskullarining ortiqcha kislorod o’zlashtirishi bilan kuzatiladi, buning hisobiga ishlayotgan muskullarning kislorod bilan ta’minlanishi kamayadi. Nafasning tezlashishi, nafas markazi, tonusining ortish natijasida yuzaga keladi.

Muskullarda suya miqdorining kamayishi ish qobiliyatining keskin susayishga olib keladi. Yuqorida haroratli sharoitlarda uzoq vaqt jismoniy ish bilan shug’ullanib suv iste’mol qilish qon plazmasi hajini oshiradi, bu hol ishlayotgan muskullarining ozuqa moddalari bilan taminlanishini, tanadan issiqlik chiqishini kuchaytirish bilan organizmga ijobiy ta’sir ko’rsatadi.

Jismoniy ish aqtida sharbatli ichimlik ichish organizmning karbon suvlar ta’minlashini kuchaytiradi. Bu ayniqsa uzoq muddatli jismoniy ishlarni bajarishda muhim ahamiyatga ega. Chunki uzoq muddatli jismoniy ishlarni bajarishda organizmning energiya manbai bo’lgan jigar va muskullarda glikogen to’plamlarining kamayishi tarkibida glyukoza miqdorining ancha pasayishga olib keladi.

Muskulning yuqori haroratli sharoitlarda ish bajarishida, iste’mol kilinadigan suyuqliklarning tarkibi, miqdori, iste’mol qilish vaqti qabi masalalar muhim ahamiyatga ega bo’ladi. Shularni hisobga olgan holda tu’urli hilda e’ritmalar va maxsus aralashmali suyuqliklar (tuzli suv. Oksil-vitaminli ichimlik, askorbin kislotali suv, choy shuningdek, sabzavot va meva ichimliklar) iste’mol qilinshi tavsiya e’tilgan.

Yuqori haraqatli tashki muhit sharoitida organizmning jismoniy ish qobiliyatining saqlash uchun, prof B.A.Sodikov (2005) ko’k choy ichishni tavsiya etgan. Ko’k choy meda shirasi ajralishini kuchaytiradi, shiradagi kislota miqdorini normal holatda saqlaydi, siydik ajratilishini biroz oshiradi, suv ichishni kamaytirish bilan tashnalikni qondiradi, kishi o’zin yaxshi his e’ta boshlaydi, muskul kuchi oshadi va charchoq sezgisi yo’qoladi.

Yuqori haroratli sharoitda sportchilarning suv-tuz tartibini tekshirish bilan shug’ullangan kishilardan bazilari turli kontsentratsiyada mineral tuzlar saqlagan e’ritmalar berishni tavsiya etadi.

Yuqori haroratli sharoitda bir necha, kun sport mashqlari bilan muntazam shug’llanish organizmda qator fiziologik o’zgarishlarni yuzaga keltirish bilan birga organizmni shu sharoitga moslashishini ham tamilaydi. Yuqori harorat tasirida yuzaga keladigan fiziologik o’zgarishlar ko’pchilik xolatlarda sovuq ta’sirida va beradigan jarayonlarga qarama-qarshi bo’ladi.

ОҚЫЎ-ТРЕНИРОВКАЛЫҚ ПРОЦЕССТИҢ ДҮЗИЛИСИ.

Г.Қ.Утепбергенов, Т.Қ.Искендеров
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Оқыў-тренировкалық процеси өз ишине мына дизбектеги тийкарғы этапларды қамтыйды.

1. Жас спортшыларда оқыў-тренировкалық шуғылланыўларға деген мотивлерди қәлиплестириў. Жас спортшылар билимге, көнликпе ҳәм

қызығыўшылық пенен тренировкаларды ислеўге зәрүрликти сезиў лазым. Оларда мынадай мотивлерди қәлиплестириў керек:

- тиккелей қызықтырыўшы;
- келешекли қызықтырыўшы, бул болажақ спорт искерлигине байланыслы;
- билиў искерлигинде пайда болатуғын интеллектуал мотивлер.

2. Тәрбияланыўшылар алдына ўазыйпаларды қойыў, олар тәрепинен машқала, ўазыйпаларды түсинип алыўды жетилистириў, оқыў-тренировкалық процесин жақсы басқарыў арқалы ҳәр бир ўазыйпа жас спортшылар ушын жеке ўазыйпаға айланыўға ерисиў. Буның ушын жас спортшылар жаңа спорт ўазыйпалары ҳәм билим, көнликпелер дәрежеси арасындағы қарама-қарсылықты түсинип алыўы зәрүр, себеби, олар жаңа билимлерге болған талпыныўшылықты үйрениў арқасында интеллектуал мотивлерди раўажландырады.

3. Тәрбияланыўшылардың билимлик искерлигин, олардың жаңа материалды қабыллап алыўын шөлкемлестириў, жас спортшыларға жаңа материалды үйретиўге кирисиўде ҳәр қыйлы усылларды баслаў мүмкин:

А) тренер жаңа материалды өзи түсиндиреди, ҳәм жас спортшыларға жаңа ҳәрекетлер, шынығыўлар, комбинацияларды ийелеп алыў усыллары ҳәм жолларын ашып береди;

Б) сораў, машқалаларды қойыў арқалы тренер балаларды билимлендириў, спорт ҳәм дөретиўшилик ўазыйпаларды шешиўге қызықтырады;

В) оқыўшылардың өзбетинше билим алыў искерлиги шөлкемлестириледи.

4. Билим алыўды жуўмақлаў ҳәм оларды беккемлеў. Дәслепки беккемлеў жаңа материалды қабыллаў қалайынша өткен болса, сол жобада, машқалаларды шешиўди көзде тутады. Буннан кейинги беккемлеў даўамында жаңа байланысларды жаңа материалларға сәйкеслендирип ямаса жаңа жағдайларға өтиў арқалы киргизиў усыныс етиледи. Жаңа билимлер, шынығыўлар ҳәм қайталаўлар процесинде беккемлениўи мүмкин.

5. Билим, көнликпе ҳәм меңгериўлери қолланыў, бул этап жас спортшылардың өз бетинше искерлигиниң басымлығы менен характерленеди. Тийкарғы формалар: тренировкалар, еки тәреплик ойынлар, жарыслар. Алынған билимлерди тек ғана тренировкаларда емес, ал жарысларда да қоллана билиў үлкен әҳмийетке ийе болады.

6. Жас спортшылардың искерлиги нәтийжелерин тексериў, олар да өзин-өзи баҳалаў, қадағалаў уқыплылықларын раўажландырыў. Қадағалаў ҳәм тексериў процеси – бул қайта байланыс процесии болып, бул процессиз ҳеш бир процессти басқарыў мүмкин емес.

Педагогикалық тәсир жасаўдың нәтийжелиги ең алды менен анаў ямаса мынаў спорт шынығыўларын, техника-тактикалық әмеллердиң системасын балаларға жеткизиўдиң мазмунынан, шөлкемлестириў ҳәм методикаларынан ғәрезли болады. Буна баска педагогикалық процесстиң сапалығына, тренердиң сыртқы көриниси, психологиялық өзгешеликлери, тәжирийбе ҳәм билимлилиги де тәсир жасайды.

Оқыў-тренировкалық процесстиң конкрет мақсетине ылайық, оқытыўдың дидактикалық маңызының барлық компонентлерин билиў, тренер ушын жүдә әҳмийетли болып есапланады. Оқытыў характерине қарай тийкарғы компонентлерге тоқтап өтемиз.

Мотивациялық компонент өз ишине оқыў-тренировкалық этаплардың барлығында жас спортшылардың актив. Тренировкаға кирисиўди тәмийинлейтуғын зәрүрликти, қызығыўшылық, мотивлерди қамтыйды.

Тренердиң тийкарғы ўазыйпасы – мақсетке бағдарланған спорт активлигиниң тийкарғы болған, конкрет спорт уқыплылықларын ийелеп алыўда мотивацияны жас спортшыларда туўдырыў болып есапланады. Тренер спорт пенен шуғылланыўға болған мотивлерди анықлаўы, өспиримлерге дене тәрбиясы ҳәм спорттың маңызын түсиндириўи, жәмийетте тутқан орны, олардың ден саўлықты беккемлеўде, гармониялық раўажланыў қуралы ретинде әҳмийетлилигин айрықша атап өтиўи керек.

Ориентациялық компонент оқыў-тренировкалық искерликтиң мақсети, оның жобаластырылыўы ҳәм болжаўларын оқыўшылар тәрепинен қабыл етилиўин аңлатады. Тренировканың биринши этапларында элементер түсиниклер қәлиплестириледи; кейинирек шуғылланыўшылар шынығыўлар системасын тереңирек үйренгеннен соң, тренердиң актив жәрдемшилерине айланады.

Жетекши билим ҳәм уқыплықлар компоненти. Тренер жас спортшыларды дене тәрбиясы хәм спорт тараўы бойынша арнаўлы билимлер менен қуралландырыў шәрт Бунда спорт таярлығы тараўында бағдарланған педагогикалық тәсир жасаўлар әҳмийетли орынға шығады. Сондай-ақ, тренер оқытыў процессии даўамында жас спортшылардың билиминде әсте-ақырын жылжыў басланғанлығын мудамы ядында сақлаўы зәрүр. Бул өспиримлердиң спорт уқыплықлары раўажланатуғын терең, қурамалы процесс болып есапланады. Соның менен бирге, оқытыў тренер тәрепинен бағдарланатуғынлығын умытпаў керек, ол мудамы жас спортшы алдына спорт ўазыйпаларын қойып барады. Тренер оқытыўдың табыслы өтиўин тәмийинлейди: қойылған мақсетлерге ылайық шуғылланыў мазмунын сәйкеслендиреди, оқыў мазмуны түсиникли болыўы ушын, ҳәр қыйлы методларды пайдаланады. Булардың барлығы тренерден, психикалық процесслерден жақсы билиўди талап етеди.

Энергетикалық компонент – бул оқыўшылардың дыққатын, искерликтиң баслы мақсетин өз әтирапына қаратыўға жәрдемлесетуғын интеллектуал тийкарларының раўажланыўы жас спортшыларда ақыл тереңлиги, кеңлиги, критикалы болыўды аңлатады. Буның ушын спорт тренировкасын тек ғана арнаўлы техникалық ҳәм тактикалық көнликпелерди ийелеп алыў ушын керек деген көз қарастан аўлақ болыў зәрүр. Тренировканың билимлендириў тәрепинен көбирек итибар қаратыў лазым.

Баҳалаўшы компонент – спорт исекрлиги ҳаққында қайта информацияны системалы түрде алып барыў. Мәселен, жарысыўдың жобасын дүзиў:

1. Өз спорт искерлиги ҳаққында мағлыўматлар, жарысыў жобасы сол ўақта дурыс болады, қашан ол талаплар ҳәм мәресимлердиң физикалық таярлық, спорт техникалық ҳәм психикалық искерлик сәйкеслендирилгенде. Тренировка процесинде тәрбияланыўшыны бақлай отырып, сондай-ақ, нәтийжелерин тексере отырып, тренер өспиримниң спортлық жумыс искерлиги ҳаққында анық мағылўматларға ийе болыўы керек.

2. Қарсылас ҳаққында информация. Қарсыластың спецификалық өзгешеликлери, күшли ҳәм әззи тәреплери, оның тактикалық усыллары – булардың барлығын баҳалап алыў лазым. Баҳалаўды болжаў тийкарында емес, ал қарсыластың қатнасыўындағы кейинги жарыслардың анализлерине таянған ҳалда өткериў зәрүр.

3. Жарыслардың сыртқы шәртлери ҳаққында информация. Шөлкемлестириўши мәресимлер оқыў-тренировкалық процесин сондай етип

шөлкемлестириўге бағдарланған, онда жас спортшы жарыслардың спецификалық шараятларына көнлиге алыўы керек.

ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ЛОГИКАЛЫҚ ПИКИРЛЕЎ ҚӘБИЛЕТИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙ ИНФОРМАЦИЯ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎ

Д.Курбанбаева- оқытыўшы, Г.Пайзуллаева - 1-курс студент
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Ҳәзирги шәраятта педагогикалық компьютер дәстүрлери дүньялық көлемде кең тарқалмақта, олардың тийкарғы ўазыйпасы – билимлерди ғәрезсиз тәлим процессинде ийелеўден ибарат. Бул дәстүрлери қурамаластырып, оларға жасалма интеллект қурал ҳәм методларды қолланыў, сондай–ақ ҳәр түрли заманагөй педагогикалық ҳәм информация технологиялардан пайдаланыў, оқыўшылар қәбилетлери ҳәм шахсын раўажландырыў ушын имканиятлар жаратады, жасларды жаңа билим ҳәм көнликпелер менен қуралландырады.

Орта улыўма тәлим мектеплери логикалық тәлиминде заманагөй педагогикалық ҳәм информация технологияларынан пайдаланыўдың нәтийжели жолларын ислеп шығыў, тәлим-тәрбия процесиниң нәтийжелилигин асырыўға имканият береди. Тәлимди компьютерлестириў тәлим методларының иерархияси ҳәм қайта қурылыўын баслап келмекте: тәлимди индивидуаллластырыў ҳәм дифференциаластырыўды күшейтиўдиң тәлимди демократияластырыў талапларынан келип шығыўшы зәрүрлиги, комьютерлер себепли сәйкес жағдайдағы имканиятларының кеңейиўи менен тәмийнленбекте.

«Логикалық элементлер», «Топламлар үстинде әмеллер ҳәм олардың қәсийетлери» темалары бойынша өткерилген электрон сабақ процессин төмендеги формада алып барыўды мақул деп таптық:

Сабақтың 1 – фрагмети. Тема баяны процессинде оқыўшы дәслеп ғәрезсиз ҳалда пикир, пикирлер үстинде логика әмеллери түсиниклериниң тәриплерин ийелейди (комьютер менен қатнасқа кирискен ҳалда, соң бир қанша тест саўалларына жуўап бериў арқалы. Бул сораўлар пикир, пикирлер дизьюнкциясы, коньюнкциясы, импликациясы, эквиваленциясы ҳәмде пикирдиң бийкарланыўы түсиниклерин қәлиплестириўде жәрдем қылыўшы, яғный бағдарлаўшы сораўлар ўазыйпасын өтейди).

2-фрагмент. Ҳәр бир оқыўшыға берилген пикирлердиң ырас ямаса жалған екенлигин анықлаў, соң берилген пикирлер үстинде логикалық әмеллерди орынлаў, пайда болған пикирлердиң ҳақыйқый шамаларын анықлаў тапсырылады. Компьютер жәрдеминде ўазыйпа дурыс ямаса надурыс орынланғанлығы тексериледи. Ўазыйпаны дурыс орынлаған оқыўшы теориялық билимлердиң кейинги бөлегин өзлестириўге өтеди ҳәм надурыс орынланған оқыўшы компьютер жәрдеминде тәрийплерди және бир рет тәкирарлайды.

Әмелий шынығыўларды шөлкемлестириў ҳәм өткериўде, олардың мазмуны ҳаққында оқыўшылар менен сәўбет өткериў, оқыўшылардың логикалық таярлық дәрежесин анықлаў, мәселе ҳәм мысаллар шешиў бойынша олардың теориялық ҳәм әмелий билимлери, логикалық пикирлеў тәжирийбе ҳәм көнликпелерин беккемлейди

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириўи алдындағы әҳмийетли ўазыйпа – жаңа сыпат дәрежесиндеги билимлер менен тәмийенлеў имканиятына ийе, социаллық ислеп шығарыў ҳәм базар қатнасықларының ҳәзирги раўажланыў

басқышына сәйкес келетуғын жоқары нәтийжели ҳәзирги заман мектебин жүзеге шығарыў ўазыйпасы турыпты.

Бул қойылған мәселеге тийкарланып, оқытыўшылар ҳәм оқыўшылар тек ғана илимий билимлер системасы менен қуралланып ғана қалмастан, ал олардың интеллектуал, руўхый, инсанлық ҳәм тәрбиялық сыпатларын хошеметлеген түрде раўажландырыўлары да керек.

Пайдаланылған әдебиятлар дизими

1. Бабанский Ю.К. Проблемы повышения эффективности педагогических исследований. – М., 1982.

2. А.В.Хуторской. Современная дидактика. Питер, 2001.

КИШИ МЕКТЕП ЖАСЫНДАҒЫ БАЛАЛАРДА ҚАБЫЛ ЕТИЎ ПРОЦЕСИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ

Д.Марасулова

НМПИ «Педагогика ҳәм психология» тәлим бағдары 2-курс талабасы

Мәмлекетимиз раўажланыўындағы бир қанша өзгерислердиң бала психологияда үлкен әҳмийетке ийе екенлиги ҳеш кимге сыр емес, себеби ҳәзирги күнде ахборот технологияларының раўажланыўы менен биргеликте инсан шахсының қәлиплесип барыўы да жеделлесип бармақта. Бундай жеделлесиўлер, раўажланыўлар дәўиринде келешегимиз болған балаларымыздың бундай өзгерислерди қабыл етиўин психологиялық тәрептен үйрениўимиз мақсетке муўапық болады. Әсиресе, мектепке барған ўақтынан баслап балалардың билиў процеси раўажланып барады.

Киши мектеп жасы тийкарынан 6-7 жастан 10-11 жас аралығы деп тән алынған болса, бул жаста балалар физикалық ҳәм психикалық жақтан да үлкен өзгерислерге ийе болады. Бул жаста балалар бир дәўирден екинши дәўирге өтиўи менен өзинде мектепке шекемги балалық пенен оқыўшылық өзгешеликлерин жәмлестиреди. Баслаўыш класс оқыўшыларында оқыў бәринен бурын қоршап турған дүньяны тиккелей таныўдың психикалық процесслерин-сезиўдиң ҳәм қабыллаўдың раўажланыўына пәт береди [Давлетшин М.Г:51].

Қабыл етиў дегенимиз затлар ҳәм ҳәдийсе, қубылысларды олардың барлық бөлеклери, қәсийет, өзгешеликлери менен қоса бир пүтин түринде мийде сәўлелендириў иси психикалық процесс болады. Жоқарыда көрип турғанымыздай қабыл етиў сезиўге қарағанда қурамалырақ процесс болып, бунда тек ғана айырым қәсийет, белгилер емес, ал сол қәсийет, белгилерди өзинде жәмлеген бир пүтин предметти, ўақыяны, қубылысларды аңлап, билемиз. Қабыл етиўди сезиўден ажыратып, бөлек алып қараў қыйын, себеби, қабыл етиў сезиўлер арқалы, оның негизинде пайда болады ҳәм ҳәр бир қабыл етиўдеги образда бир неше сезиўлер қатнасады, олар бир-бири менен байланысып бир неше қәсийет, белгилери бар болған пүтин бир предмет ямаса ҳәдийсе-қубылыс образы сәўлеленеди. Мысалы: класс доскасын қабыл еткенимизде оның қара қойыў реңге боялғанлығын, қаттылығын туўры мүйешли формасының, суммасын, бириккен қәсийетлерин емес, ал усы қәсийетлерге ийе болған анық бир нәрсениң, предметтиң образын пайда етемиз. Қабыл еткен ўақтымызда биз тек ғана бир неше сезиў топарын айырып ҳәм оларды пүтин бир образға бириктириў менен шекленбестен ал оларды изертлеп, ойлап, түсинип алыў ушын өзимиздеги бурынғы бир тәжирийбемизди, түсиник, билимлеримизди иске қосамыз, олар арқалы анық емес жерлерин толықтырып билип аламыз, аңлаймыз. Демек, қабыл етиўде тек сезиўлер ғана емес, ал бурынғы

тәжирийбемиз, ядымызда қалғанлар, ой-пикиримиз, сөз-тилимиз, қыял, сезимлеримизде қатнасады[Каримова В: 88].

Киши мектеп жасындағы оқыўшылар тез ҳәм жақсы қабыллаўы, билиўге қызығыўы менен көзге түседи. Бала әтираптағы турмысты оғада қызығыўшылық пенен қабыл етеди, ол баланың көз алдында күн сайын жаңадан-жаңа тәреплерин ашады. Бирақ, биринши класста ҳәм екинши класстың басында қабыллаў жетик емес ҳәм үстиртин болады. Мектепке шекемги жастағы оқыўшылар уқсас объектлерди қабыл еткенде бир-биринен айыра алмай натуўрылықларға ҳәм қәтелерге жол қояды. Гейде жазылыўы ямаса айтылыўы уқсаслаў ҳәриплер менен сөзлерди, уқсас затлардың сүўретлерин ҳәм өзлерин гейде айыра алмайды ҳәм шатастырады.

Киши мектеп жасындағы оқыўшылардың характерли өзгешелиги – қабыллаўдың оғада тәсирлилигинен ибарат. Тиккелей эмоциялық пикир, эмоционаллық мүнәсибетти пайда ететуғын объектлерди, ямаса олардың сыпатларын белгилерин, өзгешеликлерин қабыл етеди. Айқын жанлы, қызықлы нәрсе жақсы анық қабыл етиледи. Бирақ муғаллим шамалы айқын, шамалы қызық, шамалы қызықтырарлы балалардың анық қабыллаўына талпыныўы, буған олардың дыққатын аўдарыўы тийис.

Оқыў процесинде қабыллаў өзгереди, әдеўир жоқары раўажланыў дәрежесине көтериледи, мақсетке бағдарланған ҳәм басқарылатуғын болады. Оқыўдың нәтийжесинде қабыллаў тереңлеседи, әдеўир анализлеўши болады, бақлаў характерине ийе болады. Муғаллим ол ямаса бул объектлерди бақлаў бойынша оқыўшылардың жумысын шөлкемлестиреди, әҳмийетли белгилерин ҳәм сыпатларын анықлаған балаларды үйретеди, неге дыққат аўдарыў кереклигин көрсетеди, қабыллағанда планлар ҳәм системалы анализлеўди үйретеди. Булардың барлығы тәбиятқа экскурсияға шыққанда да мектепте ҳәр қыйлы көргизбели қуралларды көрсеткенде практикалық жумысларды шөлкемлестиргенде сүўрет сабақларында мийнет еткенде де ислеў зәрүр.

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыдағы көрсетилгенлердиң өзи де балаларда еле жүзеге шықпаған мүмкиншилик-резервлердиң көп екенлигин тастыйықлап турыпты. Сонлықтан да, балаларда «бул не?, не ушын?, неге керек?» т.б. Көплеген сораўлардың пайда болыўы, оған жуўап табыўға умтылатуғынынан дерек береди. Буннан шебер пайдаланыў, балада сораў туўдырыў илажларын көбирек қолланыў ҳәм психологиялық методлардан пайдаланған ҳалда оқытыўды енгизиў үлкен раўажландырыўшы әҳмийетке ийе. Булар баслаўыш класста үйретилмесе, кейин кеш болыўы итималы бар, ал үйретилмеген балалар жоқарғы класста бийпәрўа отыратуғын, ҳеш нәрсеге қызықпай, түсинбей, зеригип отыратуғын болып қалыўы мүмкин.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1.Давлетшин М.Г., Дўстмухамедова Ш., Мавлонов М., Туйчиева С. «Ёш даврлари ва педагогик психология», Ўқув методик қўлланма. –Тошкент, 2009. – 51 б.

2.Каримова В. «Психология» А.Қодирий номидаги халқ мероси наширёти Тошкент, 2002. – 88 б

ТРИГОНОМЕТРИЯЛЫҚ ТЕҢСИЗЛИКЛЕРДИ ДӘЛИЛЛЕЎ УСЫЛЛАРЫ

Н.Джумабаев-п.и.к., Е.Отениязов
НМПИ. Математика оқытыў методикасы кафедрасы

Тригонометриялық теңсизликлерди дәлиллеў барысында теңсизликлерди тең күшли алмастырыў ҳәм соның менен бирге, тригонометриялық функциялардың қәсийетлеринен және тригонометрияның тийкарғы формулаларынан пайдаланыў керек болады. Тригонометриялық теңсизликлерди дәлиллеў усыллары улыўма теңсизликлерди дәлиллеў усылларындай болады.

Тригонометриялық теңсизликлерди дәлиллеўди төмендеги мысалларда көрип шығамыз:

1-мысал. α ның қәлеген мәниси ушын $4\sin 3\alpha + 5 \geq 4\cos 2\alpha + 5\sin\alpha$ тең сизлигиниң дурыс болатуғынын дәлиллең.

Дәлиллеў. Бизге $\sin 3\alpha = 3\sin\alpha - 4\sin^3\alpha$ ҳәм $\cos 2\alpha = 1 - 2\sin^2\alpha$ формула лары белгили. Бул формулалардан пайдаланып берилген теңсизликти төмендегише жазамыз:

$$4\sin 3\alpha + 5 \geq 4\cos 2\alpha + 5\sin\alpha \Leftrightarrow 4(3\sin\alpha - 4\sin^3\alpha) + 5 \geq 4(-2\sin^2\alpha) + 5\sin\alpha \Leftrightarrow$$

$$\Leftrightarrow 12\sin\alpha - 16\sin^3\alpha + 5 \geq 4 - 8\sin^2\alpha + 5\sin\alpha \Leftrightarrow 16\sin^3\alpha - 8\sin^2\alpha - 7\sin\alpha - 1 \leq 0,$$

кейинги теңсизликтен $\sin\alpha = y$ деп белгилеймиз ҳәм оны төмендегише түрлендиремиз:

$$16y^3 - 8y^2 - 7y - 1 \leq 0 \Leftrightarrow 16y^3 - 16y^2 + 8y^2 - 8y + y - 1 \leq 0 \Leftrightarrow$$

$$\Leftrightarrow 16y^2(y-1) + 8y(y-1) + (y-1) \leq 0 \Leftrightarrow (y-1)(6y^2 + 8y + 1) \leq 0 \Leftrightarrow$$

$$\Leftrightarrow (y-1)(4y+1)^2 \leq 0$$

Бул теңсизликтен $16y^3 - 8y^2 - 7y - 1 \leq 0$ теңсизлигиниң яғный $16\sin^3\alpha - 8\sin^2\alpha - 7\sin\alpha - 1 \leq 0$ теңсизлигиниң дурыс болатуғыны келип шығады. Демек, берилген теңсизлик дурыс.

2-мысал. $(tg^2\alpha - 1)(ctg^2\alpha - 1)(tg3\alpha\, tg2\alpha - 1) \leq -1$ теңсизлигин дәлиллең.

Дәлиллеў. Берилген теңсизликтиң шеп жағындағы ҳәр бир көбейиўшини өз алдына төмендегише түрлендиремиз:

$$1).\ ctg^2\alpha - 1 = \frac{\cos^2\alpha}{\sin^2\alpha} - 1 = \frac{\cos^2\alpha - \sin^2\alpha}{\sin^2\alpha} = \frac{\cos 2\alpha}{\sin^2\alpha};$$

$$2).3ctg^2\alpha - 1 = \frac{3\cos^2\alpha}{\sin^2\alpha} - 1 = \frac{3\cos^2\alpha - \sin^2\alpha}{\sin^2\alpha} = \frac{(3 - 4\sin^2\alpha)\cdot\sin\alpha}{\sin^3\alpha} =$$

$$= \frac{3\sin\alpha - 4\sin^3\alpha}{\sin^3\alpha} = \frac{\sin 3\alpha}{\sin^3\alpha};$$

$$3).\ ctg3\alpha \cdot tg2\alpha - 1 = \frac{\cos 3\alpha \sin 2\alpha - \sin 3\alpha \cos 2\alpha}{\sin 3\alpha \cos 2\alpha} = -\frac{\sin\alpha}{\sin 3\alpha \cos 2\alpha};$$

3. Холодов, Ж.К. Теория и методика физического воспитания и спорта: учеб. пособие для студ. вузов. - 6-е изд., стер.. – М.: Академия, 2008. – 479 с. ч.з.Н2(2)

4. Чермит, К.Д. Теория и методика физической культуры. Опорные схемы: учеб. пособие для студ. вузов, обуч. по спец. 033100 - "Физ. культура". – М.: Сов. спорт, 2005. – 270 с.: схемы. ч.з.Н2(1)

БАСЛАЎЫШ КЛАССЛАРДА ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ҲӘРЕКЕТ САПАЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ГИМНАСТИКАНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

Қ.Балмуратов, А.Бекназаров, А.Даулетбаев
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Мектепте дене тәрбия түрли қураллар жәрдеминде әмелге асырылады. Булардың ишинде гимнастиканың орны айрықша болып ажыралып турады. Баслаўыш класс оқыўшыларың физиқалық сыпатларын, қозғалыс ис ҳәрекетлерин раўажландырыўда гимнастиканың тутқан орны жүдә әҳмийетли. Гимнастика ҳәмме жастағы топар балалары дене тәрбиясының ҳәмме ўақытта ҳәм ең тийкарғы, жақсы нәтийже бериўши қуралы болып қалады.

Әлбетте, биз ҳәр дайым оқыўшылардың қозғалыс ис-ҳәрекетин раўажландырыўда, физиқалық сыпатларын тәрбиялаўда тийкарғы қағыйдаларды ҳәм принциплерди умытпаўымыз керек.

Оқыўшыларды қандай да бир қозғалыс ис-ҳәрекетке үйреткенимизде, биринширен оқыўшылардың жас өзгешелиги, физиологиясы, психологиялық жағдайларын есапқа алған жағдайда жақсы метод таңлап алыўымыз керек.

Әлбетте, баслаўыш класс оқыўшыларына қойылатуғын талап, олардан бирден қыйын шынығыўларды талап етпеў, әпиўайы шынығыўлардан қыйын координациялық шынығыўларға әсте ақырынлық пенен өтиў. Оларды фазаларға бөлип үйретип, жуўмақлаў процесинде комплексли түрде өтиў.

Ҳәмме ўақытта баслаўыш класс оқыўшыларын да биринширен қозғалыс ис-ҳәрекет ҳаққындағы түсиникти пайда етиў керек. 1-3 класс оқыўшылары тийкарынан сапқа турыў, рапорт бериў, шынығыўлардың атамалары, сабақ

процессинде ҳәрекетли миллий ойынларын пайдаланыў. Көбирек ойын усылларын пайдаланыў керек себеби (монотонный) бир тақылеттеги шынығыўлар баслаўыш класс оқыўшыларын жалықтырып жибереди. Гимнастикалық шынығыўлардың арсеналы жүдә көп. Соның ишинен биз ең тәсийри күшли, сыртқы көриниси жағынан сулыў комбинацияларға ийе ҳәм олардың физиологиялық талапларына сай болыўы керек.

Баслаўыш класс оқыўшыларында физикалық аўырмашлықларға болған талап күшли.

Баслаўыш класс дәўиринде бизлер оқыўшылардың санасында басланғыш түсиник яғный фундаментин саламыз.

Оқыўшылардағы ҳәрекетлендириўши анализаторлар бир неше жыллар даўамында жетилиседи.

7-14 жасынан баслап ҳәрекетлендириўши анализатор актив раўажлана баслайды. 13-14 жасларға келип, ол жоқары дәрежеге ериседи. Жақсы нәтийжелерге, жетискенликлерге ерисиў ушын бизге тәсир етиўши факторлар көп. Солардың бири, бизди қоршап турған айлана тәсири астында болатуғын ҳәм ҳәрекетлендириўши активлик тәртиби менен байланыслы болған балалар ҳәм өспиримлердеги ҳәрекетлендириўши ўазыйпаны системаластырыўда биологиялық факторларға итибар берилиўи лазым.

Акселерация-дене бойы буўынларының тез пәт пенен өсиўи. Ҳәрекетлендириўши ўазыйпаның дүзилиси ҳәм оның раўажланыўы педагогикалық фактордың тийкарғы белгилерин анықлаў жолы менен әмелге асырыў мүмкин.

Педагогикалық факторлардың биринши белгиси ҳәрекетлендириўши ҳәрекетлерге үйретиў болып есапланады. Оқыўшыларды тийкарғы гимнастиканың ҳәр түрли шынығыўларына үйретиў ҳәрекетлендириўши ўазыйпаның системаласыўына жәрдем береди.

Екинши белги-физикалық жағдайларының раўажланыў дәрежеси. Оқыўшыларда 7-10 жасларында тезлик, ийкемлилик ҳәм шаққанлық, 11-13 жасында тезликтиң күши, 15-16 жасларында күш ҳәм шыдамлылыққа итибар берген ҳалда бирден параллел тәрбиялаў керек. Ҳәрекетлендириўши ўазыйпаны системаластырыўдағы үшинши белги (ең керекли, әҳмийетли қәбилетке үйретиў, кеңисликте ўақыт ҳәм булшық ет ҳәрекетлери дәрежесине қарағанда, ҳәрекетлерге анық баҳа бериў болып есапланады. Ҳәрекетлендириўши анализатор активлигин тек дене тәрбиясы шынығыўлары арқалы арнаўлы үйретиўде жетилистириў мүмкин. Бундай қәбилетлерди тәрбиялаў ушын дене қысымлары менен әпиўайы ҳәм қыйын ҳәрекетлерди жүриў, жуўырыў, секириў, асылыў ҳәм таяныў шынығыўлары, жоқарыға шығыў ислетиледи.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Абдуллаева А., Хонкелдиев Ш. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., Өз ДЖТИ, 2005 жыл – 300 б.

2. Ливицкий А.Н. «Мактабгача ёшдаги болаларни жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., 1995 жыл – 500 б.

3. Саломов Р.С. «Спорт машғулотнинг назарий асослари» - Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жи’л – 238 б.

4. Маҳкамджанов К.М. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., «Иқтисод-молия» 2008 жыл – 300 б.

5. Гоншарова О.Б. «Ёш спортшиларнинг жисмоний қобилиятларини ривожлантириш» Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жыл – 171 б.

ЖАС ӨСПИРИМЛЕРДЫҢ ФИЗИКАЛЫҚ АКТИВЛИЛИГИ

А.Жумабаева - 2-курс студент
НМПИ Дене мәденияты факултети

11-14 жас аралығы мектеп оқыўшысының физикалық мәдениятының тиклеўдиң ең әҳмийетли дәўири. Бул социаллық, биологиялық жақтан раўажланыў дәўири болып есапланады, себеби усы дәўирдеги оқыўшылардың физиологиялық жақтан раўажланыўы менен бир қатарда руўхый инсаныйлық сезимлери қәиплеседи. Ҳәрекет ҳәм спорттың бир түри бойынша шуғылланыўға қызығыўшылығы артады. Жас өспирим психикасында үлкен өзгерислер жүз береди. Оның санасының, пикирлеў процесиниң раўажланыўы, абстракциялаўға уқыплығының жоқарылаўы жүдә айқын көринеди.

Екинши сигнал системасы тез раўажланады. Жаңа уқыплар ҳәм қозғалыс ис ҳәрекетлерди дөретиўде оның әҳмийети жоқарылайды. Гимнастикалық шынығыўға үйреткенде теориялық усыллардан пайдаланыў, түсиндириў жумысларын пухта алып барыў керек.

Жас өспиримлерде жеделлесиў процеси раўажланыўы менен биргеликте тормозланыў (иркиниў) процесслери де күшейеди. Бул жерде бас мийдиң үлкен ярым шары қабығының иркиў хызмети тәсири күшейеди, сезимлер үстинен қадағалаў дәрежеси өседи. Бирақ, жас өспирим анаў ямаса мынаў ҳәрекетлерди сапалы иркиў уқыбын ийелегени менен оның сыртқы тәсирлерге тәсиршеңлик дәрежеси үлкейип, тең салмақсызлық ҳалына өтиў байқалады. Буның бәри оның минез-қулқының болжап болмас тез өзгериўлери арқалы көринип, тәрбияшылар, ата-аналар ҳәм басқа ересек адамлар менен шийеленискен қатнаслар жасаўға мәжбүрлейди. Мине сонлықтан жас өспиримлер я «жүдә жақсы», я «жүдә жаман» болып, басқа адамлар ушын да усылай болып көринеди. Биз 11-14 жас балалар психологиясына жетерли дәрежеде кеўил бөлиўимиз керек. Муғаллим балалар психикасын қанша жақсы терең билсе, соншелли басқарыў аңсат ҳәм эффектли болады. Бир жағынан дене шынығыўлары арқалы баланың өз абыройын көтериўге умтылыўын хошаметлесе, екинши жағынан усы жастағы балалардың ден саўлығының жоқары дәрежеде раўажланыўы менен бир қатарда оларда ишки дүнья сезимлери тәрбияланады.

Жас өспиримлерди физикалық жақтан тәрбиялаўда физиологиялық өзгешеликлерин есапқа алыў керек. Тирек-ҳәрекет аппаратының қурамы ҳәм қурылысы, нерв ҳәм булшық ет системасына тәсир жасайды. Мысалы, шектен тыс физикалық жүклемелер қатайыў процесиниң тезлениўин домалақ сүйеклердиң узынлыққа өсиўин пәсейтеди, бул өз гезегинде бала денесиниң ҳәр қыйлы буўынларының тең салмақта өсиўине тосқынлық жасайды.

Ҳәр түрли органлардың ҳәм системалардың унамсыз өсиўи, егер жас өспиримлердиң физикалық жақтан өсиўин қатаң түрде қадағаланбаса жағымсыз нәтийжелерге алып келеди, арқа ҳәм қарын булшық етлериниң беккемлениўин тәмийин ете алмайды. Күшли ҳәм бир қәлиптеги тәсирден жас өспиримде шектен тыс иркилиў кескин байқалады.

Сонлықтан, орта мектеп жасындағы балалар менен шыдамлылықты анықлаўға байланыслы шынығыўлар өткергенде усыларды еске алып, бала дыққатын бир шынығыўдан екинши шынығыўға тез аўдарып, жүклемелер түрин көбейтип, шуғылланыўдың ойын түрин (формасын) пайдаланған мақсетке муўапық болады.

Бул жаста баланың улыўма физикалық сыпатлары болған тезлик ҳәм тезлик-күш уқыплары жоқарылайды. Бунда унамлы сыпатлардың раўажланыўының

тийкары тезлик болып есапланады. Оқыўшылардың улыўма физикалық раўажланыўының қәиплесиўинде тезлик ҳәм күш-тезлиги шешиўши әҳмийетке ийе екенин илимий изертлеўлер менен дәлийленген.

Күнделикли «күн тәртиби» физикалық раўажланыўда ең әҳмийетли роль ойнайды.

11-14 жасар балалар ушын ҳәрекет хызметин раўажландырыў оның айырмашылықларына сәйкес болып, соған уқсас ҳәм сай болған шынығыўлардан пайдаланыўдан ибарат. Бул бағдарда спорт үскенелерин (снарядларын) таңлаў әҳмийетли. Тез ҳәрекет жасаўға кесент бериўши аўыр жүклемелер қадаған етиледи. Тез жуўырыў, секириў, жеңил снарядларды ылақтырыў, гимнастикалық шынығыўлар. Соның ишинде гантель менен орынлаўшы гимнастикалық шынығыўлар, велосипед, жүзиў бассейнлеринде, көплеген ҳәрекетли ҳәм спорт ойынлары, уқыплылық, сезгирлик (реакция) тезлигин, тез ҳәрекет ҳәм қозғалыўды талап етиўши шынығыўлар болып, мине усылардың бәри жас өспиримге күш тезлик қәсийетлерин раўажландырыўдың қуралы болып есапланады.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Гоншарова О.Б. «Ёш спортшиларнинг жисмоний қобилиятларини ривожлантириш» Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жыл – 171 б...

2. Ливицкий А.Н. «Мактабгача ёшдаги болаларни жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., 1995 жыл – 500 б.

КҮШ САПАЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНА БАҒДАРЛАНҒАН ЖҮКЛЕМЕЛЕРДИҢ НОРМАЛАСТЫРЫЛЫЎЫ

Қ.Балмуратов, А.Ережепов, П.Мамутов
НМПИ оқытыўшылары

Күш сапалары өз ишине максимал күшти, күш шыдамлылығы динамикалық ҳәм статикалық ҳәм атлығыў күшлерин қамтыйды. Бул күш сапаларын төмендегилер бириктиреди: улыўма физиологиялық механизм нерв, булшық ет қурылысы ҳәм хызмет атқарыўшы аппарат ҳәм энергия азық аўқатлар механизми, қозғалыўшы ҳәрекеттиң улыўма механикалық сыпатламалары, олар жумыстың салыстырмалы үлкен қуўатлылығында сәўлеленеди, улыўма адам ушын ямаса ҳәрекеттеги бөлек қатнасыўшы булшық ет группалары ушын ҳәм күш жүклемелерин шынықтырыўшы ҳәрекетлериниң салыстырмалы түрдеги барлық усы сапларға өтиўи, яғный мәселен, көбинесе атлығыў күшине бағдарланған жүклеме максимал күшке де, күш шыдамлылығына да шыдамлылық күшине де тәсир етеди.

Максимал күштиң раўажланыўына ҳәм динамикалық күш шыдамлылығына бағдарланған жүклемелердиң нормаластырылыўы.

Максимал күшти көбинесе ең үлкен ҳәм соған жақын қарсылығы бар жүклемелер раўажландырады яғный оларды 1-3 мәрте тәкирарлаўға болатуғын жүклемелер максималға ерисиўге болатуғын күш салыўдың 95-100 % болып табылады. Сондай-ақ, ең жоқарығы қарсылығы бар. Сонлықтан максимал күшке жүклемениң бағдарланыўы қарсылықтың күш салыўдың муғдары менен анықланады. Қарсылық қаншелли аз болса, соған сәйкес, соншелли шынығыў қайталаныўы мүмкин. Соншелли максимал күшке тәсир аз болады ҳәм күш шыдамлылығына тәсир көбейеди.

Максимал қарсылықтың 25 МК-дан артық 50 % тен кемирек қарсылығы бар шынығыўлар ҳақыйқатында максимал күшке тәсир етпейди.

Спортта ең көп қарсылығы бар 1-3 МК максимал күштиң раўажланыўына бағдарланған жүклемелер көбинесе аўыр атлетикада, гүресте, акробатикада қолланылады. Спорттың басқа түрлеринде әдетте қарсылығы аз болған шынығыўлар пайдаланылады.

Күш шыдамлылығын деп шама менен 4-20 МК ямаса шәртли муғдарларда максимумнан 50-80 % ке ийе болған салыстырмалы көплеген қарсылықларды қайтадан жеңиўди қоллап-қуўатлаў уқыплылығы түсиниледи. Күш шыдамлылығы ҳәр қыйлы муғдардағы қарсылықлар ушын өз алдына болады. Мәселен, 30 % қарсылықта күш шыдамлылығының тренировкасы максималдан 80 % қарсылығы бар күш шыдамлылығына аз тәсир етеди. Динамикалық күш шыдамлылығының тренировкасы статиқалық күш шыдамлылығына салыстырмалы аз ғана тәсир етеди ҳәм керисинше. Сонлықтан күш шыдамлылығына жүклемениң сыпатламасы ўақтында күш ҳәрекетлериниң тәкирарлаў максимумы ямаса максимал қарсылыққа қарағанда қарсылықтың муғдарын өлшемин ҳәм оның изотоникалық ямаса изометрикалық режимин тәртибин көрсетиў керек.

Мектеп оқыўшыларының физикалық тәрбиясында, әсиресе киши ҳәм орта жаста, көбинесе максимал күшке ең жоқары ҳәм соған жақын қарсылық пенен бағдарланған жүклемелер мақсетке муўапық емес, себеби, дененің склетин қыйсайтыўы мүмкин, узын сүйеклериндеги шемиршектиң өсетуғын зоналарының ўақтынан бурын қатып қалыўына алып келиўи мүмкин ҳәм соның менен бир қатарда бой өсиўди, иркиўи мүмкин, булшық етлерди, сиңирлерди буўынларды майып етиўи мүмкин. Оннан тысқары, ең жоқары қарсылықлары бар, шынығыўлар салыстырмалы қарағанда ўақытта көбирек өткерилиўи талап етеди, себеби аз қарсылығы бар шынығыўларға салыстырғанда дем алыстың көбирек даўам еткен интерваллырын талап етеди, ал бул болса дене тәрбия сабағында оларды орынлаўда қыйыншылық туўдырады.

Оқыўшылар ушын қарсылықтың ең пайдалы муғдары максимумнан 8-12 МК 75-85 %. Бундай қарсылығы бар шынығыўларды орынлаўда максимал күшке де, сондай ақ күш шыдамлылығына да тәсир сәўлеленеди. Сериялар арасындағы интерваллар ең көп қарсылықларға салыстырғанда оғада көп қысқарады, ал бул улыўма алғанда бир сериялардағы шынығыўлардың ҳәм дем алыс интерваллырының аз ўақыт ишинде өтиўи жүклемениң нормасын орынлаўға салыстырмалы түрде аз ўақыт сарпланыўын талап етеди.

Солай етип, оқыўшылар ушын интенсивлик ҳәм көлем параметрлери бойынша динамикалық күш шыдамлылығына ҳәм максимал күшке параллел бағдарланған жүклемелердиң муғдарын нормаластырыў көрсетиледи. Бул жүклемелердиң интенсивлиги үш параметр менен сыпатланады:

Пайдаланған әдебиятлар

1. Абдуллаева А., Хонкелдиев Ш. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., Өз ДЖТИ, 2005 жыл – 300 б.

2. Ливицкий А.Н. «Мактабгача ёшдаги болаларни жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., 1995 жыл – 500 б.

3. Саломов Р.С. «Спорт машғулотнинг назарий асослари» - Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жи’л – 238 б.

4. Маҳкамджанов К.М. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., «Иқтисод-молия» 2008 жыл – 300 б.

5. Гоншарова О.Б. «Ёш спортшиларнинг жисмоний қобилиятларини ривожлантириш» Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жыл – 171 б.

ЖӘМӘӘТ - ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ САЛАМАТЛЫЛЫҚТЫ БЕККЕМЛЕЎШИ ФАКТОР СЫПАТЫНДА

А.Ибраймова
НМПИ Педагогика ҳәм психология» кафедрасы

Психологиялық саламатлылық машқаласы ҳәмийше инсаният алдында турған ең актуаль машқалалардан бири болып келген. Инсанның ҳәр тәреплен социаллық раўажланыўы, шахс сыпатындағы активлиги ҳәм өз-өзин раўажландырып барыўы көп тәреплен усы процесске байланыслы. Биринши Президентимиз "Ҳәр қандай шахс өспиримлик дәўиринде-ақ, енди ер жетип киятырған дәўирде жәмийетте мүнәсип орнын табыў керек. Болмаса, бул нәрсе кеўилсизликлерге, айырым ўақытларда болса аўыр ақыбетлерге, ҳәтте социаллық қорқынышқа да себеп болады. Жас жигит-қызлардың ишинде, турмыста, шаңарақ ҳәм жәмәәт арасында өз орнын таба алмаслық жағдайлары олардың жәмийетте өз қәдирин жоғалтыўға алып келеди. Өз қәдирине, өз абырайына ийе болмаған инсан өмирде көп-көп тосықларға дус келеди, қарарсыз ҳәм жаман тәсирлерге бериледи, оның шахс сыпатындағы жемирилиўи тез кешеди"-деген еди. Сондай-ақ, Абу Али ибн Синоның «Тиб Қонунлари» китабында саламатлылықты сақлаў ушын 6 нәрсеге итибар қаратады. Жақтылық ҳәм ҳаўа, аўқат ҳәм суў, ҳәрекет ҳәм тынышлық, уйқы ҳәм тетиклик, зат алмасыў, сезимлер. Ибн Сино көрсеткен бул нәрселер ҳәзирги күнге шекем саламатлық ушын өзиниң әҳмийетин жоғалтқаны жоқ.

Бүгинги күнде саламатлылық бойынша саналы мүнәсибетти тәрбиялаў тәлим ҳәм тәрбияның тийкарғы қурам бөлимлеринен бири болып, пүткил жәмийеттиң ҳәм ҳәр бир шахстың ҳәрекетин талап етеди. Бундай ҳәрекетлердиң мақсети халық саламатлылығын үзликсиз беккемлеўден ибарат. Инсан саламатлығын беккемлеўде мийнет жәмәәтлериниң орны айырықша. Мийнет шахслар аралық мүнәсибетлердиң раўажланыўы ушын тийкар болып есапланады. Ҳәр бир инсан өз қәбилетин раўажландырыў имканиятына ийе. Жәмәәт буның ушын ең жақсы шараятларды жаратады, себеби қәбилетлерди раўажландырыў ушын көплеген мийнет етиў, тәрбия ҳәм өзин-өзи тәрбиялаў, күшли ерк зәрүр. Мине, усындай жәмәәтте шахс ҳәм жәмәәт ортасындағы бирлесиўге ерисиледи. Унамлы психологиялық шараят жаратылмаған жәмәәтте инсанлар өзлерин жаман сезинеди. Рус алымлары жәмәәттеги микрошараят ҳәм кеселлик ортасындағы байланысты орнатыў ушын социологиялық изертлеўлер өткерген: жәмәәттеги тәрбиялық шараят қаншелли жақсы болса, оның ағзалары соншелли кем кеселленеди екен. Бул болса әййемги Цицерон айтқан: «адамлар ортасындағы дослық саламатлықты сақлаў шәртлеринен бири сыпатында қаралыўы лазым»,- деген пикирди және бир мәртебе тастыйықлады.

Шахстың раўажланыўында, оның психикалық ҳәм физикалық саламатлылығын беккемлеў ушын социаллық орталық пенен бирге дөгерек-әтираптың гөззаллығын қабыл етиўи де әҳмийетли. Шахстың театрларға, сүўретлер галереясына, концертлерге кирип турыўы ондағы естетикалық сезимлерди қәлиплестиреди. Сондай-ақ, инсанның ерк күши де саламатлықты сақлаў ҳәм беккемлеўде де әҳмийетли орын ийелейди. Бирақ, саламат турмыс тәризи ушын гүресте еркке жетерлише итибар берилмейди. Турмыста көплеген қыйыншылықлар ушырайды, оларды жеңиў ушын инсан жетерли билимге, күшли еркке ийе болыўы лазим. Ҳәр қандай қыйыншылықларды жеңиў өзин жеңиўди аңлатады, қыйыншылықларды жеңген инсан қуўаныш ҳәм мақтаныш сезимин бастан

кеширеди. Буның ушын инсан өзине ең жоқары талапларды қойыўы, яғный мақсетке умтылыўшаңлық, тәртиплилик ҳәм басқаларды тәрбиялаўы лазым.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Куликов Л.В. Психогигиена личности: вопросы психологической устойчивости и психопрофилактики. Учеб. Пос.СПб: Питер 2004

2. Нишонова З.Т., Камилова Н.Ғ.. Алимова Г.Қ., Психогигиена ўқув қўлланма Т.: 2007

3. Й. Машарипов “Спорт психологияси” Ўзбекистон файласуфлар миллий жамияти. “Ўзбекистон”-2010

4. Каримова В.М., Акрамова Ф. Психология Т 2000

ÓSPIRIMLERDE AGRESSIV MINEZ-QULIQTIŃ RAWAJLANIWI

A.Konratbaeva

NMPI Pedagogika hám psixologiya qániygeligi 1-kurs magistrantı

Búgingi kúnde agressiv minezli balalar sanı artip baratırǵanlıǵı psixologiyada aktual mashqalalar qatarınan orın iyelewine sebep bolmaqta. Balalarda agressiv is-háreketlerdiń júzege keliwi quramalı hám kóp qırlı process bolıp, oǵan kóp ǵana faktorlar óz tásirin ótkeredi.

Ilimniń anıqlaması boyınsha, agressiya - adamlarg’a, adamlar toparına qarata fizikalıq yamasa ruwhıy zıyan jetkiziwge qaratılg’an is-ha’reket... [Р.В.Бисалиев, А.С.Кубекова, Т.Т.Сарафрази:591];

Óspirimlerde agressivlik ha`r qıylı sebeplerge baylanıslı boladı. Bul sebepler tiykarınan, ata-analardın` balaların «óz dosları menen til tabısıp kete almaydı», «basqa balalar menen oynay almaydı» sıyaqlı rawajlanıwdaǵı ayırım ózgerisler barlıǵın kórsetedi. Balanın` urısqaqlıǵı sebepleri onın` psixikası ha`m shaxsının` tómendegi faktorlarına baylanıslı bolıwı mu`mkin:

- qarım-qatnas uqıbının` joqlıǵı;
- qarım-qatnas jaǵdayında ózin adekvat bahalawı;
- a`tiraptaǵılarǵa joqarı talaplar;
- emocional mu`na`sibettin` joqlıǵı;
- qarım-qatnasqa tosqınlıq qılıwshı ustanovkalar, mısal ushın sa`wbetlesin kemsitiw sıyaqlı, ózinin` u`stemligin kórsetiwi. Bul qatnastı óz ornında ba`sekige aylandıradı.

Bala qaysı sebep orın alıwına kóre, ózi menen ten` jastaǵılar ózinin` qatarınan onı «shıǵarıp taslaǵanda» yaki ózi passiv boysınadı, yaki ózi ashıw menen doslarınan keyinirek ósh alıw qálewi menen ketedi

Bala agressiv is-háreket úlgilerin tómendegi 3 tiykarǵı derekke tayanıp toplaydı:

❖ **Salamat emes shańaraq ortalıǵı**– ayırım shańaraqlarda ata-ana menen perzent ortasındaǵı múnásibettiń unamli psixologiyaliq ortalıqta emesligi, perzentler ortasındaǵı kelispewshilikler, shańaraqtaǵı konfliktler, shańaraqta birliktiń joqlıǵı balalarda agressiv minez-qulıqtıń qáliplesiwine alıp keledi. Balalardaǵı agressivliktiń payda boliwı shańaraq ortalıǵınıń tásir dárejesine baylanıslı esaplanadı.

❖ ***Teńlesler toparı*** - balalar shańaraqtan tısqarida óz te’nlesleri menen bolǵan múnásibette de agressiv is-háreketlerdi ózlerine sińdiredi. Kópshilik jaǵdaylarda balalar teńles doslarınıń is-háreketlerin baqlaǵan halda ózlerin agressiv tutıwǵa urınadı. Hádden tısqarı agressiv balalar bolsa óz teńlesleri arasınan sıǵıp

shıǵarıladı. Bunday balalar ózin qorlanǵanday sezip, ózi sıyaqlı agressiv balalar toparınan orın tabadı. Bul bolsa mashqala ústine mashqala tuwdırmastan qalmaydı.

❖ ***Ġalaba-xabar quralları*** - búgingi kúnde balalardıń agressivligin kúsheyttiriwge tásir etip atırǵan eń kúshli qural sanaladi. Sol orında ġalaba-xabar quralları arqalı berilip atırǵan túrli urıs, hár qıylı ziyan jetkiziwshi qurallar sáwlelengen filmler, kórsetiwler balalarda agressiv ózgesheliklerdiń quram tabıwına tásir etip atır. [N.Ismoilova, D.Abdullaeva: 145-146];

Bul haqqında internettiń tásiri de ayriqsha. Balalar internet arqalı óziniń jas hám psixologiyalıq ózgesheligine say kelmeytuǵın maǵliwmatlar menen tanıspaqta, agressiyanı kórsetiwshi hám qáliplestiriwshi hár qıylı oyınlardı oynaw arqalı ózleriniń sana astı tarawında agressiv minez-qulıqtıń qáliplesiwine sebep bolmaqta.

PAYDALANILĠAN ÁDEBIYATLAR:

1.Ismoilova N Abdullaeva D "Ijtimoiy psixologiya" T-2015, B- 145-146

2.Бисалиев Р.В Кубекова А.С, Сарафрази Т.Т"Психологические аспекти агрессии и агрессивного поведения: современное состояние проблемы, науки и образования. – 2014. – №2. – с. 591

OQIWSHILARDIŃ AQILIY RAWAJLANIWIN DIAGNOSTIKALAW MASHQALARI

A.Nauruzbaeva - p.i.k., docent
NMPI pedagogika kafedrası

Pedagogikada hár qıylı jas dáwirinde shaxstıń ózgeshilikterin hám psixikalıq rawajlanıw dárejesin anıqlaw ushın túrli eksperemental pedagogikalıq metodlardan paydalanıladı.

Pedagogikalıq izertlewlerde paydalanılǵan metodikalar hár qıylı xızmet processinde shaxstıń pedagogikalıq ózgesheliklerinińkóriniwin anıqlawdan ibarat.

Balalar pedagogikasında eksperemental metodikalardı islep shıǵıw hám sınaqtan ótkeriw-psixologlar hám pedagoglardıń tiykarǵı waziypası. Eksperemental wazıypalar jıyındısı balanıń psixikalıq rawajlanıwınıń aqıl dárejesin onıń mektepte oqıwǵa yamasa basqa da xızmetke tayarlıǵın anıqlawǵa arnalǵan. Máselen, mektepte oqıwǵa tayarlıqtı bildiriwshi belgiler: psixikalıq proceslerdiń erkinligi, aqıliy is qabiletiniń jeterlishe dawamiylıǵı, jańa bilim hám kónlikpelerdiń maqsetke baǵdarlanǵan tárizde ózlestiriw múmkinshiligi, bir nárseni biliwge qızıǵıwdıń barlıǵı, dógerek átiraptaǵı waqiya hám hádiyselerdi ajırata biliw hám uliwmalastıra biliw, pikirley biliwi.

Joqarıda kórsetilgen belgilerdiń bar ekenligi pedagoglar tárepinen tárbiya processinde tu'rli didaktikalıq hám xabarshı usıllar járdeminde ámelge asırıladı. Eksperemental izertlew sharayatında joqarıdag'ı belgilerdiń bar ekenligi sózli, predmetli hám psixometrik metodikalar járdeminde orınlanadı. Har bir konkret jaǵdayda alınǵan maǵlıwmatlardı sıpatlı analiz qılıw hám olardı basqa metodlardan alınǵan nátiyjeler menen baylanısıw záru'r boladı.

Pedagogikalıq diagnostikada metodikanıń jemisligi eń áhmiyetlisi bolıp esaplanadı. A'piwayı qılıp aytqanda bul tu'sinik testte alıǵan nátiyje qanshelli tuwrı ekenligin kórsetedi. Hár qanday metodikanıń testtiń isenimligin u'yrenilip atırǵan pedagogikalıq qásiyetlerdiń olardıń sáwleleniwi jaǵınan tuwrı qollanıwdı xarakterleytuǵın maǵlıwmatlar jıyındısı sıpatında qaraw tiyis.

Usınday etip maqsetke muwapıq tańlanǵan metodika hám testler psixikalıq xızmet kórinislerin tolıq hám hár tárepleme u'yreniliwdiń mu'mkinshiliklerin beredi.

Izertlew ótkeriw ushın eksperemental metodikalardı tańlawda tómendegilerdi itibarǵa alıw zárúr.

A) izertlewdiń maqseti psixikalıq rawajlanıw dárejesin anıqlaw, onıń jasına maǵlıwmatına sáykesligi, jeke qásiyetlerdi anıqlaw.

B) Sınawshınıń jası, turmıs tájriybesi oǵan berilip atırǵan tárbiyalıq ámelge asırılıw jaǵıdayı.

V) Balanıń eksperemental izertlewge biyimlesiwi qatnasqa kirisiwi tańlanǵan eksperemental psixologiyalıq metodikalardıń balaǵa qıyınshılıqlardıń artıp barıwıdárejesinde beriw kerek. Bala iskerliginń qásiyetlerin oyın hám oqıw shárayatında analiz qılıw. Mektep, shańaraq jaǵıdayına kóniligiw, kónlige almaslıq dárejesin anıqlaw, balanıń ishiki du‘nyasın tu’sinip alıw yaki tu’sinip almawı. Jeke qásiyetleri hár tárepleme rawajlanıwda oǵan hár qanday járdem kórsetiwden ibarat: izertlewshi qararların biliw hám anıq du’ziw, óz dıqqatın balanıń wazıypanı qanday oırnlap atırǵanlıǵı hám minez qulqın baqlawǵa qaratılǵan, bala menen jaqsı qatnasta bolıw, onıń barlıq aytqanın jazıp bala haqqındaǵı ayrım reakciyalardı durıs bahalaw qásiyetin qa‘bıletin joytpaw hám taǵıbasqalar. Baslawısh klass oqıwshılarımenen izertlew ótkergende olar menen solay islesiw kerek. Izertlew nátiyjesinde tájriybege qızıǵıw izertlewshige isenim hám óz ishki dunyasın ashıw payda bolsın. Sonı da aytıw kerek barlıq balalar tekseriwge qızıǵadı. Biraq, ayrım jaǵdayda olar qayta izertlewge qatnasıwǵa bastartadı. Kóbinese bul jaǵıday qatardaǵılarǵa qaraǵanda jaman nátiyjeler alǵanda yamasa eksperementallıq tárepinen ayrıqsha sóz etkende payda bolıwı mu’mkin. Bunday balalarǵa ózgeshe qatnasta bolıw orınlı. Olar arzımaǵan sebep ushın maqtawǵa mutáj.

OQIWSHILARDIŃ AQILIY RAWAJLANIWINDA UQIPLILIQ HÁM ZIYREKLIKTIŃ ORNI

Nauruzbaeva A. p.i.k. Pedagogika kafedrasi docenti
Dawletnazarova A. Pedagogika hám psixologiya qa‘nigeligi 2-bashqısh magistrantı

Adamniń qanday da bir xızmetke uqıbı bar ekeni tuwralı aytıwǵa ne tiykar bola aladı. Buǵan eki ko`rsetkish, xızmetti meńgeriw tezligi hám jetiskenliklerdiń sapası tiykar boladı. Eger de adam, birinshiden, qanday da bir xızmetti tez ha`m tabıslı men`gerse, tiyisli uqıplardi ha`m ko`nligiwlerdi basqalarǵa qaraǵanda an`sat iyelep alsa, al, ekinshiden, ortasha da`rejeden anaǵurlım joqari jetiskenliklerge erisse, onı uqıpli dep esaplaydi. Bul neden ǵa`rezli boladi, ne ushin basqa da barlıq ten` jaǵdaylarda bir adamlar basqa bir adamlarǵa qaraǵanda qanday da bir xızmetti tezirek hám an`satiraq meńgerip aladı jáne onda kóbirek tabıslarǵa erisedi. Máselen, hárbir xızmet adamnıń psixikalıq processlerine analizatorlardıń jumısına, tásirshen`lik tezligine, jeke kelbetinin` qásiyetlerine belgili bir talaplardı qoyatuǵınına baylanisı. Bir adamlar tiyisli sıpatlarǵa iye bolıwı, al basqa birewlerinde olar bosań rawajlanǵan bolıwı itimal. Eger de adamlar tiyisli xızmettin` talaplarına eń ko`p dárejede juwap beretuǵın jeke-psixologiyalıq ózgesheliklerge iye bolsa, usı na`rseniń o`zi olar usı xızmetke uqıplı degendi bildiredi. Uqıplılıq - bul adamnıń usı xızmettin` talaplarına juwap beretuǵın hám oni tabisli túrde orinlap shiǵiwiniń shárti bolatuǵin jeke-psixologiyalıq o`zgeshelikleri boladi.

Ziyreklik haqqında tiykarǵi túsiniklerdi belgilewde « uqıplılıq tu`siniginen kelip shiǵiw qolayliraq. Uqıplılıq tu`siniginde oni praktikalıq kontekstte qollanǵanda u`sh qa`siyet kiredi.

Birinshiden,uqıplılıq degen bir adamdi ekinshisinen o`zgeshelep ko’rsetetug’in jeke-psixologiyalıq ayirmashilıqlar kózde tutiladi, barlıq adamlar ten`dey bolǵan qatnasta,

qa`siyetler haqqında ga'p bolg'anda hesh kim uqıplilıq haqqında so`z aytpaydi. Ekinshiden, uliwma barlıq jeke o`zgesheliklerdi uqıplilıq dep atamaydi, al tek qanday da bir is-háreketti yamasa kóplegen is háreketlerdi orınlawda tabıslılıqqa qatnası barların názerde tutadı. Qızbalıq, uyańlıq, asıqpay ha`reket etiw siyaqlı ayırım adamlardıń jeke ózgesheligi bolǵan qásiyetler uqıplilıq dep atalmaydi, sebebi qanday da bir is-hárekettiń orınlanıwınıń tabısli shárti dep qaralmaydı.

Ushinshiden, uqıplılıq túsinigi sol adamda burınnan islep shıǵılǵan bilim, kónlikpe yamasa bilimnen ibarat emes. Biraz waqıtları ustaz oqıwshısınıń jumısına kewli tolmaydı, al bul oqıwshınıń bilimi basqa oqıwshılardikinen kem emes, biraq ustaz basqa balalardıń usınsha bilimine de qanaatlanadı. Óz narazılıǵın ustaz bılayınsha túsindiredi, oqıwshı jeterlishe shuǵıllanbay atır, eger ol kóbirek shuǵillansa «usınday uqıpların dıqqatqa alıp» ol bunnan da kóbirek bilimge iye bolar edi. Bul mısal, turmısta uqıplılıq degenimizde, ádette bar kónlikpe, bilim hám uqıplardan ibarat bolmaǵan, biraq bul bilim ha`m ko`plikpelerdi iyelewdiń ańsat ha`m tezligin kórsetedi.

Solay etip, uqıptı adamniń tuwma ózgesheligi sıpatında túsinigi biykar etildi, biraq uqıptı rawajlandırıwdıń kópshilik jaǵdaylarında bir neshe tuwma ózgeshelikler bar ekenligin biz biykarlamaymız. Barlıq jaǵdaylarda bizler uqıplardıń óziniń tuwmaliǵin emes, al olardiń rawajlanıwınıń tiykarında jatırǵan zeyinlerdi na`zerde tutamiz. Tuwma zeyinler haqqında sóz ete otirip bizler na`silden ótetuǵin zeyinler haqqında aytpaymız. Bul eki túsinikti uqsaslıqta bar bolǵan qa`teshilikler júda` keń tarqalǵan. «Tuwma» sózin aytıw, «násilden ótken» degen sózdi aytqan menen ten` dep shamalaydı. Bul, álbette qáte. Óytkeni, tuwılıwdan aldın jatırda rawajlanıw dáwiri bar. «Tuwmalıq» hám «tuwma» sózleri psixologiyalıq ádebiyatta usi belgi qásiyet násilden ótiw joli menen ata-babalarınan ótken ekenligine haqıyqıy tiykar bolǵan jaǵdayda, bunda da tek ǵana bul qásiyet tárbiya yamasa úyretiw nátiyjesi emes ekenligin kórsetiwdi qálegende yamasa bul qásiyet organizmnin` ayırım biologiyalıq hám fiziologiyalıq ózgesheliklerine barıp taqalatuǵınlıǵın kórsetiwdi qálegende qollanıladı.

BILIMLENDIRIW SISTEMASIN BASQARIWDI JETILISTIRIWDIŃ BAZI –BIR MÁSELELERI

Nauruzbaeva A. - p.i.k. Pedagogika kafedrasi docenti
Keńesbaeva E.- Ta'lim sistemasin basqariw qanigeligi 1-bashqısh magistrantı

Mámleketimizde hár bir tarawda rawajlanıwdıń jańa basqıshlarına qádem qoymaqta. Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev belgilep bergen «Háreketler strategiyası» mámleketimizdiń bárshe tarawlarınıń 2017-2021 – jıllardaǵı rawajalanıw baǵdarların kórsetip ǵana qoymastan, turmısımız abadanlıǵına kepillik beriwshi anıq jónelisler bolıp tabıladı . «Háreketler strategiyası » nda ahmiyetli tarawlardıń sociallıq tarawdı rawajlandırıw bolıp tabıladı. Ele de rawajlandırılıwı, dúnya mámleketleri menen salamat básekige túse alatuǵın dárejege erisiliwi kerek bolǵan taraw bul-bilimlendiriw tarawı bolıp esaplanadı. Jas , hár tárepleme kámillikke erise alǵan, jetik kadrlardı tayarlaw búgingi kúnniń eń áhmiyetli máseleleriniń biri bolmaqta. Hár bir mámlekettiń keleshegi insanlardıń dóretiwshilik, intellektual hám mádeniy rawajlanıwı jolındaǵı xızmet qılıwshı mámleket mexanizmisiz sáwlelendirip bolmaydı. Sol sebepli bolsa kerek, barlıq rawajlanǵan mámleketlerde, birinshi gezekte, óz puqaralarınıń mádeniy hám intellektual, fizikalıq ruwxıy salamatlıǵın hám onda social mápler ushın nátiyjeli paydalanıw jolındaǵı izleniwlerge itibardı qaratpaqta.

Mámleket óz siyasatın tálim sisteması arqalı ju`rgiziletug`inlıǵı sebepli, tálim sisteması hám onı basqarıwdıń huqiqıy nızamlıqların, mámleketlik tálim standartların, ekonomikalıq - siyasiy ha`m ag`artiwshılıq tiykarların islep shıqtı. Ózbekstannıń ulıwma

tálim mektebi-bul úzliksiz tálim sistemasindagi tiykarǵı bólim bolıp, ol Ózbekistan territoriyasinda jasawshi barlıq balalarǵa óz waqtinda orta uliwma tálim alıwǵa, hár bir balanıń qızıǵıwına hám qábilietine qaray jámiyetlik talaplardı esapqa alǵan halda bilim alıwdı dawam ettiriw imkanın beriwshi mámleketlik, jámiyetlik ma'kemesi bolıp esaplanadı.

Ózbekstan Respublikasınıń 1992- jilda tastıyıqlanǵan "Ulıwma orta tálim mektebi" haqqındaǵı nızaminda kórsetip ótilgenin onıń maqseti - hár tárepleme ruwxıy rawajlanǵan, erkin pikirlewshi, hár tárepleme rawajlanǵan shaxsqa tálim beriw hám onı tárbiyalawdan ibarat. Tálim-tárbiya jergilikli jámiyetlik-ekonomikalıq shárt-shárayatlarǵa, ulıwma insanıy qádriyatlarǵa tiykarlanǵan halda alıp barıladı .

Ulıwma tálim mekteplerinde beriletuǵın bilimniń mazmunı - oqıw rejeleri, oqıw dástúrleri hám sabaqlıqlar menen belgilenedi.

Hámmemizge belgili, jámiyet tiykarǵı 3 tarawdı-ekonomikalıq, jámiyetlik-siyasiy hám ruwxıy-aǵartıwshılıq tarawların óz ishine aladı . Sonlıqtan da basqarıwdıń da tiykarǵı 3 túri belgili: ekonomikalıq basqarıw-bul jámiyetlik turmıs tarizin qáliplestiredi.Házirgi waqitta Respublikamizdiń materiallıq-texnikalıq bazasin bekkemlew ushin hámme tarawlarda qayta qurıw hám qayta on'law, islep shıǵarıw hám jarıslarda aldınǵı orınlardı iyelew ekonomikalıq basqarıwdıń aldında turǵan maqseti bolıp tabıladı. Jámiyetlik-siyasiy basqarıw - bul adamlardıń túrli jámáátleri (jámáát, topar, milletler) arasindaǵı qatnasıqlardı hám usı jámáát aǵzalarınıń arasindaǵı qatnasiqlardı basqarıw bolıp tabıladı.

Ruwxıy-aǵartıwshılıq basqarıw-bul jámiyetlik-siyasıy basqarıwdıń ajıralmas bir bólegi bolıp, ol ulıwma orta tálim mektepleri, mektepke shekemgi tárbiya, orta arnawlı hám joqarı bilim beriw orınları, mádeniyat, pán, ádebiyat tarawların basqarıwdı óz ishine aladı.

Jámiyetlik basqarıw sisteması belgili dárejeni basqarıw waıypalarına tiykarlanıp ámelge asırıladı. Basqarıwdıń wazıypalarına: jobalastırıw,shólkemlestiriw, muwapıqlastırıw,tekseriw qadaǵalaw, esap- kitap hám juwmaqlaw kiredi .

MEKTEPTE BOTANIKA SABAQLARÍN ÓTIWDE "MIYDI SHÍNÍQTÍRÍWSHÍ " OYÍNLARDAN PAYDALANÍW USÍLÍNÍŃ AHMIYETI

Sh.B.Tamambetova - assistent, A.T.Sultamuratov - talaba
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı

Ataqlı ilimpaz Pavlov insan bas miyi oń hám shep yarım sharlardan ibarat –degen edi. Bul eki yarım sharda insannıń hár túrli qábilyetlerin basqarıwshı kletkalardan turadı. Yaǵnıy bas miydiń shep yarım sharında oń qol jazıw, sóylesiw, esaplaw, oqıw hám taǵıda basqa qábiletlerdi basqarıwshı kletkalar jaylasqan. Al bas miydiń oń yarım sharında bolsa shep qol jazıw, intonatsiya, baǵdar alıw, geometrik figuralardı anıqlaw qábilyetlerdi basqarıwshı kletkalar jaylasqan. Bul yarım sharlar qarama-qarsı baǵıtta óz iskerligin kórsetedi, yaǵnıy bas miydiń shep yarım sharları denemizdiń oń tárepin basqaradı al oń yarım sharlar bolsa denemizdıń shep tárepin basqaradı. [3]

Du'nyalıq statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, jer júzinde insanlardıń 98% bas miyiniń shep yarım sharları aktiv hárekette bolıwı anıqlanǵan. Bul sóz jer júzindeǵi insanlardıń 98% ońaqay degeni. I.P.Pavlovtıń 1863-jılı jazılǵan "Bas miy refleksleri" kitabında insanıń kópleǵen qábilyetleri bas miydiń shep yarım sharlarda jaylasqan dep aytıp otken edı. Máselen har qanday pedagog mektepke qadem qoyǵan oqıwshılarǵa oń qolda jazıwdı úyretedi. Sebebi, joqarıda aytıp o'tilgendey, insanıń shep yarım sharında oń

qol jazıw qábilyeti jaylasqan, bul bolsa óz nawbetinde shep yarım shardaǵı basqa qábilyetlerdi qozdırıwǵa jardem berdi. [4]

Hár qanday pedagog sabaq barısında hár qıylı metodlardan paydalanadı, ásirese, “aqlıy húјim” metodları kóp qolanıladı. Joqarida aytıp ótilǵen pikirlerge bola oqıwıshılardıń bas miyiniń shep yarım sharların jaqsı shınıqtırıw ushın miydi shınıqtırıwshı oyınlardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Ataqlı pedagog K.D.Ushiniskiy balanıń esinde qanday da bir zattıń bekkem ornalasıp qalıwın qálewshi pedagog balanıń seziw organlarınan múmkinshiligi bolǵaninsha: kózi, qulaǵı, dawıs organları, bulshıq et, hátte, ilajı bolsa dám biliw organların este qalıw prosesinde qatnastırıwǵa háreket qılıw kerek deǵen edi.

Brain Games–tiykarǵı funksiyanal is-qábilyetlerdı hám óz-ózin basqarıwdı, onı rawajlandıratuǵın, qızıqlı oyınlar toplamı bolıp tabıladı. Bul oyın kópleǵen rawajlanǵan mámleketlerde óz nátiyjesin bermekte. Máselen, Kaliforniyadaǵı mekteplerde “Brain Games” oyınları hapte dawında oynalǵanlıǵı sebepli bul mektep oqıwshılarınıń miyiniń rawajlanıw tezligi artıp barmaqta.[1]

“Brain Games” oyınları tómendegishe oynaladı.

“Men Guzetiwshimen”

Oqıtıwshı: Men kıshkene kózlerım menen sabatı bekkemlewshi preidmetdi anıqlayman (xanadaǵı obyektti su’wretlew ushın reń yaki figuralardan paydalanıń). Oqıwshılar obyektti qanday qılıp qaraydı hám oqıwshılardıń obektı anıqlaw tezligin baqlań. Obekt anıqlanǵannan soń oqıwshılardı bahalań. Bul jerde oqıwshılardı oylandırıwǵa májbúr etken zat oraylastırıwshı kush ekeni málim.

Oyındı oynawdan aldın oqıwshılardıń dıqqatın bir jerge jámlew ushın olardan óz közleri janına qoların durbin tárizli kóteriwin sorań.

Oqıwshılardıń bul “kózdiń oraylıq kúshinen” paydalanıw, tek ǵana kózdiń anıq kóriwin emes, bálki qulaqlardıń esitiw qábilyetin aktivlestiriw hám dıqqatı jámlew ushın járdem beredi. [1]

Oyındı oynap bolǵannan soń, oqıwshılar oyın dawamında shalǵıtıwshı yamasa narazı bolǵan waqıtlar haqqında sáwbetlesiń. Sebebi, oyın payıtında oqıwshılarda hár túrli pikirler payda bolıp, biraq bul pikirlerin ayta almay qalǵan bolıwı mumkin. Olardıń dıqqat qaratıw qábiletin qanday qılıp rawajlandırıw kerekligi haqqında pikirler beriń.

Oqıwshılar menen dıqqat orayın aqılǵa muwapıq paydalanıw hám olardı rawajlandırıw haqqında pikirler beriń. Hár qanday sabaqtı úyreniw ushın oqıwshınıń dıqqatı zárúr. Sol sebepli pedagog oqıwshılardı bul oyın menen olardıń dıqqat orayın rawajlandırsa maqsetke muwapıq bolar edi.

“At oynı ”

Oqıwshılar dóngelek formada turadı. Bir oqıwshı ózinin atın kiyingi oqıwshıǵa aytadı hám ekenshı oqıwshı onnan kiyingi oqıwshıǵa aytadı, sol tárizde oyın dawam etedi. Soń bolsa temaǵa tiyisli bolǵan atlar (ósimlik atları, terminler) izbe-iz oqıwshılar boylap tákirarlanadı, nátiyjede oqıwshılar atlardı eslep qalıwǵa háreket qıladı hám keyingi atlar dóngelek formadaǵı topar boylap aylanadı. Ilimpazlar bul qábiletlerdi- jańalap turıw hám tez-tez tákirarlawdı usınıs etken.

Oyın oynawdan aldın, sabaq waqtında ne zatlardı eslew kerekligin aytıń. Oqıwshılardıń “este saqlaw kúshın” sabaqlar waqtında paydalanıw kerekligin túsindiriń: matematikalıq máseleler ústinde islewde, tábiyiy pánlarden terminlerdi yadlawda bul qábilet kerekligin aytıń.

Oyındı oynap bolıp, oqıwshılardan oyındı qıyın yamasa ańsat qılıw ushın ne qılıw kerekligin sorań. Kerekli maǵlıwmatlar hám sózlerdi yadlap qalıw ushın neler qılıw kerekligin máslahat beriń hám eslew qábiletin rawajlandırıw haqqında aytıp beriń.

Joqarıda aytıp ótilgen miydi shınıqtırıwshı oyınlar usılın ámelde orınlasaq, oqıwshıladıń este saqlaw, dıqqat awdarıw sıyaqlı qábiletlerin rawajlandıradı. Mektep jasındaǵı oqıwshılar átraptaǵı zatlardı tez qabılaydı. Sol sebepli “Brain games” yaǵnıy miydi shınıqtırıwshı oyınlardan paydalansaq oqıwshılardıń is qábiletin hámde aqılıy uqıplıǵın kóteremiz.

Insan tuwılǵanınan baslap pútkil ómiri dawaminda aqılıy hám fizikalıq qábiletleriniń rawajlanıwı yaǵnıy tárbiyalanıwı, bilim alıwı, óner úyreniwi bas miydiń yarım sharlarınıń funksionalıǵına baylanıslı. Ilimpazlardıń pikirinshe insan miyiniń funksionallıǵınıń páseyiwi eki túrli jaǵdayda boladı eken, birinshisi tuwma keselikler, artırılǵan kesellikler, al ekinshisi bolsa miydi zorıǵıwınan yaǵnıy nevroz sebepli boladı dep dálillengen. [4]

Sol sebepli, miydi shınıqtırıwshı oyınlardı hádden tıs kóp waqıt oynaw oqıwshılardıń aqılıy zorıǵıwına alıp keledi. Ilajı bolǵansha bul oyınlardı belgili waqıt dawamında oynaw maqsetke muwapıq boladı.

Ádebiyatlar.

1. National Geographic Kids Brain Games: The Mind-Blowing Science of Your Amazing Brain Paperback – September 8, 2015
2. Adam hám oniń densawlıǵı. B.Aminov, T.Tilaev, O.Mavlanov Tashkent-2010
3. Odam fiziyalogiyas. E.N.Nuritdinov Toshkent “ALOQOCHI” 2005
4. Yosh fizyalogiyasi va gegenasi. Q.Sadikov S.X.Aripova G.A.Shaxmuratov Toshkent “Yangi asir avlodi” 2009

МАТЕМАТИКАНЫ ОҚЫТЫЎДА АРАЛЫҚТАН ОҚЫТЫЎ ТЕХНОЛОГИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА

Б.Б.Пренов -доцент, Б.Ж.Атабаева -1-курс магистрант
НМПИ Математика оқытыў методикасы кафедрасы

Мәмлекетимиздиң билимлендириў тараўын раўажландырыў бойынша тийкарғы ҳүжжетлердиң бири болған Өзбекстан Республикасы “Кадрлар таярлаў миллий дәстүри” [1] не базар экономикасы талапларына жуўап беретуғын кадрларды таярлаўшы билимлендириў мекемелеринде оқыў процесин хабар-коммуникация технологиялары (ИКТ), интернет ҳәм компьютер тармақлары тийкарында пайда етиў зәрүрлиги айрықша атап өтилген. Мәмлекетимиз билимлендириў системасында усы ўазыйпалар өз ўақтында нәтийжели әмелге асырылмақта. Белгиленген мақсетлерге ерисиўде үзликсиз, басқышпа-басқыш әмелге асырылып келмекте. Тийкарынан, оқыў процесине кең форматлы коммуникация тармақлары ҳәм интернет технологияларын пайда етиў мақсетинде “Электрон таълим” миллий дәстүрин пайда етиў ҳәмде барлық оқыў орынларында интернет тармағына жалғаўды тәмийинлеў ўазыйпасы белгилеп берилип, ҳәзирги дәўирде нәтийжели әмелге асырылмақта.

Усы ўазыйпаларды нәтийжели орынланыўы ушын усы тараўда өз нәтийжесин бере алатуғын жаңа инновациялық ис-режелер ҳәмде усыныслар ислеп шығылып тараў әмелиятына енгизиў зәрүр. Усындай дәстүрлерден бири раўажланған мәмлекетлер билимлендириў системасында сапалы кадрлар таярлаў ушын кең көлемде нәтийжели қолланып атырған оқыў процеси-заманагөй информация коммуникация технологияларына (ИКТ) на тийкарланған аралықтан оқытыў технологиясы болып табылады.

Президентимиздиң 2018-жыл 5-сентябринде қабыл етилген “ Корпоратив, жойбар басқарыўы ҳәм мәмлекет қәрежетлери тараўында кадрларды таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин асырыў системасын раўажландырыў бойынша қосымша ис-режелер ҳаққында” ғы қарары менен жоқары оқыў орынларындағы, жоқары оқыў

орынларынан кейинги тәлим, кадрларды қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин асырыў мәкемелерине аралықтан оқытыўды енгизиў ҳуқуқы берилди.

Билимлендириў системасы тәжирийбелериниң нәтийжесине муўапық, оқыў процесинде интернет системасы ҳәм ИКТ ны жаңа билимлерди ийелеў, сақлаў ҳәм әмелий қарарлар қабыл етиў қуралына айландырыў есабына кадрлардың сапасын түптен жақсылаў имканиятлары кеңейип бармақта. Интернет системасы ҳәм ИКТ имканиятларынан аралықтан оқытыў технологиясын пайдаланыў дәслеп тәлим сыпатын, социаллықлығы, көпшиликке арналғанлығы ҳәм де экономикалық тәреплтен ҳәммеге мақул болыўын тәминлейди. Булардан тысқары аралықтан оқытыў технологиясы әдеттеги оқытыў технологиясына салыстырғанда бир қатар артықмашлығы ҳәм де унамлы тәреплери бар болып табылады. Оқытыўдың заманагөй аралықтан оқытыў технологиясына мәмлекетимиз тәрепинен жоқары оқыў системасында жетерли имканиятлар жаратыў жолында бир қатар хызметлер исленбекте.

Информация коммуникация технологиялары- бул кең көлемдеги түсиник болып, оның технологиялық қураллар жәрдеминде коммуникацияға қаратылған системалар, процесслер ҳәм шахслар киреди.

Аралықтан оқытыў технологиясы - бул, заманагөй ИКТ жәрдеминде аралықтан оқытыў процеси қолланатуғын, тәлим дәрежесин тастыйықлаўшы, тәлим алыўдың педагогикалық системасы болып табылады.

Аралықтан оқытыў технологиясы -хабар технологияларынан пайдаланған ҳалда, аралықтан турып, оқыў хабарларының алмасыўын тәмийинлейтуғын, оқыў процесин алып барыў ҳәм басқарыў системасын әмелге асыратуғын билим ҳәм көнликпелерди ийелеў процеси болып табылады.

Аралықтан оқытыў технологиясы - қурамалы тараўда қәнигелер таярлаў системасындағы барлық пәнлерди комплекс тәризде аралықтан оқытыўға тийкарланған, бирақ, комплекс шеңберинде оқыў процеси ушын қатаң белгиленген орын ҳәм ўақыт критериясы шәртли орнатылмаған тәлим технологиясы болып табылады [А.А.Абдуқодиров:16].

Бул анықламаның әҳмийетин толық ҳәм туўры түсиниў ушын, әлбетте, оны жоқарыда келтирилген аралықтан оқытыўдың анықламасы менен бирге келтириў керек.

Аралықтан оқытыў технологиясы-заманагөй тәлимниң ең зәрүр ҳәм глобалласып баратырған технологиясы болып табылады. Заманагөй шәраятда ИКТ лардың жедел раўажланыўы тәлим процесинде олардың имканиятларынан пайдаланыў ушын қолайлы орталықты жүзеге келтиреди.

Ҳәзирги ўақытта раўажланған шет ел мәмлекетлери аралықтан оқытыў бойынша бай тәжрийбе топлаған.

Аралықтан оқытыў технологиясы 1969-жылы Англия Премьер-министри Г.Вилсон тәрепинен енгизилген. Бирақ, аралықтан оқытыў бурын, яғный биринши турақлы почта байланысының қәлиплесиўи дәўиринде жүзеге келген. 1858 жылдан баслап Лондон университетинде барлық қәлеўшилерге олардың ғәрезсиз билим алыўлары, барлық қәнигелер ҳәм барлық тараўлардағы академик дәреже алыў ушын имтихан тапсырыўларына рухсат етилген [А.А.Абдуқодиров:21].

Ашық университетлердеги оқыў қәрежетлери әдеттеги институтларда оқытыўға қарағанда 8-10 мәрте арзан. Мәселен, Англияда турғын (ишки) оқыўға 3000, аралықтан оқытыў арқалы болса 300 фунт стерлинг төлейди екен.

Аралықтан оқытыў АҚШ та өткен әсирдиң 60-жылларында, Европада болса 70-жыллардың басларында жедел раўажлана басланды.

Оқытыўдың бул технологиясы тәлим алыўшылар ҳәм оқытыўшылардың бир-бири менен ҳәмде оқытыў қураллары менен өз-ара мақсетке бағытланған интерактив процестен ибарат болып, бунда тәлим процеси олардың географиялық жайласыўына байланыслы болмайды. Тәлим процеси киши системалардан ибарат, яғный оқытыў мақсети, мазмуны, методлары, қураллары, қадағалаў ҳәм маркетинг сыяқлы элементлерди өз ишине алыўшы педагогикалық технология болып табылады.

Соның менен бирге-аралықтан оқытыў технологиясы жәрдеминде билим алыўшы сабақ өтиўи ушын өзине қолай болған ўақытты таңлайды. Мәселен, олар курс материаллары менен онлайн режиминде ислеўи мүмкин, лекция ҳәм семинар шынығыўларын болса кестеге тийкарлап ҳақыйқый ўақытта алып барады, оқытыўшыға сораўларын чат, форум яки конференцияда бериўи мүмкин. Студентлер оқытыўшы тәрепинен алдынан таярлап қойылған материаллар тийкарында сабақты офлайн түрде, өзи ушын қолайлы ўақытта өтиўи мүмкин (оқытыўшының асинхрон усылы). Қызықтырған сораўларын электрон почта якм форум арқалы бериўи мүмкин. Солай етип, аралықтан оқытыў технологиясы жәрдеминде оқыў арқалы өзиниң тийкарғы сабақларына параллел рәўиште билим алыў имканияты бар болып табылады [Б.Б.Пренов: 37].

Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 21-майда “Арнаўлы сыртқы тәлимде оқыў процессин электрон тәлим ресурслары тийкарында қоллап-қуўатлаўды пайда етиў ҳаққында”ғы 447-санлы буйрығына тийкарланып жаңа оқыў жылынан баслап педагогика бағдарындағы арнаўлы сыртқы бөлим студентлери оқыў процессин пайда етиўде аралықтан турып тәлим алыўы белгиленген.

Арнаўлы сыртқы бөлим студентлери ушын барлығы 7344 саат ажратылған. Солардан 6480 саатын студент аралықтан турып еркин тәлим алады, 864 саатын болса, университетке келип, тәлим алады. Бул 88% сабақ аралықтан оқытыў технологиясы арқалы әмелге асырылады.

Жуўмақлап айтқанда, тәлим системасында енгизилген аралықтан оқытыў технологиясы бүгинги күнде өзине сай әҳмийетке ийе болып, оларды раўажландырыў ҳәм нәтийжелилигин арттырыў арқалы унамлы нәтийжеге ерисиў мүмкин. Оқыў орынларынан узақта жасаўшылар, қатнап оқыў ушын шәраяты болмағанлар, қәнигелигин асырыўды қәлеўшилер, майыплар ҳәм және басқа түрли себеплерге көре, турақлы жоқары оқыў орнына барып оқыў имканиятына ийе болмағанлардың аралықтан турып билим ҳәм тәлим алыўға болған талаплары артып барыўы тәбийий процесс болып табылады.

Сондай-ақ, жумыс пенен бәнт болған үлкен жастағы кисилер, екинши қәнигелик бойынша тәлим алыўды қәлеўшилер ушын аралықтан оқытыў технологиясы жүдә қолайлы технология саналады. Сондай-ақ, бул технология жәрдеминде ЖОО лары арасында бирге ислесиўди күшейтириў, педагоглар арасында тәжирийбе алмасыўға ерисиўде үлкен хызмет атқарады.

Демек, математика бағдарына кириўши пәнлерди аралықтан оқытыў технологиясы тийкарында оқытыўдың әҳмийети сонда студент бул технология тийкарында дүзилген оқыў шынығыўының жойбары үстинде еркин ислеп оқыў-билиў искерлиги арқалы жойбарда белгиленген мақсетке ериседи.

Усы процессти әмелге асырыў ушын төмендеги мәселелер шешимин табыў талап етиледи:

1. Математика бағдарындағы пәнлерди оқытыўда инновациялық бейимлесиўлердиң нәтийжелиги, математика оқыў шынығыўларының аралықтан оқытыў технологиясының орнын көрсетип бериў.

2. Математика топарындағы пәнлерди оқытыўда аралықтан оқытыў технологиясын қоллаўдың орны ҳәм әҳмийетин көрсетип бериў.

3. Математика топарындағы пәнлерди оқытыўдың методикалық системасын ислеп шығыў.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Ўзбекистон Республикасининг “Кадрлар тайёрлаш миллий дастури тўғрисида”ги қонуни. Тошкент, 1997 й.

2. А.А.Абдуқодиров, А.Х.Пардаев Масофали ўқитиш назарияси. Тошкент: Фан, 2009 йил.

3. Б.Б.Пренов ва бошқалар. Олий таълим тизимида таълим сифатини таъминлаш: E-LEARNING. Тошкент. 2017 йил, 107 б.

МИЛЛИЙ ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ МУЗЫКАЛЫҚ ҚУРЫЛЫСЫНЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Г.Худайбергенова – 2-курс студент, С.М.Тажетдинова – доцент
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Халқымыздың жүда әййемги тарийхый терең тамырлары урған миллий музыкамыз барлық дәўирлерде өзиниң тәрбиялық тәсири арқалы турмыс тәризине көркем әдебий мазмун берип-ҳәр бир инсанның руўхый дуньясын байытыўда ҳәм оларды тәрбиялаўда әҳмийетли болып келген. Миллий музыка ырғақлары, халқымыздың руўхый байлығы тийкарында жас әўладты ҳәр тәреплеме тәрбиялаўда олардың қәлбинде жақсылық, ҳадаллық, пәклик, инсаныйлық, дослық, ўатанға садықлық ҳәм оған хызмет етиў, миллетке, миллий қәдириятларға муҳаббат сезимлерин қәлиплестириў арқалы олардың билимли, әдепли инсан болып жетилисиўинде үлкен үлес қосады.

Билимлендириў системасын реформа етиўде, оны миллий дәстүрий, миллий қадириятлар негизинде қәлиплестириўде саламат әўлад, руўхыйлық жақтан жетик, саналы инсанларды тәрбиялаўға тийкарғы итибар қаратылады. Халқымыздың тарийхый руўхый миллий байлығы болған қарақалпақ халық қосықлары халқымыздың руўхый байлығы болып есапланады.

Қарақалпақ халық қосықлары фригий халық ладында жазылған болып, өзиниң миллий ырғақлары менен миллий музыканы өзинде сақлаған ҳалда сулыў атқарылып келинген. Халық аўызеки дөретиўшилиги дәстан, халық қосықларында инсан тәрбиясы, әдеп – икрамлылық пазыйлетлери, тийкарынан, саламат әўлатты тәрбиялаў ҳәр дайым дыққат итибарда турады. Соны да айрықша атап өтиў керек, халық дөретпелериниң қайсы түри болмасын, онда әпиўайы халықтың арзыў-нийетлери, көзқараслары, турмыс тәризи сәўлеленген.

Бүгинги күнде халық қосықларын үйрениўге үлкен итибар берилмекте. Себеби, халық қосықларының қайсы түри ҳаққында сөз етилсе де олардың барлығы кәмил инсанды тәрбиялаўға үлкен үлес қосады. Халқымыздың музыка мийрасында ең қәдирли болған миллий халық қосықлары миллий ырғақлар тийкарында дөретилип ҳәм атқарылып, әўладдан әўладқа өтип, бүгинги күнде де жас бақсылар, қосықшылар тәрепинен атқарылып, өзиниң миллийлигин сақлап келмекте.

Қарақалпақ миллий халық қосықларының мийрасында айрықша орын ийелеген және бир бағдар бул нәсият қосықлары болып есапланады. Әдеп – икрамлылыққа шақырыўшы бундай нәсият қосықлары халық педагогикасының бир бөлеги сыпатында көринеди.

MAKTABGACHA YOSHDAGI BOLALARGA TA’LIM BERISHDA KOMPETENSIYAVIY YONDASHUVNING AHAMIYATI

R.Sh.Aleuova - p.f.n., K.A.Aytmuratova - talaba
Ajiniyoz nomidagi NDPI

Bugungi kunda maktabgacha ta’lim sohasi jadallik bilan rivojlanib bormoqda. Bolalarning bu ta’lim muassasalarida ta’lim-tarbiya olib, kelajakda barkamol shaxs sifatida rivojlanishi uchun davlatimiz tamonidan barcha shart-sharoitlar yaratilmoqda. Ma’lumki, ota-bobolarimiz qadimdan bebaho boylik bo’lmish ilm-u ma’rifat, ta’lim va tarbiyani inson kamoloti va millat ravnaqining eng asosiy sharti va garovi deb bilgan. Muhtaram Birinchi Prezidentimiz I.A.Karimov ta’kidlaganlaridek, ,,…kelajagimiz poydevori bilim dargohlarida yaratiladi, boshqacha qilib aytganda, xalqimizning ertangi kuni qanday bo’lishi farzandlarimizning bugun qanday ta’lim va tarbiya olishiga bog’liq’’[1:61].

Darhaqiqat, bolalarning ta’lim-tarbiya olish jarayonini yanada takomillashtirish, xodimlarning ta’lim jarayoniga mas’uliyatini oshirish maqsadida Maktabgacha ta’lim Vazirining 2018-yil 7-iyunda 4-sonli Hay’at qarori bilan tasdiqlangan ,,Ilk qadam’’ nomli Davlat o’quv dasturining amaliyotga tatbiq etilishi ham alohida ahamiyat kasb etadi. Davlat o’quv dasturi bolalarga ta’lim berishda kompetensiyaviy yondashuvni o’z ichiga olgan bo’lib, hozirgi davrda u amaliyotda ijobiy natijasini ko’rsatmasdan qolmaydi.

Kompetensiya bolaning bilim, ko'nikma, malaka va qadiryatlari majmuyidir. Boshlang'ich kompetensiyalar, rivojlanish sohasidan qat'iy nazar, bola shaxsini shakllantirishga qaratilgandir.

Maktabgacha yoshdagi bolalarga ta'lim berishdagi kompetenciyalar ikkita katta sohani o'z ichiga olgan bo'lib, ulardan birinchisi- maktabgacha yoshdagi bolaning umumiy muhim kompetensiyalari bo'lsa, ikkinchisi – bolaning rivojlanish sohalari kompetensiyalaridir. Bolaning rivojlanish borasidagi kompetentsiyalar rivojlanishning quyidagi sohalarida belgilanadi:

- Jismoniy rivojlanish va sog'lom turmush tarzining shakllanishi;
- Ijtimoiy- hissiy rivojlanish;
- Nutq, muloqot, o'qish va yozish malakalari;
- Bilish jarayonining rivojlanishi;
- Ijodiy rivojlanish.

Ushbu sohalardan bilish jarayonining rivojlanishiga e'tibor beradigan bo'lsak, bu ilk yoshdan boshlab bolani aqliy tarbiyalashning asosiy vazifasi sifatida keltirilgan. Maktabgacha yoshdagi bolalarning bilish jarayonining rivojlanishini ta'minlash ularning kelajakdagi butun faoliyati uchun katta ahamiyatga ega bo'ladi. Maktabgacha yosh davrida bolada bilimlar tez sur'atlar bilan boyib boradi. Bola eng oddiy aqliy faoliyat usullarini egallab oladi. Bilish jarayoniga intilishi jadallashadi. Bilish faolligini oshirish orqali bola uni o'rab turgan tevarak- atrofni o'rganadi. Bola atrof- muhitni, o'yin, mehnat, sayr, mashg'ulotlar, kattalar va tengdoshlar bilan muloqot qilish jarayonini anglab oladi. Bilish jarayonini amalga oshirish xilma-xil vositalar orqali amalga oshiriladi. Aynan bugungi kunda maktabgacha ta'lim muassasalarida axborot texnologiyalari bolalarga ta'lim berish yo'llarini sezilarli darajada kengaytirmoqda. Zamonaviy kompyuterlardan unumli va samarali foydalanish yosh avlodning iqtidorini to'la ochishga va qobiliyatlarini takomillashtirishga yordam berish bilan birga uning bilim olishga qiziqishini yanada oshiradi.

Rivojlangan davlatlarda aynan bolalarga mo'ljallangan kompyuter dasturlari ishlab chiqilgan. Respublikamizda ham 2008-yildan boshlab „Bilimdon'' turkumidagi kompyuter mashg'ulot-o'yinlar dasturi ishlab chiqila boshladi[2:98]. Bolada bu dasturlarda foydalanish orqali bilish jarayonining turli xil ko'rinishlari shakllanadi. Bundan tashqari hozirgi kunda maktabgacha ta'lim muassasalarida bolalarning bilish jarayonini yanada takomillashtirish borasida milliy madaniyat durdonalaridan aqliy tarbiya vositasi sifatida keng foydalanishni tatbiq etish zarur. Ma'lumki, milliy madaniyat durdonalariga xalq og'zaki ijodi: topishmoq, maqol matallar, milliy qo'shiqlar, raqs, asbob- anjomlar, kiyimlar, milliy urf- odatlar, bayramlar, marosimlar kiradi. Milliy madaniyatning bilish faoliyatiga doir mazmuni nihoyatda boy bo'lib, tarbiyalanuvchilarda xalqning hayot va turmush tarzi, uning milliy qiyofasi, hunarmandchiligi, mehnatsevarligi, vatanparvarligi bilan tanishtirish bilan bir qatorda ularda ham milliy madaniyat va qadryatlarni tarkib toptirishda asos bo'lib xizmat qiladi.

„Bilish jarayonining rivojlanishi'' sohasi kompetensiyalarida 6-7 yoshli bolada bilish jarayonining rivojlanishi sohasidagi o'quv- tarbiyaviy faoliyat yakuniga yetgandan so'ng quyidagi ko'rinishga ega bo'ladi:

- Bilim olishga faol qiziqishni namoyon etadi;
- O'quv va hayotiy faoliyat uchun axborotni mustaqil ravishda topadi va undan foydalanadi;
- Predmetlar, voqealar va ko'rinishlar o'rtasidagi oddiy aloqalarni tushunadi va ularni yaxlit bir butunlik sifatida idrok qiladi;

- Raqamlar, hisob-kitobni biladi va ularni hayotda qo’llaydi;
- Makon, shakl va vaqtga mos ravishda ish tutadi;
- Elementar matematik hisoblashni amalga oshiradi;
- Atrof- muhitdagi voqea- hodisalar va ko’rinishlarni kuzatadi hamda tadqiq qiladi;
- Atrof- muhitga nisbatan ehtiyotkorona va g’amxo’r munosabatni namoyon etadi [3:8,9].

Xulosa qilib aytganda, maktabgacha yoshdagi bolalarga ta’lim berishda kompetensiyaviy yondashuv o’sib borayotgan bola shaxsini hayotga tayyorlash, unda hayotiy muhim masalalarni mustaqil hal qila olish uchun zarur bo’lgan, axloqiy me’yor va qadiryatlarni o’zlashtirish, atrof muhit bilan do’stona munosabatda bo’lish, boshqa insonlar bilan to’g’ri muloqot qilish, ,,Men’’ obrazini ko’rish bilan bog’liq bo’lgan faoliyat usullarini shakllantirishga tayyorgarlikni o’z ichiga oladi.

Foydalangan adabiyotlar:

1. Karimov I. ,,Yuksak ma’naviyat-yengilmas kuch’’ T. ,,Ma’naviyat’’-2008
2. Sodiqova Sh. ,,Maktabgacha pedagogika’’ T.-2013
3. ,,Ilk qadam’’Maktabgacha ta’lim muassasasining Davlat o’quv dasturi T.-2018

СПОРТТЫҢ АЎЫР АТЛЕТИКА ТҮРИНДЕ ОРГАНИЗМДЕ ЖҮЗ БЕРЕТУҒЫН ФИЗИОЛОГИЯЛЫҚ ӨЗГЕРИСЛЕР

К.К. Кенжебаев – оқытыўшы,
И.Б.Есалиев, Х.М.Кулумбетова –1-курс студент
НМПИ дене мәденияты кафедрасы

Мәмлекетимизде бүгинги күнде әҳмийетли ўазыйпалар қатарына физикалық тәрбия ҳәм спорт тараўын раўажландырыў, елимиздиң барлық орынларында тикленип атырған спорт биналарының белгили жетискенликлеринен, имканиятлардан нәтийжели ҳәм оптимал дәрежеде пайдаланыў есабынан жаслардың дене тәрбия ҳәм спорт пенен бәнтлигин тәмийинлеў, турнир ҳәм жарысларда нәтийжелерге ерисиў тийкарғы мәселелерден бири. Солар қатарында, спорттың аўыр атлетика түри бойынша да үлкен жетискенликлер қолға киргизилмекте.

Аўыр атлетика бойынша спорт пенен шуғылланыўшы спортшылар организминде өтетуғын физиологиялық өзгерислер бул мақаланың тийкарғы мазмунын қурайды. Аўыр атлетика спортының ең баслысы штанг көтериў түри есапланады. Штанг көтериўдиң барлық түрлеринде булшық еттиң күшли ҳәм тез қысқарыўы талап етиледи. Бунда, тийкарынан, булшық етлердиң динамикалық жумысы атқарылады. Штанганы көкиректе услап турыў ўақтында денениң барлық булшық етлери статикалық жумыс атқарыў жағдайына өтеди. Штанга менен өткерилетуғын шынығыўлар булшық етлердиң раўажланыўында ҳам күшиниң артыўында үлкен әҳимийетке ийе. Сонлықтан штанга жәрдеминде шынығыўлар өткериў спорттың басқа түрлеринде де кеңнен қолланылады.

Штангистлерде булшық етлер гипертрофиясы оның салмағының артыўы менен жүреди. Булшық етлерде қозыў күшейеди. Сонлықтан штангистлерде бул көрсеткиш спорттың басқа түри менен шуғылланатуғын спортсменлерге қарағанда бир қанша жоқары болады.

Спортшы организминде дем алыстың ҳәм қан айланыстың күшейиўи жумыс ўақтында емес, ал жумыс ислеп болғаннан кейин байқалады. Бул қубылыс биринши рет швед физиологи Лингартс тәрепинен анықланған. Бул спорт физиологиясында ҳәзирги ўақытта Лингартс феномени деп жүритиледи.

Булшық еттиң статикалық жумысы ўақтында ондағы қан тамырлары қысылып, қанның еркин ҳәрекетине белгили дәрежеде иркиниш пайда етеди. Нәтийжеде,

булшық еттиң қан менен тәмийинлениўи төменлейди ҳәм керекли болған кислородты қабыллай алмайды. Булшық ет жумысы барысында организмнен бөлинип шығыўы тийис болған зыянлы затлар топланады ҳәм олар қан арқалы дем алыў, қан айланыў органларының хызметин күшейтеди.

Жумыстың тоқтаўы менен булшық етлерде қан айланыс қәлпине келеди. Зат алмасыў нәтийжесинде пайда болған бирикпелер қанға өтип, қан арқалы дем алыў ҳәм қан айланыў системаларының хызметин күшейтеди.Сонлықтан, аўыр атлетикалық жумыстың тамамланыўының дәслепки минутларында өкпениң шамаллаўшылық көлеми организмниң кислородты қабыллаўшылығы ҳәм қанның минутлық айланыс көлеми бир қанша артады.Бул Линдгартс феномениниң пайда болыўына тийкарғы жағдай болып есапланады.

Статикалық аўыр физикалық жумыстан соң, вегетативлик хызметлердиң жоқарылаўына және бир себепши жағдай төмендегише болады. Статикалық жумыс барысында булшық етлерди тәмийинлеўши нервлер күшли қозады. Бундай кушли қозыў басқа да нерв орайларына тәсир етеди, мәселен дем алыў ҳәм қан айланысты ретлеўши орайларға, нәтийжеде оларда иркилиў процеси пайда болып, дем алыў ҳәм қан айланыў хызметлерин пәсейтеди. Егер, статикалық жумыс тамам болса, дем алыў орайының қозыўы тоқтайды. Нәтийжеде, дем алыў қан айланысын басқарыў орайларында иркилиў тоқтап, олардың искерлиги белгили ўақыт аралығында күшейеди ҳәм организмниң кислородқа болған талабын қанаатландырады.

Штанга көтериў барысында қан айланыў органлары хызметине исиниў, демди иште сақлаў күшли тәсир етеди.Бул ўақытта даўыс жарықшасының жабылыўына байланыслы (ол физикалық күшке байланыслы жабылады) иштен ҳаўа толық шығып үлгермейди. Нәтийжеде, көкирек қуўыслығында басым артады ҳәм бул жерде жайласқан үлкен вена қан тамырларының қысылыўына алып келеди, жүрекке венозлық қанның келиўи азаяды. Бундай жағдайда беттиң, мойынның реңи көгис қызыл түрге өтип, мойын веналары исинеди.

Штанга менен жумыс ислегенде ўақыт бирлиги ишинде жумсайтуғын энергия онша көп болмайды. Мысалы; 100 кг салмаққа ийе штанганы бирдей 2 метр бийикликке көтергенде 0,5 ккал энергия жумсалады. Штангисттиң 1 минуттағы жумсайтуғын энергия муғдары 30-40 ккал ға тең. Шынығыўлар өткериў барысында 1 саатта жумсайтуғын энергия муғдары 300-500 ккал ға тең келеди.

Салмақ аўырлығын кемейтиў ушын спортшылар аз аўқатланады, бирақ аўқатлық зат қурамы толық рацион көрсеткишинде болыўы керек. Аўқатлық зат қурамында углеводлардың ҳәм минерал дузлардың азайыўы дене салмағын 2-3 күн даўамында 2-3 кг ға кемейтиўге алып келеди, ыссы парлы банялардан пайдаланыў дене салмағын жүдә тез түсириўге себепши болады.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Насриддинов Ф.Н Инсон омилини шакллантиришда жисмоний тарбия ва спорт. –Тошкент.: Ўқитувчи, 1993.

2. Под. Ред, Корпман В.Л Спортивная медицина. – Москва.: Фис, 1937.

3. Азимов И, Собитов Ш Спорт физиологиясы. – Тошкент.: 1993.

4. Азимов и, Ешанов Б Адам ҳәм ҳайўанлар физиологиясы. –Нөкис.: Билим, 1998.

5. Е. Н. Нуратдинов. Одам физиологиясы. Тошкент. “Алоқачи” 2005ж

БАСЛАЎЫШ ТӘЛИМ СЫПАТЫН АСЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

К.Косбагамбетова
НМПИ 1-басқыш магистранты

Ҳәзирги заман билимлендириў системасында алып барылып атырған тийкарғы өзгерислер тәлим алыўшыларға жаңа билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларды

тереңнен пухта ийелеўине ҳәр тәреплеме мүмкиншиликлер жаратып бермекте. Себеби, барлық тараўларда алып барылып атырған өзгерислер, әлбетте, билимлендириў тараўын да шетлеп өтпейди. Бунда дүнья жүзилик билим стандартына кириў мақсети гөзленип, елимиздиң раўажланған мәмлекетлер менен бәсекеге кирисе алатуғын ел сыпатында танылып, олар менен билими ҳәм илими, мәденияты менен технологиясы теңлесиўи ушын әҳмийетли ис-илажлар алып барылмақта. Бундай өзгерислер 2017-2021 жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы жөнелислери бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының қабыл қылыныўы менен, бүгинги кунде өзиниң унамлы нәтийжелерин көрсетпекте. Бул болса тәлим сыпатын буннан былай да жоқарылатыў ушын тийкарғы ўазыйпаларды белгилеп береди.

Билимлендириў системасынын бүгинги раўажланыў басқышында хәр бир баланың өзин-өзи раўажландырыў, өзин-өзи толықтырыў ҳәм өзин-өзи жүзеге шығарыў имканиятына ийе болмақта.

Тәлим сыпатын асырыў, бир сөз бенен айтқанда заман талабына сай билим бериў, жасларымызды ҳәр тәреплеме раўажланған кәмил шахс сыпатында тәрбиялаў, булардың бәршеси биз педагог кадрлардан жаңа талпыныс ҳәм излениўшеңликти талап етпекте. Тәлим-тәрбиядағы сыпат өзгерислери ҳәм жоқары нәтийжелилик болса, усы тараўға унамлы жаңалықлар еңгизиў менен өз сәўлелениўин табады. Жаңалықларды енгизиў бул инновациялық процесс болып, алдыңғы раўажланған мәмлекетлердиң тәлим системасын үйренип шығыў ҳәм модификациялық усыллар арқалы ен жайдырып, тәлим сыпатының нәтийжелилигине ерисиўден ибарат болып табылады.

Усы орында модификацияның өзи не ҳәм оның тийкарғы мақсети нелерден ибарат? - деген сораўң жүзеге келиўи тәбийий.

Модификация – латын тилинен алынған болып, «modificatio», яғный бизиңше «өлшемлерди белгилеў» деген мәнисти билдиреди. Жаңа имканиятлрды алыў арқалы бир нәрсени түрлендириў, өзгертиў, салыстырмалы жағдайда өзимизге салыстырыў ҳарактери менен өзгешеленеди.[1] Модификация арқалы биз үйренилип атырған мәмлекеттиң тәлим системасындағы жетискенликлер ҳәм кемшиликлерди салыстырмалы түрде көрип шығамыз. Буннан тийкарғы мақсет, алдыңғы педагогикалық технологиялардың үзликсизлигин тәмийинлеў ҳәм инновациялық өзгерислер киритип барыў.

Билимлендириў системасын модификациялаўда раўажланған мәмлекетлердиң алдыңғы қатар педагогикалық тәжирийбелерин үйрениў мақсетке муўапық. Мәселен, Америка Қурама Штатларының билимлендириў системасын үйрениў нәтийжесинде үзликсиз билимлендириў системасының баслаўыш тәлим түрин раўажландырыў бойынша қатар тәжирийберлердиң улыўмаластырығанлығын көриўимиз мүмкин. Баслаўыш билимлендириў системасын раўажландырыўға қаратылған төмендеги өзгешеликлерди айрықша атап өтиў орынлы:

1. Баслаўыш классларда оқыўшылардың ҳәр тәреплеме қәбилетлери үйренилип, жетик қәбилетликке ийе болған оқыўшылар айрықша итибарға алынып, жол-жобалар көрсетиў арқалы керекли бағдарлар бериледи.

2. Баланың биринши оқыў жылының ақырына шекем раўажланыў дәрежесине биринши баҳа анықланады ҳәм бул кейинги тәлим процесиниң тийкары есапланады.

3. Ең қәбилетли балалар менен, терең ҳәм тыянақлы билимлерди ийелеў ушын индивидуал ҳәм системалы турдеги билимлер бериледи.

Олардың пикиринше, халықтың зыялылар қатламы мәмлекеттиң илимий элитасы сыпатында қәлиплескен. Баслаўыш тәлим бул мәмлекетте тәлимниң тийкарғы, шешиўши буыны ретинде қаралады.[2]

Әлбетте, усындай жаңа баскышларды биздиң тәлим системасына алып кириў ҳәм жетилистириў мәселелери қаралып, баслаўыш тәлимдеги оқытылатуғын тийкарғы пәнлерди оқытыўда оқыўшылардың интеллектуал қәбилетлерин асырыў, логикалық ойлаў көнликпелерин раўажландырып барыў талап етиледи. Перспиктавалы тәлим системасында оқыўшы шахсына тек үйрениўши емес, оқыўшы-жаратыўшы көз қарасы менен қаралады.

Жуўмақлап айтқанда, бул басқышларды және де раўажландырыў ҳәм беккемлеп барыў, инновациялық түс бериў талап етиледи. Жас әўладқа тәлим-тәрбия бериўде жаңа усыллардың енгизилиўи бизге жаңа жетискенликлерге ерисиўимизде кең мүмкиншиликлер береди. Тәлим-тәрбия инсанның ҳәр тәреплеме раўажланыўында тийкарғы факторлардан бири болғанлықтан, биз ҳеш ўақытта бул тараўда итибарсызлыққа жол қоймаўымыз керек.

Пайдаланған әдебиятлар:

1. ru.m.wikipedia.org материалы
2. www.studyusa.ru материалы

ЖЕТИ АТАМЫЗДЫ БИЛЕМИЗ БЕ?

Қ. Сейтмуратов - доцент
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Биринши Президентимиз И.А.Каримовтың айтып өткениндей: «Өз тарийхын билмейтуғын, кешеги күнин умытқан миллеттиң келешеги жоқ»(1.4). Келешек әўладқа кимлердиң урпағы екенлигин түсиндириў, ата-бабаларымыздың ким екенлигин, олардың арзыў – үмитлерин жеткериў олардың келешек өмирде өз жолын таўып, халқымызға қәдирли инсан болып жетилисиўиниң тийкары есапланады.

Миллий қәдириятларымыздың тийкарғы элементлериниң бири бул инсанның өзин-өзи аңлаўы. Академик Ж.Базарбаев өзиниң «Қарақалпақ этнопедагогикасы» атлы китабында «Енди туқым-теберигиниң шежиресин, тарийхын жыр етип шертетуғын, елге сыйлы образларды, нәсиятлы сөзлерди, ерлик ҳәрекетлерди жақтыға шығарып, балаларды өткендегиге ойлы көз бенен қараўға, олардан кем болмаўға тәрбиялайтуғын ўақыт келди», деп жазады (2.15).

Солай екен, биз перзентлеримизге миллий қәдирият, яғный миллетимиз ушын қәдирли болған үрп-әдет ҳәм дәстүрлеримизди жаслайынан сиңдирип барыўымыз лазым.

Ҳүрметли академигимиз жоқарыда аты аталған китабында бул бағдардағы пикирин даўам еттирип, «Өзлигимиз дегенде, бала әкесиниң көзи тирисинде ең кем дегенде жети бабасының өткен-кеткенин, елге қосқан аяўлы үлесин, изинде қалдырған ўәсиятларын, қандай жерде жасағанын билиўи тийис», деп көрсетеди.

Сыр емес, педагогика теориясында нәсил баланың шахс болып қәлиплесиўинде тийкарғы факторлардың бири есапланады. Ата-анадан, ата-бабаларынан балаға айырым белгилери, мәселен, оның сыртқы көриниси, мүшесиниң дүзилиси, дене ҳәм шашларының реңи, сөйлеўи, ойлаў, пикирлеў ҳәм тез шешим қабыл ете алыўшылық қәбилети ҳәм т.б. өтетуғынлығы илимде дәлилленген.

Солай екен, жети атамызды билемиз бе?, Олар кимлер болған, елге-халыққа қандай хызметлер қылған, қандай абырай-атаққа ийе болған? Тилекке қарсы ҳәзирги дәўирде көплеген жасларымыз, ҳәттеки айырым ата-аналарымыз булардың ҳәммесин толық биледи деп айта алмаймыз.

Халқымыз ески дәўирлерден берли «жети ата» дегенде туўған-туўысқанларының шежиресин төмендегидей жети басқышқа бөлип келген:

1.перзент, 2.ақлық, 3.шаўлық, 4.қуўлық,
5.тоқлық, 6.баўлық, 7.жатлық.

Туўысқан өзбек халқының шежиресине көз жиберсек, оларда да: 1.фарзанд, 2.невара, 3.эвара, 4.чевара, 5.кавара, 6.овара, 7.бегона, деп бөлингенлигиниң гүўасы боламыз (М.Муталлибова, Халқ педагогикаси-Тошкент,2011). Демек, шежиредеги бундай бөлиниўди басқа халықларда да ушырасатуғын, шығысқа тән қубылыс деп қараўға болады.

Шежиредеги ең кейинги әўладтың «жатлық» (бегона), яғный жатқа тийисли деп аталыўының себеби жети атадан айланаман дегенше арадан бир неше жүз жыл ўақыт өтеди, басқа урыўлардан яки миллет ўәкиллеринен келинлер түседи. Сол себепли олардың қанындағы туўысқаншылық молекулалары да әсте-ақырын азайып барады. Нәтийжеде, туўысқанлар ўақыттың өтиўи менен әпиўайы уруўласқа яки аўылласқа айланып қалады. Солай екен, жети атаңды бил деген сөздиң мәниси-туўған-туўысқанларыңның, үрим-путақларыңның ким екенликлерин аңлап жет, олар менен хүрмет-иззет ҳәм сыйласықта қатнас жаса, ағайиншиликти раўажландыр,- деген мағананы аңлатады.

Жети атаны билиўде ҳәр ким өзиниң үрим-путағын, яғный урыў-тийресин билиўи үлкен әҳмийетке ийе. Уллы Бердақ шайырдың «Шежире» шығармасы қарақалпақ уруўларының классификациясын өз ишине алған десек қәтелеспесек керек. Профессор К.Мәмбетов өзиниң «Қорақалпоқлар шажараси» атлы китабының (Нөкис, Қарақалпақстан, 1995) бир бабын «Қарақалпақлардың урыўлары, уранлары ҳәм тамғалары»на бағышлаған. 2003-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шыққан «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы» китабында да бул мәселеге бир қанша орын ажыратылған.

Шаңарақ қурыў бурыннан да муқаддес саналған. Халқымыздың дәстүрлеринде бир уруўдан болған жигит-қыздың биргеликте шаңарақ қурыўы қадаған етилип, келинди басқа урыўдан, миллеттен (экзогамия) алатуғын болған. Бул биологиялық көзқарастан да әўладлардың саламатлығын сақлаў жолларының бири есапланады.

Профессор Ө.Алеўовтың көрсетиўинше, атақлы шайыр ҳәм педагог С.Мәжитовтың авторлығындағы 1925-жылы Ташкент қаласында баспадан шыққан қарақалпақ халқының туңғыш «Әлипбе» китабына «Қарақалпақ урыўлары» деген теманың киритилгенлиги айтып өтилген. Онда қарақалпақ урыўларының еки арысқа бөлинетуғынлығы, ҳәр бир арысқа қандай урыўлардың киретуғынлығы, урыўлардың буннан басқада майдаланып бөлинетуғынлығы, олардың атлары әпиўайы тилде, баланың жасына сәйкес түрде түсиндирилген. Оқыўшылар усы арқалы биринши класстағы әлипбе дәўиринде ақ өзлериниң миллий қурамын, халықлық биригиўин түсиниўге ерискен. Бул қубылыс балаларды өз халқын сүйиўге ҳәм халықлар дослығын мазмунлы түсиниўге тәрбиялаўда айрықша әҳмийетке ийе болған (3.451-452).

Соны да айтып өтиўимиз керек, ески коммунистлик идеология ҳүким сүрип турған дәўирде халқымыздың бундай миллий қәдириятлары ескиликтиң қалдығы сыпатында қараланды. Халқыңды, миллетиңди, жети атаңды таныў шәрт болмай қалды, себеби елде бир ғана совет халқы деп аталатуғын халық бар деп уқтырды. Минекей, енди ғәрезсизлигимиздиң шарапаты менен миллий қәдириятларымызды, әсирлер даўамында сақланып киятырған дәстүр ҳәм үрп-әдетлеримизди емин-еркин келешек әўладқа жеткериўге, оны раўажландырыўға, олардан жаслар тәлим-тәрбиясы жолында пайдаланыўға кең жол ашылды.

Әдебиятлар:

1. Каримов И.А., Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш-Т, Маънавият, 2008.

2. Академик Ж.Базарбаев ҳәм б. Қарақалпақ этнопедагогикасы, Н, Билим, 2010.

3. Ө.Әлеўов, Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы, Нөкис, Билим, 1993.

МИЛЛИЙ ҚӘДИРИЯТЛАРДЫ САҚЛАЎ ҲӘМ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ-КЕЛЕШЕГИМИЗДИҢ ТИЙКАРЫ

Қ.Сейтмуратов – доцент, А.Сапаров - ассистент оқытыўшы
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Әсирлер даўамында әўладтан-әўладқа өтип киятырған миллий қәдириятларымызды сақлаў, ҳүрметлеў ҳәм раўажландырыў арқалы келешек урпаққа жеткериў ҳәммемиздиң тийкарғы ўазыйпаларымыздан саналады. Биринши Президентимиз И.А.Кәримовтың айтып өткениндей «Өз тарийхын билмейтуғын, кешеги күнин умытқан миллеттиң келешеги жоқ»(1.4.). Келешек әўладқа кимлердиң урпағы екенлигин түсиндириў, ата-бабаларымыздың ким екенлигин, олардың арзыў – үмитлерин жеткериў олардың келешек өмирде өз жолын таўып, халқымызға қәдирли инсан болып жетилисиўиниң тийкары есапланады.

Ғәрезсизлигимиздиң шарапаты менен миллий қәдириятларымыздан еминеркин пайдаланыў ўақты келди. Буның ушын ең дәслеп миллий қәдирият тңсинигин кеңнен аңлап алыўымыз зәрүр болады.

Қәдирият – тарийх сынаўларынан өткен, миллий умтылысларымызға, бүгинги ҳәм ертеңги арзыў-үмитлеримизге, жәмийетлик раўажланыў талапларына толық жуўап беретуғын, жыллар өткен сайын қәдири артып бара беретуғын идея ҳәм түсиниклер жыйындысы.

Дәстүр – адамлар арасында, турмысында өз орнын тапқан социаллық ҳәдийсе болып, әўладтан-әўладқа өтетуғын, тәкирарланатуғын тәртип ҳәм қағыйдалар жыйындысы. Мәселен жаслардың ер жеткенде үйлениўи, турмыс қурыўы ҳәм т.б.

Үрп-әдет – адамлардың күнделикли турмысына сиңип кеткен, ўақыттың өтиўи менен тәкирарланып турыўшы ис-ҳәрекет, көпшилик тәрептен қабыл етилген көнликпе ҳәм минез-қулық қағыйдалары есапланады. Мәселен киши жастағылардың үлкенлерге сәлем бериўи, мийман келгенде үй әтирапын тазалаў, оларға үлкен сый-ҳүрметтиң көрсетилиўи, байрамлар қарсаңында кесел, кем тәмийинленген инсанлардың ҳалынан хабар алыў ҳәм т.б.

Мәресим – көбинесе дәстүр ҳәм үрп-әдетлердиң қурам бөлими болып, инсан өмириндеги бурылыс жасайтуғын әҳмийетли ўақыяларды белгилеўге қаратылған турмыслық иләжлар. Буларға устаздың шәкиртке пәтия бериў мәресими, балаға ат қойыў, некеден өтиў, жерлеў, еслеў, жерге тухым шашыў, жыйын-теримге кирисиў мәресимлери ҳәм т.б. киреди (2.54).

Дәстүрдиң қурам бөлими-үрп-әдет, үрп-әдеттиң әҳмийетли бир бөлими мәресим есапланады. Үрп-әдет турмыста тез-тез ушырасатуғын болса, мәресим тек ғана инсан өмириндеги әҳмийетли ўақыялар ушырасқанда әмелге асырылады. Мысалы: жаслар ер-жеткенде үйлениўи, турмысқа шығыўы дәстүр болса, белгили бир тәртипке сай өткерилген неке тойы үрп-әдет есапланады. Бул тойда некеден өтиў, қолларға жүзик тағыў сыяқлы мәресимлер өткериледи. Жас қәнигениң оқыў питкерип, жумысқа кириўи үрп-әдет болса, оған бағышланып дәстүрий дәстурхан жайып белгилеўи мәресимге айланады.

Ўақыттың өтиўи, жәмийеттиң раўажланыўы менен дәстүр, үрп-әдет ҳәм мәресимлерде өзгерип, жаңаланып ҳәм раўажланып барады. Мәселен, белгили бир

сәнеге бағышлап ҳәр жылы дәстүрге айланған илажлар шөлкемлестирилиўи мүмкин. Жаңа кәрхананың ашылыўы, диплом тапсырыў, паспорт тапсырыў салтанатлары ҳәм т.б. заманагөй мәресимлерге айланып атыр. Соның менен бирге социаллық талапларға жуўап бермейтуғын айырым дәстүрлер, үрп-әдетлер ҳәм мәресимлер әсте ақырынлық пенен умытыла баслайды.

Соңғы ўақытлары халқымыз, әсиресе жаслар арасында заман талабына туўра келмейтуғын, мәниссиз дәстүрлер, қәде-қәўметлер пайда болып атыр. Мысалы, тойлардағы аса кеткен ысырапгершиликлер, «гулянка»да естеликлер (бул естеликлердиң не мақсетте орнатылғанлығы менен ҳеш кимниң иси жоқ) жанында спиртли ишимликлерди ишиў ҳәм босаған ыдысларын сындырып кетиў, келинниң аяқ кийимин алып қашыў, автомашинаға байлаған қуўыршақты сатыў ҳәм т.б.

Ата-бабаларымыздан киятырған ҳәр бир дәстүр белгили бир мағананы аңлатқан ҳәм тәрбиялық әҳмийети болған. Мысалы «баўыр қәде»ниң қудаларға қойылыўы баўырман болып қатынасқаймыз дегенди аңлатса, «ел қәде» тарқатыў келин болып атырған қыздың ақыллы, ийбели, әдеп-икрамлы болып камалға келиўинде аўыл-елдиң үлеси бар екенлигин есапқа алып, оларға миннетдаршылық ретинде дәстүрхан жайыў дегенди аңлатады. Солай екен, ҳәр бир жаңадан пайда болған дәстүр халқымыздың миллийлигине сәйкес болыўы, белгили бир тәрбиялық ўазыйпаны атқарыўы тийис.

Соңғы ўақытлары той-мерекелерди тәртиплестириў, ысырапшылықлардың алдын алыў бойынша бир қатар қарарлар қабылланып, әмелий илажлар исленбекте. Деген менен миллий дәстүр, үрп-әдетлеримиздиң мәнис-мазмунын кең халық массасына, әсиресе жасларымызға кеңнен түсиндирилмесе, бул илажлардан тийисли нәтийжени күтиў қыйын.

Бизиңше, бул жумыслардың басында Республикамыздың Мәденият министрлиги турыўы тийис. Себеби, той-мерекелеримиздиң заманагөйлиги, бизиң мәдениятымыздың өлшеми. Министрлик жанынан үлкен өмир тәжирийбелерине ийе болған инсанлардан, илимпазлардан, районлардың актив жасы үлкенлеринен, жаслар ҳәм дин ўәкиллеринен ибарат тураклы ислеўши арнаўлы топар дүзилип, заманға сай той-мерекелердиң сценарияларына конкурс жәриялаў тийкарында олардың ең жақсыларын сайлап алып, турмысқа ендириўдиң илажлары көрилиўи тийис. Сценарийлер райондағы жасаўшы турғынлардың миллий менталитетин, үрп-әдет, дәстүрлерин есапқа алған түрде дүзилиўи тийис. Бунда баслы дыққат той-мерекелердиң заманагөй ҳәм ықшам болыўына, миллий қәдириятлардың сақланыўына, ысырапгершиликтиң алдын алыўға қаратылыўы керек. Ең тийкарғысы, бул-жасларымыздың миллий қәдириятларымыз болған үрп-әдет ҳәм дәстүрлеримиздиң мәнис-мағанасын түсинип, оларды буннан былай да байытып ҳәм раўажландырып барыўы болып есапланады.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Каримов И.А., Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш, Т, Маънавият, 2008.
2. Муталибова М., Халқ педагогикаси, Тошкент, 2011

ТАРБИЯВИЙ ИШЛАРДА ШАРҚ АЛЛОМАЛАРИНИНГ ПЕДАГОГИК ҚАРАШЛАРИДАН ФОЙДАЛАНИШНИНГ АХАМИЯТИ

Қ. Сейтмуратов – доцент, М. Шерипбоева - 2 курс талаба
Нукус давлат педагогика институти

Буюк аждодларимиз ва қатор алломаларимизнинг педагогик қарашлари таълим-тарбия самарадорлигини оширишда мухим манбалар бўлиб хизмат қилади. Юсуф Хос Ҳожибнинг «Қутадғу билиг», Носир Хисравнинг «Саодатнома», Ибн Синонинг «Донишнома», Саъдийнинг «Гулистон», «Бустон», Навоийнинг

«Маҳбубул кўлуб», Бобурнинг «Бобурнома», Абдулла Авлонийнинг «Туркий гулистон ёхуд ахлоқ», Бердақнинг “Ахмоқ подшоҳ” каби асарларидаги таълим-тарбиявий қарашлардан хозирги кунда узлуксиз таълим тизимида кенг фойдаланишимиз мумкин.

Улар Ватан, халк манфаатлари, унинг мустақиллигини саклаш, уни янада равнақ топтириш йўлида ўзларини фидо килганлар, ҳар қандай кийинчиликларни бошдан кечиришга, енгиб ўтишга бор имконият ва истеъдодларини сафарбар қила олганлар. Буюк аждодларимиз, Сулаймон Бақирғоний, Заҳириддин Бобур, ал Беруний, Аҳмад Яссавий, Кунхожа, Ажиниёз ва бошка унлаб, юзлаб утган алломаларимиз асарларида ватанпарварлик туйғусини шакиллантиришга катта эътиборнинг қаратилганлигини ва уларнинг ўзлари ҳам ана шу туйғу билан яшаганликларини кўришимиз мумкин. Ўз эл-юртини жаҳонга машҳур килган буюк саркарда Амир Темур “Давлат лашкару-фукароларнинг садоқати ва фидойилиги билан қудратлидир”, деб бежиз айтмаган. Ана шундай фидойи одамлар қанча кўп бўлса, давлат шунчалик қудратли ва бой бўлади.

Иккинчи жаҳон урушида мағлуб бўлган, бугун эса кўп соҳаларда дунёда етакчи ўринни эгаллаб турган Япония бунга мисол бўла олади. Япониянинг қисқа вақт ичида жаҳондаги энг ривожланган мамлакатлардан бирига айланишининг сабаби ҳам ёшлар онгида миллий қадриятларни сақлаш, уларни амалиётга татбиқ этиш ва унинг моҳиятини англаган ҳолда келажакка ишонч туйғуларини тарбиялай олиш бўлди. Миллийлик ва замонавийликнинг уйғунлигини таъминламай туриб, юқорида кўзланган мақсадга эришиб бўлмайди. Миллий тарбия миллатчилик тарбияси эмас, аксинча миллий маданиятли халқимизнинг, ҳаётнинг барча жабҳаларида эришган ўзига хос ютуқларини тиклаш, сақлаш ва ривожлантиришнинг маърифий воситаси бўлади. Фақат миллий тарбиягина болаларимизда миллий қадриятларни, ор-номусни ва соф виждонни, меҳнатсеварликни, илмга чанқоқликни, меҳр-оқибатни, ташаббускорликни, мустақил фикр юритиш қобилиятларини бойитиб, кейинги авлодларга етказишга хизмат қилади.

Узоқ йиллар миллий тарбиямизга, минг йиллик урф-одатлар, қадриятларимизга кенг этибор берилмаганлиги оқибатида одамлар орасида меҳр-оқибат, диёнат, шарм-ҳаё, андиша, ор-номус, халоллик, катталарга ҳурмат, кичиқларга эътибор сусайиб кетди. Ёшлар ўртасида жиноятчилик, ўғрилик, кашандалик, қотиллик, ахлоқсизлик, қаллобликлар бирмунча кўпайди. Буларнинг барчаси совет империяси даврида ўз қадриятларимизнинг поймол қилинишининг натижасидир. Ўз тилимиз қолиб бошқа тилда гапирдик, марказнинг маъқуллаган ўқув дастурлари ва дарсликлари билан таълим-тарбия олдик. Шунинг натижасида ёшлар маънавияти миллийликдан узоқлашди. Демак, шарқ алломаларининг қарашлари орқали ёшларни тарбиялаш иши аввало уларда миллий қадриятларимизни ҳурмат қилишдан, ўзлигимизни, кимлигимизни англашни ўрганишимиздан бошланиши лозим экан.

Дарҳақиқат, ёшларимиз ўз иқтидори, билими ва тажрибасидан ташқари, жамиятда кечаётган турли хил ижтимоий тизимга миллий ғоя ва миллий мафкура талаблари асосида ёндошмоғи, ижтимоий фаолиятни бошқаришнинг илмий қонуниятлари ва қоидаларини мукаммал эгаллаб бориш сари интилмоғи лозим. Бу жараён ёшларнинг янгича соғлом турмуш тарзини шаклланиши меъёрини белгилайди.

АБУ АЛИ ИБН СИНОНИНГ ТАЛИМ-ТАРБИЯГА ОИД ҚАРАШЛАРИ

Қ. Сейтмуратов – доцент, О.Турсунов - 3 курс талаба
Нукус давлат педагогика институти

Биз биламизки Шарқ санъат, маданият, илм-фан ўчоғи сифатида қадимдан малум бўлиб келган. Шарқда яшаб утган олимларнинг бой маданий мероси қанча вақт ўтмасин ҳалигача ўзининг амалий аҳамиятини йўқотгани йўқ. Алломаларимизнинг ахлоқан пок ва етук инсонларни тарбиялаш масаласидаги тажрибалари, халқимизнинг маънавий бойликлари, аждодларимизнинг бизга қолдирган илмий мероси ва талим –тарбиявий тажрибаларини ўрганиб чиқиш, уларнинг юқутларини бугунги кундаги талим –тарбия ишларига тадбиқ этишнинг аҳамияти каттадир. Бу борада Ўзбекистон Республикасининг биринчи президенти А.И.Каримовнинг қуйидаги сўзлари алоҳида этиборга лойиқдир: “Наслу-насабини билмаган инсон саналмайди. Неча йиллар бизни тарихимиздан, динимиздан, маънавий меросимиздан ажратишга уриндилар. Аммо биз ҳурриятни орзу этишдан, ҳуррият учун курашишдан чарчамадик. Маслагимизни, наслу-насабимизни доимо ёдда сақладик. Улуғ боболаримиз руҳига, башарият тарихи ва маданияти хазинасига катта ҳисса қўшган улуғ аждододларимизга, улар қолдирган улкан меросга муносиб бўлиш истаги жамиятимиз аъзолари орасида кенг ёйилиши, ҳар бир фуқоронинг онгидан мустаҳкам жой олиши- бу ҳам янги замоннинг муҳим хусусиятидир “ [1:8-9].

Шарқда “Шайх ар-Раис” номи билан машҳур бўлган алломалардан бири ўрта аср буюк мутафаккири Абу Али ибн Синодир. Абу Али ибн Сино 980 –йили Бухоро яқинидаги Афшона қишлоғида кичик амалдор оиласида туғулди. Унинг тўлиқ исми Абу Али ал-Ҳусайин ибн Абдуллоҳ ибн ал-Ҳасан ибн Али ибн Синодир. Ибн Сино мутолааси зўр, меҳнат севар эди. Ундаги кўчли зеҳин, туғма қобилият, кучли хотира ўзаро бирикиб кетганди. У устозларидан ҳинд ҳисоби, фиқҳдан билим олган. Кейин эса файласуф Абу Абдуллоҳ Нотилийдан фалсафа, мантиқ, ҳандаса ва бошқа фанлардан дарс олади.

Ибн Сино Хоразмга кўчиб келиб, Абу Райҳон Беруний бошқараётган “Маъмун академияси”да илмий ишлар билан шуғулланади. Хоразмда ўзининг йирик асарлари –“Тиб қонунлари”, ”Китоб аш-шифо” китоблари устида иш олиб боради. Ибн Сино Гурганжда, Райда, кейин эса Ҳамадонда, умрининг сўнги йиллари Исфаҳонда яшайди. Ибн Сино 1037-йили 18 июнда 57 ёшида Исфаҳон шаҳрида вафот этади.

Алломадан кейинги авлодга “Китоб ал-қонун фит-тибб” («Тиб қонунлари»), ”Ҳайй ибн Яқзон”, ”Рисолат ат-тайр”, «Рисолат ал-қадр”, “Китоб ан-Нажот”, “Аш-шифо”, “Донишнома”, «Китоб ул-инсоф», «Китоб ул-араб» («Араб тили») ва бошқа, жами 450 дан ортиқ илмий асарлар мерос булиб қолди. Бугунги кунга бу асарлардан 242 бизгача етиб келган. Ибн Синонинг болаларни тарбиялаш буйича талим-тарбиявий қарашлари бугунги кунда ҳам амалий аҳамиятга эга.

У болани мактабда ўқитиш ва тарбиялаш зарурлигини қайд этиб, мактабга барча кишиларнинг болалари истисносиз тортилиши, бирга ўқитилиши ва тарбияланиши лозим деб, болани уй шароитида якка ўқитишга қарши бўлган. Болани мактабда жамоа бўлиб ўқитишнинг фойдасини қуйидагича ифодалайди: агар ўқувчи биргаликда ўқиса у зерикмайди, фанни эгаллашга қизиқиш юзага келади, бир-биридан қолмаслик учун ҳаракат, мусобақалашиш истаги ривожланади. Буларнинг ҳаммаси ўқишнинг яхшиланишига ёрдам беради. Ўзаро суҳбатда

ўқувчилар бир-бирига китобдан ўқиб олганларини, катталардан эшитганларини ҳикоя қиладилар. Болалар бирга тўпланганида бир-бирини ҳурмат қила бошлайдилар, дўстлашадилар, ўқув материалларини ўзлаштиришда бир-бирига ёрдамлашадилар, бир-биридан яхши одатларни қабул қиладилар,-дейди аллома ўз фикрларида.

Олим билим олишда болаларни мактабда ўқитиш зарурлигини қайд этар экан, таълим беришда қуйидаги қойдаларга риоя этиш зарурлигини такидлайди :

- болага билим беришда бирданига китобга банд қилиб қўймаслик;
- таълимда енгилдан оғирга бориш орқали билим бериш;
- олиб бориладиган машқлар бола ёшига мос бўлиши;
- ўқитишда жамоа бўлиб ва мактабда ўқитишга эътибор бериш;
- билим беришда болаларнинг майли, қизиқиши ва қобилиятини ҳисобга олиш;
- ўқитишни жисмоний машқлар билан қўшиб олиб бориш ва ҳаказо.

Бу талаблар бугунги кунда ҳозирги давр таълим принципларига ҳам мос келиши билан қимматлидир. Олим юқорида айтиб утилган масалаларга ўзининг “Тадбири манзил” асарида махсус бўлимни багишлайди. “Болани мактабда ўқитиш ва тарбиялаш” бўлимида таълим ва тарбия жараёнинининг мазмун-моҳиятини очиб беради [2: 89-90].

Шу билан бирга олим ўқитувчи болани ҳунарга ўргатишда унинг қобилияти, истеъдоди, имкониятларини этиборга олиши керак, барчани бирданига бир хил хунарга ўргатиб бўлмайди дейди. Айрим бола тилни ўрганади, айримлари шоир бўлиб етишади ёки нотиқлик санъатини эгаллайди. Илмларнинг турли сохаларидан кимдир тилни ўрганиш, кимдир бошқа илмни ўрганишга киришганидан сўнг, баъзиларининг табиий фанни, базиларининг геометрия илмини танлагани маълум бўлади. Демак, ўқитувчи болаларга талим беришга киришишдан аввал, ўқувчининг хулқ–атворини ўрганиши ва билимларини текшириб кўриши керак бўлади. Аввало у ўқувчининг нимага эътибор беришини текшириб кўриши, сўнгра унга хунар ёки илм турини тавсия этиши керак [3:51].

Ибн Синонинг инсонни улуғловчи олим сифатида унинг ҳар томонлама ривожланишига ишонган холда аввало билимларга эга бўлиши ва билимларни эгаллаш воситасида ақлий тарбияни ривожлантиришга оид қарашлари диққатга сазавордир. Ибн Синонинг аҳлоқ бобидаги қарашларида эса соф инсоний хислатлар, муносабатлар, одоб-аҳлоқ қоидалари ва меёрлари ўз ифодасини топган. Тарбия тизимига жисмоний тарбияни киритиш буйича таклифи эса Ибн Синонинг педагогика сохасига қушган катта ҳиссаси ҳисобланади [4:95].

Хулоса қилиб айтганда, Ибн Синонинг талим-тарбиявий қарашларида инсоннинг ҳам ахлоқий–эстетик, ҳамда жисмоний томондан ривожланиши унинг камолга етишининг асосий мезони сифатида талқин этилади. Алломанинг шахсий фаолияти дунёвий илмларни ўрганиш ҳақидаги таълимотларини, талим-тарбия ҳақидаги мулоҳазалари умуминсоний педагогик фикрлар тараққиётида юксак ўринни эгаллайди. Мана қанча вақтлар ўтмасин биз бугунги кун ёш авлодини тарбиялашда буюк алломаларимизнинг қолдирган талим-тарбиявий, педагогик қарашларидан фойдаланамиз ва бу қарашлар ўзининг амалий аҳамиятини ҳеч қачон йўқотмайди.

Фойдаланилган адабиётлар:

1. И.А.Каримов. “Ижобий ишларимизни охирига етказайлик”.- Тошкент.: Узбекистон,1993.

2. К.Хошимов,С.Нишонова, Педагогика тарихи.-Тошкент.: “ Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Милий кутубхонаси нашриёти”, 2005.
3. А.Зуннунов ва б. Педагогика тарихи.-Тошкент.: “Шарқ” , 2002.
4. К.Хошимов ва б. Педагогика тарихи.-Тошкент.: “Ўқитувчи” , 1996.

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕРИНИҢ ТӘРБИЯЛЫҚ ӘҲМИЙЕТИ

Н.Каипов
НМПИ Улыўма педагогика ҳәм психология кафедрасы

Халықтың арзыў-әрманларының сәўлеси болған ертеклерде әдиллик, адамгершилик мәселелери, турмыслық ҳәдийселерге қатнасы данышпанлық ойлары жетекши орынға қойылады ҳәм олардың жас әўладқа берер тәрбиялық тәсири оғада уллы.

Ертеклерде ҳәр түрли ўақыялардың жақсы ҳәм жаман тәреплери бойынша жуўмақ жасалады. Мысалы, «Жаманлық пенен «Жақсылық» [Қаракалпақ фольклоры. 1] ертегинде халықтың жақсылық ҳәм жаманлыққа болған көзқарасларынан келип шығып, олардың гүреси сөз етиледи. Оның мазмунында Жақсылық пенен Жаманлық жолдас болып сапарға шығады. Мәнзилге жетемен дегенше Жақсылық өз аўқатын Жаманлық пенен бөлиседи. Ал, азығы таўсылғанннан соң Жақсылық Жаманлыққа ҳәр бир азықландырғаны ушын көзлерин береди. Көзсиз қалған Жақсылық әўлийеде қонып жатырып адамлардың сөйлескенин еситеди ҳәм олардың гәплери арқалы еки көзине даўа ҳәм бир гүзе алтын табады. Патшасы өлген бир қалаға барғанда дәўлет қусы оның басына қонып, сол елге патша болады. Елди әдил басқарып жүргенде алдына даў менен келген Жаманлыққа дусласады ҳәм оған басынан кеширгенлерин айтып береди. Тезирек Жақсылық ерискен бахытқа жетпекши болған Жаманлық Жақсылық түнеген әўлийеге барып, баяғы сырларын сыбырласып айтып жүрген адамларға дусласады. Олар өз сырларын кимдур билгенлигин аңлап сол адамды излеп жүрген болады ҳәм олардан жазасын алады. Ертектиң жуўмағында «жаманлық жазасыз қалмайды» деген адамларды жақсы ислер ислеўге, жалған сөйлемеўге, әдалатлы болыўға шақыратуғын тәрбиялық әҳмийетке ийе болған даналық пикир бериледи.

Дүнья-малға өш болған, ата-анасының қәдирин аяқ асты етиўши инсанларды әшкара сынға алыўшы «Бекимбет бақсы» ертеги де турмыста ушырасып туратуғын ўақыяларға қурылған. Онда Бекимбет бақсының ҳәр бир перзентиниң дүнья изинен қуўып, адамгершилик қәсийетлеринен журдай болғанлығы сөз етиледи. Дүнья малын перзентлерине бөлип берген әке қартайған шағында қараўсыз қалады ҳәм перзентлерин сынаў ушын олардың ҳәр бирин өз алдына бөлек-бөлек шақырып алып: «Мениң усы отырған төсегимниң астында бир гүзе алтын бар, мен өлген соң сен соны ал, анаў екеўине айтпа» [Қаракалпақ фольклоры. 2] дейди. Олар әкесине жақсы қарап, ишлеринен оның өлимин күтеди. Әкеси дүньядан өткеннен кейин үш ул ҳәр бири алтынды қазып аламыз деп келгенде басқасынан билдирмей келген қалғанлары менен дусласып, өзара жәнжел қылады. Соңынан алтынды бөлисип алыўға қарар қылады. Уллары бир қанша тереңликти қазғаннан кейин сол жерден өгиздиң шақы шығады. Ишинде алтын бар шығар деп ойлаған перзентлердиң қолына бир қағаз илинеди. Онда әкеси балаларына былай деп жазып қалдырған сөзлер шығады:

«Бекимбет бақсы,
Әкениң көп болар балада ҳақы,
Балаларым мени асырайды ғой деп,
Бар дүньямды,

Үш балаға тең бөлип,
Өзи далада қараўсыз қалған,
Бекимбет бақылдың өңменине,
Усы өгиздиң шақы»

Ертекте дүньяға келтирип, бағып, өсирип, тәрбиялаған перзентлердиң ата-анасын хорлаўы, оларды қараўсыз қалдырыўы сыяқлы адамгершилкке жатпайтуғын ҳәдийселер қараланады. Бүгинги күнде де жәмийетимизде қәриялар үйинде жасаўға мәжбүр болып атырған қартайған ата-аналардың бар екенлиги сыр емес. Сонлықтан, бул ертек бүгинги күнде де үлкен әҳмийетке ийе.

Әдебиятлар

1. Қарақалпақ фольклоры. II том. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.
2. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 67-76-т. – Нөкис, «Илим», 2014.

МАКТАБГАЧА ТАЪЛИМ МУАССАСАЛАРИ ТАРБИЯЛАНУВЧИЛАРИНИНГ АХБОРОТЛАР БИЛАН ИШЛАШ КЎНИКМАСИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ МАСАЛАЛАРИ

М.Х.Алламбергенова, Ж.И.Жугинисова
Ажиниёз номидаги НДПИ

2017 йилнинг 30 сентябрь куни Шавкат Мирзиёев Мактабгача таълим вазирлигини ташкил этиш тўғрисидаги фармонга имзо чеккан эди. Бу вазирликни ташкил этишдаги асосий мақсад мактабгача таълим соҳасида ягона давлат сиёсатини амалга ошириш. Мактабгача таълим тизимининг қанчалик муҳим аҳамиятга эга эканини Президентимизнинг боғча тарбиясини олган бола билан боғчага бормаган боланинг фикрлаш даражаси ўртасидаги фарқ хусусидаги фикрларидан ҳам билиш мумкин.

Ўзбекистонда биринчи марта барча мактабгача таълим муассасаларига мавзувий режалаштирилган таълим дастури тарқатилди. Таълим жараёнига энди кириб келаётган кичик ёшли болаларни ҳар томонлама қўллаб-қувватлаш тамойили асосида ишлаб чиқилган янги дастур «Илк қадам» деб номланди.

«Илк қадам» деб номланган янги дастурда таълим-тарбия жараёнига замонавий таълим дастурлари ва технологияларини татбиқ этишни асосий меъзон сифатида белгилаган. Бу дастурда белгиланган вазифаларни амалга ошириш учун тарбиячи ва болалар учун янги ўқув-методик ва дидактик адабиётларни тайёрлаш зарурияти келиб чиқади. Мактабгача таълим муассасаларида таълимий фаолиятни ташкил этишда билимларни ўзлаштириш бошқача айтганда янги ахборотлар билан танишиш ва уларни англаш ҳамда ўзлаштириш кўникмаларини ҳосил қилиш замонавий ахборот-коммуникация технологиялари ва зарур техник воситалар ёрдами асосида таъминланади.

Мактабгача таълим қатор тамойилларга асосланади. Бу тамойиллар қуйидагилардан ташкил топиши мумкин: 1. Мактабгача таълим тарбияланувчиларининг эҳтиёжлари ва индивидуал хусусиятларини ҳисобга олиши. 2. Мактабгача таълим боланинг психомотор, лингвистик ва когнитив ривожланишини қўллаб-қувватлаши, ўзини ижтимоий муҳитга мослашиш ва бошланғич таълимга тайёрлаши. 3. Мактабгача таълим болаларнинг муносабатларни ўрнатиш ва ҳамкорликда ишлаш, ўзаро ҳурмат, жавобгарчилик ҳисси, чидамлилик ва хайрихоҳлик туйғуларини ривожлантиришига хизмат қилишлиги. 4. Ўйинли таълим технологиясидан фойдаланишни ўқитишнинг асосий методи этиб белгилаш. Барча амаллар ўйинли хусусиятга эга бўлишлиги болаларга

қулай муҳитни яратади. 5. Она тилини ўрганиш орқали нутқни ривожлантириш ва сўзлар базасини кенгайтириш. Бола ёшлигидан тўғри сўзлаш ва ёзиш кўникмасини эгаллайди. 6. Болаларнинг ижодий тафаккури ва танқидий фикрлаш кўникмаларини ривожлантириш орқали ўзлигини англаш ва намоён этиш хусуиятларини шакллантириш. 7. Дастурни амалга оширишда оила шароити ва яшаш муҳити имкониятларини ҳисобга олиш. 8. Мактабгача таълим боланинг соғлом ривожланиши ва самарали натижага эришишини таъминлаши зарур.

Мактабгача таълим муассасаларида таълимни амалга ошириш ва билим, кўникмаларини шакллантиришда замонавий ўқув воситаларини яратиш бугунги куннинг долзарб вазифаларидан асосийси ҳисобланади. Ушбу вазифани бажаришда замонавий ахборот-коммуникацион технология имкониятларидан кенг фойдаланиш зарур. Чунки бугунги куннинг болалари ахборотлашган жамият ва техникавий асрда улғаётган ва тарбияланаётган шахслардир. Ушбу омилни ҳисобга оладиган бўлсак таълимий воситалар яратишда ва ахборотлар билан ишлаш кўникмаларини шакллантиришда янги ўқув адабиётларини яратиш мақсадга мувофиқдир. Яратиладиган ўқув ахборотлари таълим ва тарбияни комплекс амалга ошириш имконини бериши зарур. Ривожланган давлатлар тажрибасини ўрганганимизда мактабгача ёшдаги болалар таълим-тарбиясини ташкил этишда мультимедия технологиясидан фойдаланиш ўзига хос хусусиятга эгалиги исботланган. Бу хусусиятларни ўрганиш дидактик материалларни тайёрлаш ва ундан таълим жараёнида фойдаланиш педагогик ҳамда психологик таъсир этиш усулларини ўрганишни талаб қилади.

Ушбу нуқтаи назардан бугунги кунда мактабгача таълим тарбияланувчилари учун ўқув адабиётларини яратишда кўргазмалик тамойилига кўпроқ эътибор бериш керак. Биз ҳам ушбу соҳада олиб бораётган тадқиқотларимизда ушбу назария нуқтаи назаридан ёндашишни маъқул топдик. Мактабгача таълим дастури тарбияланучиларнинг 5-7 ёшли гуруҳдаги болаларга таълим беришни назарда тутади.

МТМ таълим жараёнининг мақсадлари: Ўқув-тарбиявий жараённинг мақсади болаларда умумий асосий компетенциялар ва ривожланиш соҳалари компетенцияларини шакллантириш учун тегишли шароитлар яратишдан иборатдир деб “Илк қадам” мактабгача таълим муассасасининг Давлат ўқув дастурида белгилаб берилган. Демак, тарбияланувчи нафақат билим ва кўникмаларни эгаллаши балки компетентли шахс бўлиб вояга етиши белгилаб берилган. Айнан ушбу мақсадга эришишни назарда тутиб тарбияланувчилар учун ўқув методик мажмуа шаклидаги таълимий ўқитиш воситаси зарур деб ҳисоблаймиз ва қуйидагича ўзимизнинг мажмуамизни таклиф этамиз.

Бу мажмуада ўқув дастуридан тартиб тарбиячи ва тарбияланувчилар учун ўқув услубий маълумотлар жойлаштирилади. Ўқув мажмуа 3 функционал блокдан иборат бўлиб у таълимий, тарбиявий ва назорат қилувчи бўлимлардан иборатдир.

Масалан, бир блок ўргатувчи вазифасини бажариб билимларни эгаллашни амалга оширади.

Бунда билимлар нафақат кўргазмали балки аудио-визуал шаклларда намоён этилади. Бу эса тарбияланувчиларда ахборотларни қабул қилиш, уларни эсда сақлаш, қайта ишлаш ва узатиш каби кўникмаларни шакллантиради.

Хулоса қилиб айтадиган бўлсак, мактабгача таълим муассасаларида тарбияланувчилар дастлабки билимларни ўзлаштириш кўникмаларини эгаллайдилар ва уларда базавий билимлар шакллантирилади. Шунинг учун давлатимиз томонидан амалга оширилаётган ушбу соҳадаги ягона сиёсатни амалга оширишда тарбияланувчиларнинг билим савияси ва тафаккурининг ривожланишига асос бўладиган ўқув услубий ишланмаларни замон талабида ишлаб чиқиш масаласи энг долзарб ва тезкор амалга оширилиши керак вазифа деб биламиз.

Фойдаланилган адабиётлар

1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш. Мирзиёев. Мактабгача таълим тизимини тубдан такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида. «Халқ сўзи» газетаси 2017 йил 11 сентябрь 181 (6875)-сон.

2.“Илк қадам” Мактабгача таълим муассасасининг Давлат ўқув дастури. Т. 2018й.

3. Алламбергенова М. Разработка и использование интерактивных учебных комплексов в учебном процессе.// Вестник Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан – 2010. -№ 3 -95-97 стр.

YOSHLARNI QADRIYATLAR ASOSIDA TARBIYALASH – DAVR TALABI

M.Ashurov- Andijon davlat pedagogika universiteti o’qituvchisi
G.Qoyshibaeva - Nukus davlat pedagogika instituti oqituvchisi

Avlod va ajdodlarimiz yaratgan qadrlash mezonlarining tarixi eng qadimgi naqllar, rivoyatlar, afsona, dostonlarga, ya’ni xalq og‘zaki ijodi namunalariga borib taqaladi. Spitamen, Muqanna va Jaloliddin Manguberdi to‘g‘risidagi asarlarda, Alpomish, To‘maris va Shiroq to‘g‘risidagi afsona va dostonlarda vatanparvarlik, qahramonlik, xalq va yurt ozodligi uchun fidoyilik kabi ko‘plab umuminsoniy qadriyatlar tasvirlangan. Ma’naviy merosimizning yorqin namunasi “Avesto” zardo‘shtiylikning muqaddas kitobi bo‘lganligidan, unda bu dinning qadriyatlar tizimi, qadrlar mezonlari, o‘sha davrdagi milliy g‘oyalar yorqin ifodalangan. Uzoq o‘tmishdayoq shakllangan qadriyatlarimiz asrlar osha yashab kelmoqda.Yoshlarni qadriyatlar ruhida tarbiyalashda oilaning o‘rni beqiyos.

Bugungi davlatimizning mustaqilligi sharoitida oila va oilaviy tarbiyaga munosabat, qarashlar o‘zgacha tus olmoqda. Zero, insonlarning ma’naviy – axloqiy va ma’rifiy qarashlarini shakllantirish, ularning kelajakdagi hayotlarini belgilab beruvchi omildir. Ayniqsa, yoshlarda milliy tuyg‘u, o‘z xalqiga, uning an’analariga, tili va madaniyatiga muhabbat va hurmatni tarbiyalash, avvalo oilada asos solinishi hech kimga sir emas. Shuning uchun ham bugungi kun oilasini ma’naviy va madaniy sog‘lomlashtirish, umumjamiyat o‘rtasida oila salohiyatini ko‘tarish muammosi o‘ta dolzarblik kasb etmoqda.

Oilada axloqiy tarbiyaning rolini ko‘rsatish, unda ota – bobolarimizdan meros bo‘lib qolgan axloqiy fazilatlarni egallashning naqadar ahamiyatga molik ekanligini ilmiy – amaliy tahlil qilish juda muhimdir.

Barkamol shaxsni tarbiyalash birdaniga amalga oshmaydi. Xalqning axloqiy mezonlari ona zamin, qadimiy diyor bilan, uning tarixiy taraqqiyoti davomida erishgan ma’naviy yutuqlari bilan nozik rishtalar orqali bog‘langan. Bu rishtalar xuddi ona vujudidan hayot nurini o‘tkazgan bola kindigi singari ona zaminga

muhabbat, burch va vijdon, nomus va or, iymon va e’tiqot, halolik, poklik, g‘amxurlik va mas’uliyat kabilar.

Har bir oilada farzandga nasihat berilar ekan, unga o‘zidan kattalarni hurmat qilishi, tanisa – tanimasa salom berishi, muomalali bo‘lishi alohida uqtiriladi. O‘zbek oilalarida o‘tadigan birorta ham marosim, to‘y – tomosha, hashar keksalarning maslahati va ishtirokisiz o‘tmaydi. Ularning hayotiy tajribalari, pand – nasihatlari, maslahatlari bola tarbiyasi uchun ma’naviy tayanch hisoblanadi. Sharqona tarbiyada bolalarni odobga o‘rgatishda dasturxon atrofi eng qulay joy hisoblanadi. Bu yerda ota – ona hamda yoshi ulug‘lar yoshlarga pand – nasihat qiladilar, nima to‘g‘ri, nima noto‘g‘ri, nima yaxshi, nima yomonligini uqtiradilar.

Oilada shaxsni axloqiy shakllantirish bolaning tug‘ilishidan boshlanadi. U bir qator omillar ta’sirida tarkib topadi. Bu omillar oilaviy munosabatlar xarakteri, ota – onalarning namunasi, ularning bilim darajasi, umummadaniy saviyasi va nihoyat, oilaviy hayotni tashkil etishdan iborat. Oilada bolaning yuqoridagi xususiyatlarini hisobga olish, bolani ma’naviy – axloqiy tarbiyalashda milliy qadriyatlardan foydalanishning mohiyati, o‘ziga xosligi va ahamiyatini tahlil qilish va undan unumli foydalanishga yordam beradi. Milliy va umuminsoniy qadriyatlar yoshlarni hozirgi zamon bilim, intelektning oliy darajalarini egallash bilan bir qatorda, xalqimizga xos bo‘lgan oliyjanob insoniy fazilatlarning tarkib topishiga ham ulkan hissa qo‘shishi mumkin ekanligini ta’kidlaymiz.

Paydalanǵan ádebiyatlar:

1. Мирзиёев.Ш. "Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак" – Ўзбекистон. 2016й.

2. Karimov.I.A.. “Yuksak ma`naviyat yengilmas kuch”. – T.: “Ma`naviyat” 2008.

3. Bo’riyev O “Oila va yangi an’analar” -T.: “O’zbekiston” 1988y

4. Jalilov T “An’analar hayot sabog’i” - T.: “Ozbekiston” 1992y

5. M.Inomova “Oilada bolalarning ma’naviy, axloqiy tarbiyasi”-T.: “Ozbekiston” 1999y

TÁRBIYA HÁM MUZÍKA TÁLIMI

M.Berdibekov, S.Romanova -p.i.k.
Дене тәрбиясы сабағында гимнастика шынығыўларында тийкарғы ҳәрекетлер балада түрли жағдайларда, шараятларда мөлжел өлшемди алыўға, пәнлердин қанша узақта турғанлығы, пәнлер ортасындағы аралық қандай, көз бенен өлшеп, баҳалаў қәбилетлерин раўажландырып барады. Ўақытты үнемлеўге, мөлшелди туўры алыўға үйретеди, шынығыўлар қанша ўақыт ишинде орынланыўы ҳәм оның айрым бөлимлери қандай аралықта избе-изликте болыўы, ҳәрекетлерди берилген яки жеке инта менен орынланыўын тәмийнлейди, жәмәәт пенен биргеликте ҳәрекет қылған ўақытта мөлшел алыўға үйретеди бала сапқа турыў ҳәм барлық топардың қайта сапланыўы ҳәм саптан шығып тарқалған ҳалда турып ҳәрекет қылыў шынығыўлары ўақында өз орнын таўып алады: жәмәәт пенен биргеликте искерлик көрсетилип атырған ҳәм өзгерип туратуғын ҳәр түрли шараятларда мөлшер алыўға үйренип барады. Булар барлығы дөгерек әтирапты есапқа алыў шеберлигин тәрбиялаўға ҳәм соған муўапық рәўиште анық мақсетти гөзлеп ҳәрекет қылыўға жәрдем береди. Орта мектеплердеги дене тәрбиясы сабағындағы гимнастика тийкарғы ҳәрекетлер эстетикалық туйғыларды, сезимлерди тәрбиялаўда да әҳмийетли болып, олар шырайлы, көркем, тик қәдди-қыяметти қәлиплестириўге, анық ҳәм көркем ҳәрекет қылыўға, ҳәрекетлер дикоординациялаўға, жәмәәт пенен бирге ҳәрекет қылыўға ҳаўада ҳәрекет қылыў имканиятларынан дурыс пайдаланыўға толық жәрдем береди.

Дене тәрбиясында гимнастиканың тийкарғы ҳәрекетлери – бул қыйын, қурамалы шәртли рефлекс. Олар тәлим- тарбия процесинде әсте – ақырынлық пенен пайда бола баслайды. Мектепте болған жас даўамында тийкарғы ҳәрекетлер раўажланып, қурамаласып ҳәм еркин ҳәрекетке айланып, айланып, стериотиплерге айланып, барады. Ҳәрекетлердиң тегис избе-излик пенен көп мәртебетакирарланыўы, мәселен, жүриў, үлгериў, ылақтырыў шынығыўларында ҳәм басқа да шынығыўларда ҳәрекетлердиң қайта-қайта тәкирарланыўы нәтийжесинде усы ҳәрекетлердиң ҳәр биринде бар болған айырым элементлер ортасында қарым-қатнас байланыслары пайда болады. Дәслепки ҳәрекетлерден басланған буўын-мускул сигнализациясы соңынан кейин орынлайтуғын барлық гезектеги ҳәрекетлерге туўрыдан-туўры тәсир көрсетип, оларды бир дизимге салып еркинлестиреди ҳәм автоматластырады. Бундай ўақытларда балаларда пайда болатуғын динамикалық стериотиплер үлкен еркинликке ийе болады. Бирақ оқытыў, үйретиў ҳәм балаларда гимнастиканың тийкарғы ҳәрекетлерди раўажландырыў процесинде әсте- ақырын белгили бир динамикалық стериотипти қәлиплестириў тез қайта сапланыў қәбилетин тарбиялаў, қоршаған дөгеректеги өзгериўшең шараятқа ийкемлестириў, бейимлесиўди асте ақырын қәлиплестирип барыў үлкен итибарды талап қылады. Бул болса шынығыўлардың ҳәр түрли вариантларын орынлаў, тапсырмаларды өзгертиў, алмастырыў; ҳәрекетлердиң бағытын, ҳәрекет орынланып атырған шараятты өзгертириў жолы менен әмлеге асырылады.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Абдуллаева А., Хонкелдиев Ш. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., Өз ДЖТИ, 2005 жыл – 300 б.

2. Ливицкий А.Н. «Мактабгача ёшдаги болаларни жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., 1995 жыл – 500 б.

3. Саломов Р.С. «Спорт машғулотнинг назарий асослари» - Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жи’л – 238 б.

4. Маҳкамджанов К.М. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., «Иқтисод-молия» 2008 жыл – 300 б.

5. Гоншарова О.Б. «Ёш споршиларнинг жисмоний қобилиятларини ривожлантириш» Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жыл – 171 б.

BASLAWISH KLASSLARDA SABAQLARDI INTEGRACIYALAP ÓTIWDE OQITIWSHINIŃ SÓYLEW MÁDENIYATINIŃ ÁHMIYETI

R. Muratkamalova - NMPI magistranti

Sóylew mádeniyatı-insan iskerliginiń tiykarın quraydı. Aqıl-oy,sana,bilim,oylaw sıyaqlılar sóylew mádeniyatın rawajlandırıp,onı keleshekke baǵdarlaydı. Sonday eken, kishi jastaǵı oqıwshılarda sóylew mádeniyatın qáliplestiriw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, baslawısh tálim oqıwshılarınıń bilim, kónlikpe hám tájiriybelerin qáliplestirip qoymastan,bálki olardı sóylew mádeniyatı arqalı óz watanına,ana tiline,ulıwma xalıqlıq qádiriyatlarına súyispenshilik sezimlerin oyata alıw da,oqıtıwshılarımızdıń baslı maqsetlerinen sanaladı. Sóylew mádeniyatı oqıwshılardıń átirapındaǵı insanlarǵa hám átirap-ortalıqqa bolǵan múnásibetin rawajlandıradı. Baslawısh klaslarda oqıtılatuǵın sabaqlıqlar “Ana tili”, “Oqıw”, “Átirapımızdaǵı álem”, “Qosıq”, “Súwretlew óneri” sıyaqlı oqıw pánleri tiykarında kishi jastaǵı oqıwshılarda sóylew mádeniyatı qáliplesip baradı.Sebebi,usı pánlerdi oqıtıw barısında,oqıwshılar sanasında sóylew,gáp dúziw,erkin pikirlew qábiletin rawajlandırıw,insan hám jámiyet onıń rawajlanıwı haqqında túsinikler,bilimler haqqında oylawın rawajlandırıw,is-háreketlerin ózlestiriw haqqındaǵı kónlikpe hám tájiriybelerin qáliplestiredi. Baslawısh klaslarda ótiletuǵın bir neshshe sabaqlardı integraciyalap ótkenimizde, balanıń sanasında sol tema haqqında maǵlıwmat ele de anıǵıraq bolıp saqlanıp qaladı. Máselen, “Oqıw” sabaǵınan máwsimge baylanıslı qosıq yamasa gúz máwsimine arnalǵan tekstti ótsek, “Ana tili” sabaǵınan gúz máwsimine baylanıslı sózler qatnasqan shınıǵıwlar jazamız. Al, “Súwretlew óneri”sabaǵınan bolsa,máwsimlerdıń kórinisleriniń súwreti salıw tapsırılsa, “Qosıq” sabaǵınan máwsimlerge baylanıslı qosıq qatarları berilgen boladı.Biz 2-klass sabaqlıqların alıp qarasaq,2018-jılı B.Qutlımuratov, N.Tájenov, B.Qálimbetov, P.Salievalardıń avtorlıǵında baspadan shıqqan “Oqıw” kitabınıń 18-betinde “Altın gúz” temasında “Gúz keldi” teksti berilgen.Onda gúz jıl máwsimleriniń biri ekenligi hám bul máwsimde elimizdiń diyqanları jazı menen islegen miynetleriniń nátiyjesinde,tolıq pisip jetilisken qawın-ǵarbız,pomidor,kapusta, júzim bárshe daqılların ata-analarımız jıynap alatuǵınlıǵı,olarǵa bizlerde sabaqtan bos waqıtlarımızda jıynasıwǵa járdem beretuǵınlıǵımız sóz etilgen.Hawa rayınıń salqın túsiwi menen tereklerdiń japıraqları sarǵayıp, jerge tógiliwin,olardı tazalap átirap-ortalıqtıń taza bolıwına úlesimizdi qosıw kerekligi túsindirilgen.Gúz máwsiminiń birinshi ayı sentyabr ayında, quwanısıp oqıwǵa baratuǵınlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmat penen tekst juwmaqlanǵan.Tekstke tiyisli tómendegishe sorawlar berilgen.

1.Gúzde diyqanlarımız atızlardan neler jıynap aladı?

2.Gúzde tábiyatta ne ózgerisler boladı?

Sabaqlıqtıń 19-20-betinde bolsa, “Gúz” temasında gúz kórinisi sáwlelengen súwret berilgen.Bul súwrette eki er bala hám bir qız balanıń alma,júzimlerdi shaqasınan alıp,yashik hám de sebetshelerge salıp atırǵan kórinisi berilgen.Súwrettiń tómeninde bolsa, “Gúz” temasında K.Aymanovtıń avtorlıǵında bes kuplet qosıq qatarları orın alǵan.Qosıq qatarlarınıń tómeninde bolsa, sol qosıqqa tiyisli tómendegishe tapsırmalar berilgen.

1.Qosıqtı dawıslap oqıp shıǵıń.

2.Gúzdegi tábiyatta bolatuǵın ózgerislerdi aytıp beriń.

3.Gúzdegi pisetuǵın palız eginleri menen miywelerdiń hám awıl xojalıq eginleriniń atların aytıp beriń hám olardı sózlik dápterińizge jazıp alıń sıyaqlı tapsırmalar berilgen.Soń gúz máwsimine baylanıslı jumbaqlar orın alǵan. Solay etip biz oqıw sabaqlıǵınıń 18-19-20-betlerinde “Gúz” máwsimine baylanıslı maǵlıwmatlar menen tanıstıq.Endi B.Qutlımuratov, Q.Xojamuratova, G.Qutlımuratovalardıń avtor- lıǵındaǵı “Ana tili” sabaqlıǵınıń 11-betinde 17-shınıǵıwında gúz, miywe, kún, salı sózlerinen gáp qurap jazıwı kerekligi hám gúzde qanday ózgerisler boladı? sıyaqlı sorawlar berilgen. 16-betindegi “Juwan hám jińishke dawıslı sesler”temasına tiyisli 32-shınıǵıwda, “Gúz” temasındaǵı gúrriń berilgen. Bul jerde de Oqıw kitabındaǵı “Gúz” temasına baylanıslı maǵlıwmatlar kórsetilgen.Máselen:Gúz máwsiminiń birinshi ayı-Sentyabr ayı ekenligi,hawa rayınıń salqın túsip,baǵlarda alma,júzim,almurt pisetuǵınlıǵı aytılǵan.Gúrrińniń tómeninde “Gúz” máwsimi temasın ótiw arqalı,oqıwshılardan gúrrińde qatnasqan gápler ishinen juwan dawıslı sesler qatnasqan sózlerdi tawıp aytıp beriwi kerekligi jazılǵan.Ol tómendegishe:

1.Gáplerdegi juwan dawıslı sesleri bar sózlerdi aytıp beriń.

2.**Sentyabr,miywe,almurt** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.Sıyaqlı tapsırmalar beriw arqalı bul jerde “Gúz” máwsimine túsinik berip ótken.Al P.Ǵulomov, SH.Mırzaxmatovalardıń avtorlıǵındaǵı “Átirapımızdaǵı álem” sabaqlıǵınıń 13-betinde “Úlkemizde Gúz” temasında Jıl máwsimleri haqqında bizińwatanımız Ózbekstanda tórt máwsim náwbet penen almasıp keletuǵınlıǵı,olardıń bir-birinen ajıralıp turatuǵınılıǵı aytıp ótilgen.14-betinde bolsa,jıldıń tórt máwsiminiń súwretleri berilgen.15-betinde máwsimler ishinen “Gúz” máwsiminde júz beretuǵın ózgerisler,quyashtıń máwsimlik ózgeriwin keltirgen.16-betinde máwsimlerge baylanıslı tayanısh sózler,sorawlar,tapsırmalar hám “Gúz jemisleri” temasında 17-18-19-20-betlerinde Respublikamızda palız eginleri,mazalı miyweler qawın-ǵarbız pisetuǵınlıǵı hám gúz máwsimine qaysı aylar kiretuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmat berilgen.Al, “Súwret” sabaqlıǵınıń 10-betinde “Miywelerdiń súwretin salıw”temasına baylanıslı Ǵ.Abdurahmonovtıń qálemine tiyisli “Gúz jemisleri” temasındaǵı súwreti berilgen.Sabaqlıqtıń 11-12-13-14-betlerinde de sol Gúz jemisleri haqqında natyurmort janrı sáwlelengen súwretler orın alǵan.Bunnan biz kóriwimizge boladı.Baslawısh klaslarda ótiletuǵın derlik barlıq sabaqlardı bir-biri menen integraciyalap ótiwge boladı.Sabaqlıqlardı baylanıstırıp ótiw arqalı,ótilgen temanı ele de jaqsı túsinip alıw imkaniyatın beredi.

Ádebiyatlar:

1. B.Qutlımuratov, N.Tájenov, B.Qálimbetov, P.Salieva. 2-klass “Oqıw”kitabı 2018-jıl
2. B.Qutlımuratov,Q.Xojamuratova,G.Qutlımuratova. 2-klass“Ana tili” sabaqlıǵı 2018-jıl
3. P.Ǵulomov,SH.Mırzaxmatova.2-klass “Átirapımızdaǵı álem”sabaqlıǵı 2018-jıl

O`QUVCHILARGA EKOLOGIK TARBIYA BERISHDA PSIXOLOGIK O`YIN VA MASHQLARNING AHAMIYATI.

M.E.Pazilova – docent, R.Yo’ldasheva – talaba
NDPI Pedagogika kafedrasi

Insonni o`rab turgan tabiiy muhit va uning boyliklarini biladigan, undan tejamkorlik bilan foydalanadigan, saqlaydigan, tabiat boyligiga, go`zalligiga go`zallik qo`shadigan,

ijtimoiy va tabiiy qonunlarni biladigan bilimdon shaxsni shakllantirish ekologik tarbiyaning maqsadi hisoblanadi. Shunday ekan, o`quvchilarga ekologik bilim berishda maktab rahbarlari, o`qituvchilar zimmasiga juda katta ma`suliyat yuklaydi.

O`qituvchi har bir dars mavzusining ekologik maqsadi, mazmuni, vazifalari va istiqbollarini ko`ra bilishi, mavzuning ekologik maqsadi ta`lim-tarbiya jarayonining umumiy manfaatlariga mos bo`lishi va u bilan uzviy bog`langanligini aniq tasavvur qilishi zarur.

Ekologik ta`lim-tarbiya eng avvalo dars jarayonida, so`ngra darsdan tashqari ishlar jarayonida: davra suhbatlari, ilmiy-amaliy anjumanlar, ekologik xaftaliklar, ekologik kechalar, ekspeditsiya va ekskursiyalar orqali amalga oshiriladi.

O`qituvchi darsdan tashqari ishlarda olib boriladigan ekologiyaga oid mashg`ulotlarning mazmuni, hajmi, tashkiliy shakllarini ishlab chiqish va uning samaradorligini ko`z oldiga keltira olishi lozim.

«Tabiatshunoslik», «Ekolog» kabi to`garaklarini tashkil etish asosida o`quvchilarning tabiatga bo`lgan qiziqishi oshadi, unga munosabati ongli ravishda shakllanadi va boshqa o`tiladigan o`quv fanlariga yanada qiziqishi ortadi. Ekologik tarbiya haqidagi fikrlar tabiatni sevish, uni ardoqlashga bo`lgan xohish-istak, ma`suliyatni sezish, muammo haqidagi mustaqil tafakkur, mushohada qilish, ijobiy xulosalar chiqarishdan, tasavvurlarini kengaytiruvchi sayohatlar, ob-havo va tabiatni kuzatishdan, o`zi yashayotgan muhitni ko`kalamzor qilish, mevazorlashtirish, mehnat ko`nikmalarini shakllantirishdan, oromgohlar faoliyatini rivojlantirishdan boshlanadi.

Darsdan tashqari ishlar o`quvchilarda hamkorlik, do`stlik, mehnatsevarlik, kasb-hunarga qiziqish hislatlarini tarbiyalaydi. O`quvchilarni tabiat va inson hayotiga oid bo`lgan qiziqarli faktlar, tushunchalar, ko`nikmalar bilan qurollantiradi. Eng muhimi o`quvchilarning ekologik bilimlari oshiradi, unga bo`lgan qiziqishlarini ortadi.

Darsdan tashqari ishlarni tashkil etish usullaridan tabiatda olib boriladigan ishlar: kuzatish, sayr-sayohat, ekologik adabiyotlar bilan ishlash, ma`ruzalar, referatlar, gazetalar, stendlar tayyorlash kabilar amaliyotda keng tarqalgan. Shuningdek, ekologik tarbiyada o`yinlardan foydalanish: kechalar, olimpiadalar, viktorinalar, turli xil o`yinlar uyushtirishga katta e`tibor qaratish lozim deb hisoblaymiz.

O`quvchilarga ekologik tarbiya berishda psixologik o`yin va mashqlarning ahamiyati ham katta. Masalan, "**Daraxt 2 "mashqi.** Bu mashq insonning ichki dunyosini normal, ya`ni me`yoriy holatga olib keladi, asab-psixologik jarayonlarini balanslashtiradi, ichki jarohatlanish xolatlaridan xolos etadi.

Bu mashqni darsdan tashqari mashg`ulotlarda olib borish mumkin. O`qituvchi o`quvchilarga: «Siz o`zingizni "daraxt", deb tasavvur qiling. (o`zingiz yoqtirgan daraxtni tanlashingiz mumkin. Ko`proq-shu daraxtni o`zingizga o`xshata olishingiz va shu daraxt o`rnida o`zingizni qo`yib ko`ra olishingiz kerak.)»-deb mashqni boshlaydi.

Undan esa, «-Endi, siz o`zingizni shu daraxt o`rnida his qiling; u daraxtning chiroyli va baquvvat tupi; shamolda yengil xilpirayotgan shohalari, shildirayotgan barglari, yomg`irdan keyingi bulut orasidan chiqib kelayotgan quyoshning issiq nurlarini taralib turishi, daraxtning ildizlarini juda mustahkamligini, daraxt tuplari doimiy tarzda yaxshi ozuqalanayotganligini va yerga mustahkam o`rnashib olganligini his qila oling.

Tasavvur qiling;- Siz hozir shu daraxtga aylangansiz. Eng muhimi shuki, Siz undan yaxshi ozuqa va quvvat olmoqdasiz. Sizning ildizlaringiz yerdan juda katta kuch olmoqda. yer-bu-hayot mazmunidir.

Ildiz-bu me`yorlashuvdir. Hayotning doimiylashuvidir. Insonning reallik bilan bo`lgan o`zaro aloqasi shu daraxtning o`ziga o`xshaydi »-deydi. Bu mashq davomida

o`quvchilar nafaqat, asab-psixologik jarayonlarini balanslashtiradi, ichki jarohatlanish holatlaridan holos etadi, shu bilan qator ma`naviy ruhlantiradi. Tabiatga nisbatan mehr-muhabbat yissini uyg`atib, uni avaylab-asrashga da`vat etadi.

Shu ma`noda o`quvchilarda tabiatga nisbatan ongli munosabatni shakllantira olsak, bu bilan bir qatorda vatanga muhabbat, yaqinlariga nisbatan hurmat-izzat, har bir narsadan oqilona foydalanish barcha mavjudotga nisbatan nafosat va g`amxo`rlikni ham tarbiyalash imkoniga ega bo`lamiz.

МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ МӘКЕМЕЛЕРИ ҲӘМ УЛЫЎМА БИЛИМ БЕРИЎ МЕКТЕПЛЕРИНДЕ ДЕНЕ ТӘРБИЯНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

С.Алланиязов, Н.Бердахова, Б.Табынбаев
Нөкис МПИ

Физикалық тәрбия-улыўма тәрбиялық процесстиң тийкарғы бөлегиниң бири болып, онысыз ҳәр тәреплеме, гармониялы раўажланған баланы тәрбиялаў мүмкин емес. Әмелияттың көрсетиўинше, физикалық мәдениятты оқытыў жақсы жолға қойылған мектеплерде, оқыўшылардың кеселлик себепли оқыўдан қалыўы кескин қысқарған. Шаңарақта спорт пенен турақлы шуғылланыўлар, ҳәттеки физикалық жақтан әззи болып туўылған балалардың да саламат болып жетилисиўине мүмкиншилик береди.

Гөззаллыққа, жетискенликке умтылыў адамның тәбиятына тән болып, бул оны физикалық мәденият пенен турақлы шуғылланыўға, дурыс аўқатланыўға, саламатлық режимин сақлаўға мәжбүрлейди. Балаларыңызға булшық етлерди раўажландырмай турып, сулыў фигураға ийе болыў мүмкин емеслигин, қәдди-қәўметтиң туўры болмаўы адамды көримсиз ететуғынын, ҳәрекетлердиң еркинлиги, өз алдына көркемлик бағышлайтуғынлығын ҳәм денсаўлық-гөззаллықтың ең баслы бөлегиниң бири екенлигин түсиндириң. Бирақ усы жерде, спорт пенен ҳәдден зыят шуғылланыўдың да адамды көримсиз ететуғынлығын естен шығармаў керек.

Физикалық тәрбия бала өмириниң дәслепки күнлеринен-ақ басланады ҳәм оның өмириниң қорғаўшысы болып саналады, себеби ол бала ушын оғада зәрүрли болған гигиеналық күтим, дурыс ҳәм ўақтында аўқатланыў, ҳәрекет етиўге болған биологиялық талапларды қандырыў, дәслепки көнликпелерине-отырыў, турыў, жүриў, секириўге болған талапларын қандырыўға жәрдемлесиўди өз ишине алады.

Педагоглар әзелден-ақ шаққан бала, әдетте ақыллы бала болатуғынын айтып өткен. Ҳәрекетти тез өзлестирип алатуғын бала, әдетте оқыў материалларын да тез ҳәм анық өзлестире алады. Сонлықтан, мектепке таярлаў, баланың физикалық мүмкиншиликлерин раўажландарыўды, оның организмин беккемлеў ҳәм шыныктырыўды қамтыуы тийис.

Қәнигелер мектепке шекемги балаларды физикалық тәрбиялаў бойынша анық усыныслар берди, себеби усындай жаста булшық ет системасының, қәддиниң туўрылығының, жүргенде, жуўырғанда, секиргенде, өрмелегенде, таяныш майданы киши болғанда тең салмақлылықты сақлаўда ҳәрекетлер координациясының негизи саналады.

Физикалық шынығыўлар-физикалық тәрбиядағы оқытыў ҳәм машқ етиўдиң тийкарғы методы болып есапланады. Жас үлкейген сайын қыйынласып, олар күнделикли турмыстан, мийнет ҳәм жаўынгерлик ис-ҳәрекетлеринен алынған қыймыл-ҳәрекетлерди(жүриў, секириў, жүзиў, ескек есиў, өрмелеў) өз ишине алады. Шынығыўларда пүткил таяныш-қыймыл аппараты иске түседи, оның функциялары жетилиседи, жүрек қан тамыр, дем алыў ҳәм нерв системалары

активлеседи. Гимнастикалық шынығыўлар қолды, пәнжени, бармақларды, предметлер менен шаққанлық пенен ҳәрекет ислеўди раўажландырады, қәддин туўры тутыўды, дененің сыртқы формасын раўажландырады ҳәм оларға гармония ҳәм гөззаллық береди.

Орнын басқа ҳеш нәрсе баса алмайтуғын ҳәм бәрше шаңарақлар ушын да ерисиў мүмкиншилиги бар болған денени жетилистириўдиң формасы-ҳәр күни азанғы физикалық дене шынықтырыў- бир қатар шынығыўлардан ибарат болады ҳәм олар, бир ўақыттың ишинде бир неше булшық ет группаларына: қол ҳәм ийин булшық етлерине, аяқ ҳәм геўде булшық

етлерине, қарын процесии ҳәм арқа булшық етлерине, омыртқаның ийилгиш болыўына ҳәм сан-жамбас буўынының ҳәрекетшең болыўына бирдей тәсир етеди. Егер шараят болса, азанғы дене шынықтырыў сыпатында жуўырыўды, спортлық жүриўди ҳәм жүзиўди пайдаланыў мүмкин.

Азанғы дене шынықтырыў белгили избе-изликте орынланады. Дәслеп қан айланысын ҳәм дем алыўды жақсылаў, ушын керилиў орынланады, соңынан-қол ҳәм ийинлердеги қан айланысын күшейтиў ҳәм организмдеги зат алмасыў процессин жақсылаў ушын шынығыўлар орынланады. Дене шынықтырыў дем алыўды тынышландыратуғын ҳәм шынықтырыўшы характердеги суў менен шынығыўларды орынлаў менен жуўмакланады.

Дене шынықтырыўды орынлаўда ҳәм дем алыўға итибар бериў керек. Демди денени дүзиўлеп, қолларды көтерип, көкирек клеткасын кеңейтип, булшық етлер босасқан пайытта алыў керек. Демди шығарыў булшық етлердиң, әсиресе қарын булшық етлериниң босасып, геўдениң еңкейген, қолларды төмен түсирген, көкирек клеткасы тарайған пайытына туўры келиўи керек.

Дене шынықтырыўды жеңил спорт формасында, жылдың суўық дәўиринде-форточканы ашып қойып, ал жыллы дәўиринде- ашық ҳаўада орынлаў керек. Егер физикалық салмақ надурыс таңланған болса, пульс 25-50% ке артады ҳәм 3-5 минут аралығында дәслепки ҳалатқа қайтыў мүмкин.

Пайдаланған әдебиятлар

1. Абдуллаева А., Хонкелдиев Ш. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., Өз ДЖТИ, 2005 жыл – 300 б.

2. Ливицкий А.Н. «Мактабгача ёшдаги болаларни жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., 1995 жыл – 500 б.

3. Саломов Р.С. «Спорт машғулотнинг назарий асослари» - Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жи’л – 238 б.

4. Маҳкамджанов К.М. «Жисмоний маданият назарияси ва методикаси» Тошкент., «Иқтисод-молия» 2008 жыл – 300 б.

5. Гоншарова О.Б. «Ёш спортшиларнинг жисмоний қобилиятларини ривожлантириш» Тошкент., ӨзДЖТИ, 2005 жыл – 171 б.

ФУТБОЛ ОЙЫНЫ АЛДЫНАН ТАЯРЛЫҚ ШЫНЫҒЫЎЛАРЫ

С.Алланиязов, Н.Бердахова, Б.Табынбаев
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Футбол адам организмине түрлише тәсир көрсетеди, ол ҳәр түрли ҳәрекетлениў көнликпелерин пайда етиўге ҳәм жетилистириўге, көплеген физикалық сыпатларды тәрбиялаўға жәрдем береди. Футболға болған қызығыўшылықтың жоқары болыўының сыры-коллективлик ҳәрекетли ҳәм

қызықлы болыўында. Футбол менен шуғылланыўдың саламатластырыўда да әҳмийети жүдә үлкен. Бул-организмди шынықтырыўдың ең жақсы усылы.

Биз футбол ышқыпазларына дем алыўды туўры жолға қойыў ушын дем алыў шынығыўларының комплексин усыныс етемиз.

Биринши шынығыў. Дәслепки ҳалат-аяқлар ийин кеңлигинде, қоллар белде. Корпусты айландырып, әсте ақырын амплитуданы кеңейтеди. Айланыў дәслеп бир тәрепке, соңынан екинши тәрепке орынланады. Дем алыў диафрагмалы, терең. Дем алыў-аўыз арқалы, дем шығарыў еринлерди аз-аз қысып аўыз арқалы әмелге асырылады.

Екинши шынығыў. Аяқ булшық етлерин қыздырыў. Бир аяқты таянышқа тиреп, екиншисин дизеден бүгип аяқты ушы менен қояды. Усы аяқ пенен шепке, оңға айланба ҳәрекетлер ислеп, дизе буўынлары қыздырылады. Аяқларды алмастырып, усы шынығыў қайталанады. Дем алыў еркин, қысқа дем киргизиўлер мурын арқалы әмелге асырылады. 10 қысқа киргизиў ҳәм аўыз арқалы узағырақ созылған аўыз арқалы дем шығарыў. Шынығыўларды керисинше тәрепке қарай ислеп қайталаў.

Үшинши шынығыў. Бир қырынлап, ийилиў. Дәслепки ҳалат-аяқлар кеңирек ашылған. Шепке бурыла турып, шеп аяққа қарай ийилип, дизениң төменги бөлимине бармақларды тийгизип, мурын аркалы актив дем киргизиў. Дәслепки ҳалатқа қайта отырып-тыныш дем шығарыў. Тап усылай етип, оң тәрепке де ийилиў орынланады. Усы шынығыўларды үлкен амплитудада орынлаў булшық етлердиң тәбийий эластиклигин ҳәм булшық етлердиң ҳәрекетшеңлигин раўажландырады.

Төртинши шынығыў. Қапталға өзин таслап умтылыў. Дәслепки ҳалат-оң аяққа отырып, шеп аяқты қапталға созыў, қоллар дизеде. Аўыз арқалы актив дем киргизиў. Әсте сериппели ҳәрекет пенен салмақты оң аяқтан шеп аяққа өткериў. Қапталға созылған аяқ дүзиў болыўы керек.

Бесинши шынығыў. Әсте-ақырын тезлениў менен бир орыннан қысқа сериппели жулқыныў. Бул дем алыў ҳәм жүрек қан тамыр системаларын максимал салмақларға (нагрузкалар) таярлайды. Дем алыў: мурын арқалы тез ҳәм қысқа дем киргизиў ҳәм 10-15 адамға шекем дем алмаў, буннан соң және усындай тақылетте дем шығарыў.

Алтыншы шынығыў. Жамбас-сан буўынларын қыздырыў. Дәслепки ҳалат-дийўалға яки стулға шеп тәрепи менен турып, шеп қол менен оған таяныў, оң қол белде. Оң аяқты дизеден бүгип, ҳәм оны сан деңгейине шекем көтерип, оңға ҳәм шепке айландырыў. Тап усындай етип екинши аяқ пенен де орынлаў. Дем алыў терең, көбинесе диафрагмалы. Дем мурын арқалы киргизиледи, аўыз арқалы шығарылады.

Жетинши шынығыў. Босасыў. Дәслепки ҳалат-шалкаға жатыў. Аяқты 90 градус мүйеште көтерип, кейин босаскан ҳалда бүгиў ҳәм сермеў.

Жоқарыда айтып өтилген шынығыўлар тек булшық ет системасын ғана емес, ал дем алыў аппаратында шынықтырады, солай етип оларды футбол ушын ҳарактерли болған жоқары салмақларға таярлайды.

Пайдаланған тийкарғы әдебиятлар

1. Нуримов Р.И. “Футбол” дарслик Т, ЎзДЖТИ 2005 й.

2. Нигманов Б.Б, Хужаев Ф, Рахимқулов К.Д «Спорт ўйинлари ва уни ўқитиш методикаси» ўқув қўлланма Илмқиё нашриёти Тошкент 2011 й.

FOLKLOR QO’SHIQLARI - TARBIYA VOSITALARDIR

S.E.Romanova - p.f.n., A.Ishmatov - talaba
NMPI Musiqiy ta’lim kafedrasi

Xalq ijodiyotida an’anaviy qo’shiqlardan bolalarning odob va axloqiy tarbiyasi yuzasidan qo`llaniladigan metodlar bilan birga xilma-xil tarbiya vositalaridan ham foydalanilgani ko`rsatiladi.

Folklor materiallarida uchraydigan axloqiy tarbiya vositalari juda ko`p tur va shakllarga ega bo`lsa ham, asosiy vosita sifatida:

1) bolalar o`yinlari, 2) choyxo`rlik — choyxona gurungi, 3) bolalar gapi — gap yeyish, 4) bolalarni kattalar bilan birlikda: a) to`y marosimlari — beshik to`yi, sunnat to`yi, nikoh to`yi, hovli to`yi; b) sayillar —dala sayli, gul barra (binafsha) sayli, qovun sayli; v) yig’in — tomosha, tug’ilgan kunni nishonlash, yigit bazmi, qiz bazmi (majlisi), kelin salom — yuz ochish (ro`mol obqochish), uloq (ko`kbar) poyga, kurash, turli shakldagi yarashuvlar (musobaqalar); g) aza ma'rakasi; d) safarga chiqish, ovga borish; e) bizning zamonamizda yuqoridagilar bilan (ijobiylari bilan) birga kino, teatr, istirohat bog’i, ommaviy yig’in ham tomoshalarga borish hamda bayramlarni kutib olishda qatnashadilar.

Shubhasiz, bunday davra yoki yig’inlarning tarbiyaviy ta'siri katta bo`lgan va hozir ham u juda muhim tarbiyaviy ahamiyatga egadir.

Binobarin, bolalarning ijobiy yoki salbiy xatti-harakati ko`pchilikning ko`z o`ngida namoyon bo`ladi va shu ko`pchilik tomonidan baholanadi. Ko`pchilik ota-onalar ham o`z o`g’il-qizlarini ma'rakaga aralashganlaridan keyingina, ko`pchilik o`rtasida o`zlarini qanday tu-tishlariga oid odob va axloqiy qoidalarga amal qilishlarini davra yoki yig’indagilar tomonidan ijobiy yoki salbiy baholaganlaridan keyingina payqab oladilar.

Bu hol ota-onalarni ham o`z tarbiyaviy ishlaridan xulosalar chiqarishga olib keladi. Ko`pchilik tomonidan taqdirlangan bolalarning xatti-harakati ota-onalarni quvontirsa, ta'na va isnodga qolgan bolalarning ota-onasini afsuslantiradi, tashvishga soladi. Chunki bolalarning o`zlashtirish yoki odatlanishi kerak bo`lgan

muhim o`rin tutgan odob va axloqiy tarbiya vositalaridan biri mehmondorchilikdir.

Avvalo shuni aytish kerakki, mehmondorchilik va mehmondo`stlik xalqimiz tarixida uzoq zamonlardan beri davom etib kelayotgan eng oliyjanob insoniy odatlardan biri bo`lib davom etib keladi va davom etib kelmoqda, bundan keyin ham shunday bo`lib davom etishligiga shubha yo`qdir.

Yuqorida ko`rsatib o`tilgan marosim, yig’in, to`y-tomosha kabilarning hammasi turli shakldagi mehmondorchilik ko`rinishlarini o`z ichiga oladi.

Mehmondorchilik tor ma'nosiga ko`ra, alohida tayyorgarlik bilan, ma'lum bir guruh kishilar ishtirokida o`tkaziladigan ziyofatdir.

Shunday qilib, xalq pedagogikasi yoshlarni insoniy fazilatlar bilan tarbiyalab yetishtirishda turli metod, usul va vositalardan foydalangan.

Har qanday metodologiya mazmuni va mohiyati jihatidan ma’lum bir xalqning, millatning tarixiy, madaniy, diniy, hududiy boy merosining asl negizini yoritishga, ijtimoiy-iqtisodiy turmush tarzining ma’naviyat dialektikasini bilish yo’llarini aniq belgilab berishga, ulkan muammolarni hal qilishda zamonaviy va kelajak ilg’or g’oyalarini ko’ra bilishga xizmat qiladi. Shu boisdan ham Sharq taraqqiyoti mahsullari:

- xalq pedagogikasi va yozma ma’naviy meros,
- diniy manbalar,
- sharq allomalari ijodida ilgari surilgan komil inson g’oyasi.

Bolalar ongiga mazkur yuksak axloqiy-milliy qadriyatlarni singdirish, talabalarning estetik madaniyat haqidagi nazariy bilimlarini oshirish, xalq milliy an'analarini shaxs estetik madaniyatini shakllantirishdagi o'rni haqida tushunchalar berish va amaliy bilimlarni boyitish katta ahamiyatga ega.

Foydalanilgan adabiyotlar:

1. Bohidirov O. "Yngi an'ana va urf-odatlar" -T.: "Ozbekiston"
2. Miralimov Sh. Yangi an'analar, yangi odatlar. –T.: "O'zbekiston", 1975.

ТАРИХ ДАРСЛАРИДА «ИМКОНИЯТ ВАҚТИ» ПЕДАГОГИК ТЕХНОЛОГИЯСИДАН ФОЙДАЛАНИШ

Т.Кудярова - т.ф.н., доцент
Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти

Таълим-тарбия мазмуни, мақсад ва вазифалари даврлар ўтиши билан кенгайиб бориши натижасида унинг шакл ва усуллари ҳам такомиллашиб бормоқда. Инсон фаолиятининг асосий йўналишлари шу фаолиятда кўзда тутилган мақсадларни тўлиқ амалга ошириш имкониятини берувчи яхлит тизимга, яъни технологияларга айланиб бормоқда.

Ҳозирги вақтда таълим-тарбия соҳасида ҳам замонавий педагогик технологияларга амал қилина бошланди. Худди шу каби педагогик технологияларнинг бири «Имконият вақти» технологияси бўлиб хисобланади.

Технологиянинг тавсифи. Ушбу машғулот талаба (ёки ўқувчи) ларни ўтилган маъруза мавзулари бўйича назарий билимларни якка ҳолда (ёки кичик жамоа бўлиб) фикрлаб ҳал этиш, ечимини топиш, қўйилган саволлар (ёки мавзу) юзасидан аниқ бир тушунча ҳосил қилишга, шунингдек, фикрларни маъқуллай олишга ўргатади. Бу технология талаба (ёки ўқувчи)лар билан якка (ёки кичик гуруҳларга ажратилган) ҳолда оғизеки равишда ўтказилади.

Технолигиянинг мақсади: талаба (ёки ўқувчи) ларнинг эркин, мустақил ва мантиқий фикрлашга, интилишга, фикрларни жамлаб, уларни назарий ва амалий тушунча ҳосил қилишга, жамоага ўз фикрини ўтказишга, уни маъқуллашга, берилган саволларни ечишда ва мавзуга умумий тушунча беришда ўтилган мавзулардан эгаллаган билимларини қўллай олиш, ўрганиш.

Технологиянинг қўлланиши: семинар, амалий ва лабаратория машғулотларида якка тартибда (ёки кичик гуруҳларга ажратилган ҳолда) ўтказиш ҳамда гуруҳ аъзоларини бир неча маротаба жойларини ўзгартириб берилган вазифаларни бажаришга мўжжалланган.

«Имконият вақти» технологиясининг Тарих дарсида қўлланилишига мисол келтириб ўтамиз. Гурухнинг барча талабалари кетма-кетлигда бу технологияниг бажарилищида қатнашади. Гурухдаги талабалар сонига қараб ҳар бир талабага тенгдей бир ёки икки дахиқадан вақт белгиланади. Ўқитувчи гурухдаги ҳар бир талабага ўтилган мавзу бўйича осон ва мураккаб саволлардан беради. Саволлар сони чекланмаган, лекин вақт чекланган. Саволлар кетма-кетликда ва тезлик билан талабаларга ўқилади. Масалан:

1. Тарих сўзи қандай маънони билдиради?
2. Ўзбекистон тарихи фани нимани ўрганади?
3. Тарихни ўрганишда қандай методологик тамойилларга таяниш лозим?
4. Тарихийлик тамойилини қандай тушунасиз?
5. Тарихни ўрганишда холислик, илмийлик тамойилининг талаблари нималардан иборат?

6. Ўзбекистон тарихини қандай йирик даврларга бўлиш мумкин?
7. Тарихни ўрганишда моддий манбалар қандай аҳамиятга эга?
8. Ватанимиз тарихига доир қадимги ёзма манбалардан қайсиларини биласиз?

Талабалардан берилган саволларга тезлик билан ва аниқ жавоб беришлари талаб этилади, сабаби вақт чегараланган. Ҳар бир тўғри жавобга бир баллдан берилиб борилади. Бу методнинг «имкониятлар вақти» деб номланишининг сабаби, агар да талаба берилган саволга жавоб бера олмай қалса, кейинги ва қўшимча саволлардан фойдаланиш имконининг берилишида. Бу машғулотнинг ўтказилиши учун ўқитувчидан саволлар банкининг тузилиши талаб қилинади.

Дарс якунида аввалдан таёрланган экспертлардан хулоса қилиш, натўғри берилген жавобларни тўғирлаш, жарима балларни хисоблаш, умумий хулоса қилиш талаб этилади. Енг кўп балл тўплаган талаба ёки гурух ғолиб ҳисобланади ва тақдирланади.

Педагогик жараён характери бўйича қуйидаги мақсадларга асосланади:

- Ўқитувчи ва талаба (ўқувчи)нинг ҳуқуқларининг тенглиги;
- талаба (ўқувчи)га мавзуларни эркин танлаш ҳуқуқининг берилиши;
- талаба (ўқувчи)га хатолашиш ҳуқуқининг берилиши;
- шахсий фикри ва қарашининг борлиги;
- ўқитувчининг талаба (ўқувчи)ни назорат қилмаслиги, йўналтириши, мажбур қилмаслиги, лекин ишонтириши, бошқармаслиги, лекин ташкиллаштириши, чекламаслиги аксинча танлаш ҳуқуқининг берилганлиги.

Машғулот якунинда эришиладиган натийжа: кўнгил очиш (мйиннинг асосий функцияси-қизиқиш уйғотиш, вақтнчоғликни таъминлаш, жонлантириш); коммуникатив-мулоқат диалектикасини эгаллаш; ўз-ўзини намойиш қилиш; мақсадни аниқ билиш каби шахс учун зарурли бўлган компетенциялар шакилланади ва талаба ўзини субъект сифатида тўлиқ намойиш қилади.

ДЕКОРАТИВНО-ПРИКЛАДНОЕ ИСКУССТВО КАК КОМПОНЕНТ НЕПРЕРЫВНОГО ХУДОЖЕСТВЕННОГО ОБРАЗОВАНИЯ

Т.В.Уразимова - к.ис.н., доцент
кафедры изобразительного искусства и инженерной графики, НГПИ

Непрерывное художественно-педагогическое образование характеризуется как сложная, многоуровневая и самое главное открытая система. Использование педагогического потенциала народного декоративно-прикладного искусства в системе непрерывного художественно-педагогического образования способствует формированию самосознания личности художника-педагога, лежащего в основе его творческой деятельности; опыт восприятия народного декоративно-прикладного искусства через разнообразные культурные практики общения и культурную поведенческую среду; осуществлять реализацию профессионально-педагогической и творческой деятельности художника-педагога. Опыт декоративно-прикладного искусства в развитии личности обучающихся позволил выявить ряд обострившихся в последние десятилетия существенных **противоречий:**

На социально-педагогическом уровне: между потребностью общества в современных профессионально-педагогических кадрах и недостаточной разработанностью методологических основ данного процесса;

на научно-теоретическом уровне: между наличием понимания значимости народного декоративно-прикладного искусства в профессиональном становлении преподавателя изобразительного искусства и отсутствием разработанной целостной

концепции, раскрывающей сущность и содержание реализации народного декоративно-прикладного искусства в непрерывном художественно-педагогическом образовании;

на научно-методическом уровне: между необходимостью придания непрерывного характера художественно-педагогическому образованию с использованием потенциала народного декоративно-прикладного искусства, но при этом с недостаточной разработанностью технологического и методического сопровождения данного процесса.

В современном обществе происходит и смена ведущих функций народного декоративно-прикладного искусства по отношению к развитию личности на допрофессиональном, профессиональном и постпрофессиональном этапах непрерывного художественно-педагогического образования. Так, на допрофессиональном этапе развития личности на первый план выходят духовно-нравственная, нормативная, социализирующая, познавательная (обучающая), ценностная, художественно-эстетическая, развивающая функции. На профессиональном этапе – преобразующая, коммуникативная, информационная, гуманистическая, ценностная, творческая, семиотическая. Ведущими функциями постпрофессионального этапа соответствуют творческая, коммуникативная и компенсаторная функции. Для успешного осуществления поставленных целей необходимо решить следующие **задачи:**

- реализация народного декоративно-прикладного искусства как системообразующего компонента научно-педагогической концепции непрерывного художественно-педагогического образования в соответствии с современными потребностями общества;
- овладение информацией в области народной культуры и декоративно-прикладного искусства, приобретение навыков и умений по ее использованию в художественно-педагогической и творческой деятельности на разных уровнях непрерывного художественного образования;
- создание благоприятных учебно-методических условий для усвоения знаний, умений и навыков, способствующих изучению разнообразных видов народного декоративно-прикладного искусства в системе непрерывного художественно-педагогического образования региона;
- формирование устойчивой положительной мотивации по использованию возможностей народного декоративно-прикладного искусства в профессионально-творческой деятельности, удовлетворение познавательных интересов.

МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ЖАСТАҒЫ БАЛАЛАРДЫ КӨРКЕМ-ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТӘРБИЯЛАЎ

Т.В.Уразимова – к-ө.т.и.к., доцент, Г.Х.Жумашева –п.и.к., доцент
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Баланы тәрбиялаўдың ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири – бул оның ақыл-есин, сана-сезимин раўажландырыў, онда жаңалықларды аңсатлық пенен өзлестире алыў мүмкиншилигин беретуғын ойлаў уқыплылығын қәлиплестириў. Мектепке шекемги жастағы баланың ойлаў қәбилетин мектепте оқыўға таярлаўдың усыллары ҳәм мазмуны мине усы мәселени шешиўге бағдарланыўы тийис. Бул ўазыйпалар балалар искерлигиниң ҳәр қыйлы түрлерин: ойнаў, оқыў, көркемлик искерлиги, ҳәрекет етиў, мийнет етиўди – әмелге асырыў барысында орынланады. Балалар искерлигиниң түрлериниң бири «көркем-эстетикалық тәрбиялаў» бөлими болып

табылады. Бул бөлим балаларды көркем өнер менен таныстырыўды, раўажланып баратырған орталық эстетикасын, сүўретлаў искерлигин (сүўрет салыў, мүсинлер ислеў, аппликация), мәдений дем алыў, конструкция ислеў ҳәм қол мийнети, музыкалық тәрбияны өз ишине алады. Көркемлик тәрбияның мақсети – көркем өнерди түсинип қабыл етиўди, сезимлер ҳәм қызғын тәсиршеңликти, ойлаўды, есте сақлаўды, сөйлеўди раўажландырыў: көркем өнер тараўындағы басланғыш, әпиўайы билимлерди билиўге тартыў; көркем өнер дөретпелерине қызығыўшылық сезимин қәлиплестириў; балалардың көркем дөретиўшиликтиң ҳәр қыйлы түрлериндеги дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыў; жеке тулғаның көркем-эстетикалық мәдениятлылық тийкарларын қәлиплестириў.

Көркем-эстетикалық тәрбия ўазыйпалары төмендеги жағдайларда бир қанша ең қолайлы түрде әмелге асырылады: 1. Балалардың жеке өзине тән ҳәм жасы бойынша өзгешеликлерин барынша жоқары дәрежеде есапқа алыў. 2. Көркем-эстетикалық тәрбияның тийкары көркем өнер ҳәм қоршап турған өмир болып табылады. 3. Балалардың өзлериниң көркем-дөретиўшилик жумысларының, түсинип қабыл етиўди, образлық түсиниклерди, көз алдына келтириўди ҳәм дөретиўшиликти раўажландырыў ушын рәңбәреңлик беретуғын оқыў-тәрбиялық жумыс пенен өз ара байланысы. 4. Ҳәр қыйлы көркем өнер түрлерин ҳәм ҳақыйқый өмирди, көркем өнерди ҳәм өзиниң көркем дөретўишилигин бир қанша тереңирек эстетикалық түсиниўге жәрдем беретуғын ҳәр түрли көркем-дөретиўшилик жумысларды интеграциялаў. 5. Балалардың дөретиўшилигиниң нәтийжелерине ҳүрмет пенен қараў, олардың шығармаларын мектепке шекемги билимлендириў мәкемесиниң өмирине кеңнен қосып барыў. 6. Эстетикалық тәрбияның ҳәр түрли бағдарлары бойынша балалар менен ислесиў усылларының вариантлылығы. 7. Балалар бақшасының барлық жастағы топарлары, сондай-ақ балалар бақшасы ҳәм баслаўыш мектеп арасында көркем-эстетикалық тәрбиялаўдың избе-из даўам еттирилиўи. 8. Балалар бақшасының хожалықлар (семьялар) менен тығыз өз-ара байланыста ҳәм бирге ислесиўи.

Баланың дөретиўшилигин марапатлай отырып, оның көп нәрселерди өзинше, бизлерден басқаша түсинетуғынлығын есапқа алыў зәрүр. Кишкене баланы үйрете отырып, ҳәттеки өзиңизге танысларда «тап усылай үйретиў»диң унамлы тәжирийбеси бар болса да, қайталанатуғын қәлиплерди қолланбаң. Өзиңиздиң балаңыздың уқыплылығынан келип шығың. Себеби, ең баслысы – талантлы адамды ямаса данышпанды тәрбиялап шығарыў емес – ал баланың ишки дүньясы бай ҳәм рәңбәреңбола ма, оның мүмкиншиликлери жүзеге шығарыла алама, ол дөретиўшиликке уқыплы ма, мине усында.

Мектепке шекемги баланың жасы үлкенлер дүньясы тәрепинен тәрбиялық тәсир көрсетиўине ийкемлилиги себепли, жеке адамға бағдарланған моделдиң унамлы әдеп-икрамлылық мүмкиншиликлерин жүзеге шығарыў ушын ең қолайлы ўақыт болып табылады. Искерликтиң мектепке шекемги түрлери, балалардың ойнаўында, бир-бири менен қатнасында ҳәм искерликтиң нәтийжели түрлеринде өзлериниң жеке дөретиўшилик қызығыўшылықларының ашылыўына жәрдемлесе отырып, баланың жеке тулға сыпатында раўажланыўы ушын «ең ыңғайлы шараят» *жаратады.*

MEKTEP, SHAŃARAQ HÁM JÁMIYETSHILIKTIŃ TÁRBIYALÍQ TÁSIRIN BIRLESTIRIW JOLLARÍ

U.Seytjanova- p.i.k.,docent, D.Ismaylova -TATU janındaǵı licey oqıwshısı

Ózbekstan, Respublikasınıń bilimlendiriw haqqındaǵı nızamında ata-analar hám olardıń ornin basıwshı balalardı joqarı ádep-ikramlı, ja’miyetlik mulikke abaylap qatnasta

bolıw ruwxında tárbiyalawı, olarǵa miynet kónlikpelerin sińdiriwi hám jámiyetlik paydalı miynetke tayarlawı, olardıń fizikalıq rawajlanıwı hám salamatlıǵın bekkemlew haqqında ǵamxorlıq etiwi, olardiń óz waqtında orta maǵlıwmat hám kásip tayarlıǵın alıwı ushın zárúrli jaǵdaylar jaratıwı shárt ekenligi aytılǵan.

Klass basshıları ata-analar menen birgelikte tárbiya jumısların shólkemlestirer eken, eń jańa psixo-pedagogikalıq tájiriybeler maǵlıwmatların itibarǵa alıwi da áhmiyetli, olarǵa ılayıq ósip kiyatırǵan hár bir adamdı jetilistiriwge shańaraqtıń qosatuǵın úlesi hár qıylı jas basqıshlarında hár qıylı boladı hám tolıǵı menen ózgeredi. Dáslepki úsh jıl ishinde ol júdá kúshli boladı, sonnan keyin shańaraq tásiriniń belgili dárejede turaqlasıw dáwiri baslanadı. Onıń gezektegi shoqqısı, ádette, mektepke shekemgi jas tamamlanatuǵın dáwirge tuwrı keledi, soń shama menen óspirimlik dáwirge shekem ol ózgeriste boladı.

Jáne ata-analardıń tásiri ata-ananiń shańaraǵınan bólinip, óz shańaraǵın dúzgeninshe bir qansha kúsheyedi.

Psixo-pedagogikalıq tájiriybelerdiń maǵlıwmatları ayırım waqıtları balaniń múmkinshilikleri haqqında turaqlı (maǵlıwmatlardı) túsiniklerdi ózgertip jiberedi. Mısalı, úsh aylıq balalar ilimpazlardıń bir neshe jıl burınıraq shamalawlarına qaraǵanda bir qansha tereńirek qabıl etiw uqıplılıǵına iye, úsh jasar bala házir tek ǵana altı jasar balalar menen hám islegen nárselerin biliwi hám islewi múmkinligi, kishkentaydı júriwden aldın júziwge, ana tili menen derlik birdey shet tilinde sóylewge úyretiw múmkin ekenligi hám taǵı basqalar belgili boladı.

Tájiriybelerdiń kórsetiwinshe, ata-analar kóbinese ózlerin tárbiyalıq jumıslarǵa tolıq tayın dep esaplaydı hám arnawlı pedagogikalıq bilimlerdi iyelewdi zárúr dep esaplamaydı. Ata- analardiń bul ózgesheligin belgili pedagog ha'm psixologlar «Tárbiya hámmege tanıs hám túsinikli, hátteki ayırımlarına júdá ańsat is bolıp kórinedi-adam bul jumıs penen teoriyalıq hám a'meliy jaqtan qanshelli az tanıs bolsa, og'an bul sonshelli túsinikli hám ańsat bolıp kórinedi. Derlik barlıq tárbiya sabır-taqat talap etetuǵınlıǵın kórsetedi, ayrımlar bunıń ushın tuwma uqıplılıq hám kónlikpe kerek dep oylaydı: biraq júdá kem adam sabır-taqat,tuwma uqıplılıq hám kónlikpeden tısqarı jáne arnawlı bilimler kerek ekenliklerin biledi»-dep kórsetedi.

Bunday bilimlerdiń joqlıǵı shańaraq tárbiyasında kóplep qátelerge alıp keledi, Klass basshısı ata-analar menen isleskende bunı esapqa almay iláji joq. Bul tárepinen ata-analardiń balalardı tárbiyalawdaǵı tómendegi qıyınshılıqların hám qáteliklerin kórsetiw múmkin: Ata-analardiń balalar menen qarım-qatnasınıń kemligi. Olar ózleri, isleri haqqında azǵantay aytıp beredi, mektep-balalar jámáátiniń ómiri, óz balasınıń qızıǵıwları, onıń jámiyetlik isleri, bul iske múnásibeti hám taǵı sol sıyaqlılar menen kem qızıǵadı. Qarım-qatnastıń kemligi balalardiń ata-analardan uzaqlasıwına alıp keledi. Úlkenlerdi balaǵa jánede kúshlirek tásir kórsetiw múmkinshiliginen ayıradı.

Balalardı miynet processlerine qatnastırıw arqalı olardıń miynet tárbiyasın shólkemlestire bilmewshilik.

Ata-analar turmısındaǵı unamsız mısallardıń barlıǵi mekteptiń pedagogikalıq kúsh-ǵayratın joqqa shiǵaradı.

Ata-analardiń tárbiyalıq tásiriniń izbe-iz emesligi ara-tura oqıwın tekseriwi, qanday da bir orınsız is ushın jazalaw hám taǵı basqa sol sıyaqlılar ádep-ikram qásiyetleriniń payda bolıwına járdem bere almaydı.

Shańaraq tárbiyasınıń tiykarı sıpatında qadaǵan etiw dizimi unamlı úlgiler tiykarında tárbiyalay almawshılıq, bala turmısın ol hár qashan durıs is-háreketlerdi orınlaytuǵın dárejede shólkemlestire almawshılıqtiń nátiyjesi bolıp tabıladı. Bul dizim balanıń úlkenler qálewine unamsız múnásibetin payda etedi, ǵárezsizliktiń rawajlanıwın

tómenletedi. Háreketlerdiń mektep penen sáykeslestirilmewi yamasa onıń menen kelispewshilik. Balada muǵallimge, mektepke isenbewshilik payda boladi hám ósip baradı. Bul onı kemshiliklerdi du'zetiwin qıyınlastıradı, pedagogikalıq jaqtan qarawsızlıq halatına alıp keledi. Ayırım ata-analardıń balalar úlkeyip barıwı menen tárbiyalıq tásirdiń kúshin páseytip jiberiwi, balalardıń ata-analardan uzaqlasıwına, mektepke qızıǵıwshılıǵı tómenlewine hám taǵı basqa da jaǵdaylarǵa alıp keledi.

Qararlar qabıl etiwde keshigiw, bala úlkeygennen keyin aqılı kirip, dúzeledi dep oylaw pútkilley qáte, bul kóbinese qayta tárbiyalawdı talap etetuǵın pedagogikalıq jaqtan qarawsızlıq halatına alıp keledi.

Kórsetip ótilgen kemshilikler qatarına ata-analardıń tárbiya usılların az biletuǵınlıqların, balalar úlkeyiwi menen olardı ózgertiwdi bilmewshilik yamasa qálemewshilik, ata menen ananıń talapları bir emesligi, pedagogikalıq ádeptiń, shıdamınıń joqlıǵı, ata- analardıń turmısınıń mádeniy tárepke qarsı túrde materiallıq tárepke qızıǵıp ketiwi hám taǵı basqalardı qosıw múmkin.

БАСЛАЎЫШ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫН НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАР АРҚАЛЫ МИЙНЕТКЕ ТӘРБИЯЛАЎ

У.Уснатдинова -Әжинияз атындағы НМПИ Мектепке шекемги баслаўыш тәлим хәм спорт тәрбиялық иси қәнигелиги 1-курс студенти

Ҳәр қандай заманда ҳәм жәмийетте алдымызда турған үлкен ўазыйпалардың бири- келешек әўладты тәрбиялаў. Ҳәр тәреплеме жетик, ақыл парасатлы саналы әўладты тәрбиялаўда хәр бир халықтың салт-дәстүри, руўхый қәдириятларын сиңдириў арқалы жүзеге шығарыўға болады .

Басқа халықлар сыяқлы қазақ халқының да әўладты тәрбиялаўда мол турмыслық тәжирийбеси, озық ойлары өзине тән өзгешеликлери бар. Усындай бай мирастың түсиниклерин олардың қәлбине сиңдирмей турып жас әўладты ийгиликли ислер менен бирге парасатлылыққа тәрбиялаў мүмкин емес.

Халықтың жазба түрде жазып қалдырмаған, бирақ әўладлар есинде мәңгиликке сақланып, бир әўладтан бир әўладқа аўызеки түрде жетип келген нақыл ўәсият, үлгили қағыйда болып таралып киятырған тәлим-тәрбияның бай естелиги бар. Нақыл-мақаллар- халықтың аўызеки мийрасларының бир көриниси. Әсирлер бойы халықтың тарийхый турмыслық тәжирийбеси туўралы нақыл сөзлер арқалы халықтың ой-пикири, әрманы, көзқарасы баянланған. Даналық сөзлерди қазақ халқы қәстерлеп үлги сыпатында көрсетип адамлардың турмысында тийисли жағдайларда турақлы түрде пайдаланып келген. Нақыл-мақаллар халық өмириниң барлық тәреплерин қамтыйды .

Мийнет өмирдиң тийкары, ал мийнет етиў-адамлардың баслы ўазыйпасы деген үлкенлердиң ўәсиятлары, ҳадал мийнет еткен адам өз халқының алдында ҳүрметке ийе болатуғынлығы бойынша жас үлкен адамлардың нәсият сөзлери де балаларды мийнетке идеялық, адамгершилик көз қарасынан да таярлаўдың баслы қураллары болып табылады.

Мийнет таярлығынан өткен балалар киши жасынан баслап, мийнетке сүйиспеншилиги ерте оянып, үйде, үй руўзгершилик ислеринде ата-аналарына қол көмегин тийгизиўге талпынған. Мийнет бойынша өз көз қараслары жуўмақларына ийе киши жанрдағы фольклорда тәрбия куралларының бири сыпатында белгили.

Халық даналығы менен бай нақыл- мақаллар мийнет хәм оның адам өмириндеги мәнисин билдирсе, афоризмлер киши жастағы балалардың санасына

әдеп-икрамлылық күш пенен тәсир еткен. Қазақ халқында мийнетке тәрбиялаўда төмендегише нақыл-мақаллар бар: "Мийнет еткенниң мүтәжы табылар, ериншек бәринен қағылар ", "Мийнет ерликке жеткереди, ерлик елликке жеткереди'', ''Еңбек ер атандырады'', "Мийнет шыйратады, өмир үйретеди''.

Жас үлкенлер мийнеттиң әҳмийети хаққында балаларға нәсиятлаўда оның адамзат турмысындағы хызмети хаққында да үгит-нәсият берген. ''Еринбегенниң еңбеги оңады, еңбеги оңғанға қыдыр қонады'', ҳәм басқа да сыяқлы философиялық нақыл сөзлердиң тийкарында мийнеттиң ролин қазақ халқы эмпирикалық жол менен жүзлеген жыллар бойы тиришилик ушын болған гүрестиң барысында көплеген турмыс сынақларынан кейин тәбият алдындағы өзиниң ҳәлсизлигин мойынлаў арқалы түсинеди. Сонлықтан да тәрбиялық мазмундағы, әсиресе мийнетке байланыслы нақыл-мақаллар ҳәр қандай дәўирде де өз қунын жойтпайды.

MAKTAB O'QUVCHILARI TARBIYASIDA MA'NAVIY-MA'RIFIY TADBIRLARNING AHAMIYATI

X.Amirov – talaba, M.Allayorov - o'qituvchi
NMPI Pedagogika fakulteti

Hozirgi kunda maktablarimiz oldida ta'lim berish bilan bir qatorda, muhim tarbiyaviy faoliyat ya'ni o'quvchilarga estetik, ekalogik, axloqiy, huquqiy, iqtisodiy va shunga o'xshash boshqa turdagi tarbiyaviy ishlarni o'rgatish muhim masalalardan biri hisoblanadi. Tarbiyaning ushbu turlarini o'quvchilarga singdirish uchun avvalo maktabda o'tkaziladigan o'quvchilar his-tuyg'usini shakllantirishga asoslangan turli tadbirlarda, to'garaklar faoliyatida milliy madaniy-tarixiy an'analarga, urf-odatlar va umumbashariy qadriyatlarga tayangan holda amalga oshirilishi maqsadga mofiq bo'ladi. Masalan estetik tarbiyani o'quvchilar ongiga singdirish maqsadida maktabda turli teatr ko'rgazmalari jarayonida tashkillashtirilgan har bir spektakl unda qatnashadigan aktiyor san'atni sevishga, ardoqlashga, san'at orqali go'zalikni ko'ra bilishga, shu go'zallik orqali ona yurtni ulug'lashga, undagi go'zallikni, chiroyni asrab qolishga intilsa, sahnalashtirilgan har bir spektakl namoyishi uni tomosha qilgan har bir o'quvchida yuqorida sanab o'tilgan fazilatlarni shakllanishi bilan bir birgalikda ularni bo'sh vaqtlarini mazmunli o'tkazishda ham alohida ahamiyat kasb etadi.

O'quvchilarda huquqiy madaniyatni shaklantirish maqsadida ma'naviy tadbirlar va bu jarayonda "giyohvandlikni salbiy oqibatlari", diniy ekstremizm va terrorizm kabi tahdidlarni oldini olish "odam savdosi" "ommaviy madaniyat" kabi salbiy oqibatlarga qaratilgan mavzularda kichik-kichik sahna ko'rinishlari tayyorlash ham ijobiy natija beradi. Chunki bu vazifalarni bajarish davomida tanlovda ishtirok etuvchi jamoa a'zolarining dinniy ekstremizm, terrorizm, ommaviy madaniyat kabi tushunchalarni chuqur o'rganishiga erishilsa, buni tomosha qiladigan o'quvchilarga mazkur tahdid va illatlarning kelib chiqish sabablarini, salbiy oqibatlarini tushuntirishga qaratilgan uslub va vositalar – ma'ruza, davra suhbati, uchrashuvlarda aytilgan fikrlardan ko'ra samaraliroq natijalarga erishish mumkin.

Bugungi kunda mamlakatimizda qabul qilinayotgan qaror va farmonlar bilan o'quvchilarni tanishtirib borishda ham maktabda o'tkaziladigan tadbirlarning musobaqa yoki tanlov shaklida o'tkazish yuqori samara beradi. Bunda o'quvchilar g'oliblikni qo'lga kiritish maqsadida, yangi qabul qilingan qaror, farmon yoki farmoyishlarni mazmun mohiyatini chuqur anglashga harakat qiladi, muxlis, tomoshabin sifatida ishtirok etuvchi o'quvchilarga esa aytmoqchi bo'lgan fikr, savol-javob, sahna ko'rinishlari orqali yetkaziladi.

Yana shuni ham alohida ta’kidlash joizki, kitob o’qish inson ma’naviyatini oshiradi. Kitob ezgulikdan oliyjanoblikdan mardlikdan hikoya qiladi, tubanlik, razolat kabi yomon xislatlarni qoralaydi. Kitobxonlik va badiiy asarlar yuzasidan zakovat musobaqalari tashkil etilishi esa o’quvchilarda kitobga bo’lgan mehrni shakllantiradi. Maktablarda tashkil etiladigan sayohatlar ham ular tarbiyasida muhim ro’l o’ynaydi. Ya’ni o’quvchilarning mashhur fan, davlat arboblari, shoir va yozuvchilarni uy muzeylari, muqaddas qadamjolar va tarixiy obidalarga uyishtirilgan tashriflari davomida ularga vatanparvarlik, insonparvarlik, halolik, poklik kabi tuyg’ular chuqur singdirilishiga erishiladi.

Xulosa qilib aytganda maktablarimizda ta’lim-tarbiya berish jarayonini takomillashtirishda ma’naviy-ma’rifiy ishlar samaradorligini oshirish, bu jarayonga o’quvchilarni torta bilish va qiziqtirish barcha o’qituvchilardan talab qilinadi. Shuningdek bunday tadbirlarni tashkil etishda yuzaki yondashuvlardan qochish, natijalar bo’yicha o’quvchilarni rag’batlantirish masalasiga jiddiy e’tibor qaratilsa, ko’zlagan maqsadlarga albatta erishish mumkin.

Adabiyotlar.

1. Islom Karimov. “Yuksak ma’naviyat- yengilmas kuch” 2008.
2. “Ta’lim to’g’risida”gi qonun va Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. 1997.
3. B.X. Xodjayev. “Umumiy pedagogika nazariyasi va amaliyoti” 2017.
4. Nodira Egambedieva: “Ijtimoiy pedagogika” 2009.

FEATURES OF PEDAGOGICAL SUPPORT IN THE FORMATION OF EDUCATIONAL MOTIVATION OF YOUNGER PUPILS

Sh. Orazimbetov - 1st year master’s student
Nukus State Pedagogical institute named after Azhiniyaz.

Use of public educational standards of primary general education, developed on the basis of the methodology of system-activity approach, assumes individualization of training and search of the innovative decisions by the teacher "working" on development, advance and prospect of the pupil. The new education should teach the individual how to classify and reclassify information, how to assess its reliability, how to change categories if necessary, how to move from the concrete to the abstract and vice versa, how to look at problems from a new angle, how to engage in self-education.

Strategy in Greek means "conducting troops". In some reference sources, this concept is associated with the planning of any activity for the long term [С.И.Ожегов:750]. Therefore, the adoption of a “strategy” is not only related to military activity, but also to its other types.

Ilina N. F. in his monograph, she defines strategy, on the one hand, as an activity in which a distant goal and means to achieve it are singled out, and on the other hand, as a process of designing a complex appropriate actions aimed at achieving a certain result's. Strategy lies in the vision of the distant future [Н.Ф.Ильина:308].

Pedagogical strategy, according to Ignatova V.V, is a process that takes place in time, representing a set of appropriate actions aimed at achieving a certain result [В.В.Игнатова].

In culture, there are the following types of pedagogical strategies:

enrichment, initiation, orientation, actualization, *support*, intensification, harmonization, problematization and reflection, optimization, activation.

Pedagogical strategies differ from each other in terms of purpose, content, means of implementation, and meaning. We will consider more about the strategy of support.

In the psychological aspect, support is a system of organizational, diagnostic, training and developmental activities aimed at creating optimal conditions for activities [Т.Яничева:109]. The essential characteristic of support in this approach is the creation of conditions for the transition of the student to "self-help". Conditionally, we can say that in the process of psychological support, the teacher creates the conditions and provides the necessary and sufficient (but not excessive) support for the transition from the position "I can not" to the position "I can cope with various difficulties".

According to E.F. Zeer, support means movement together with a changing personality, next to it, timely indication of possible ways, if necessary - help and support. Pedagogical support - is the creation and development of diverse conditions for the adoption of subjective development (pupil), optimal solutions in different situations of life choices, interaction of the teacher and the pupil, aimed at solving emerging problems of development of the pupil [Э.Ф.Зеер:170].

Technologies, forms, methods, methods of implementation of the pedagogical strategy "support" are both subjective and objective, because on the one hand, they are influenced by the personal qualities of the accompanying person, and their implementation depends on his skill (professionalism), on the other hand, they are objectified in the technology and support procedures.

Tutor support is always personally oriented, as provides organization of actions where a person needs to determine the scope and limits of their capabilities. This form of interaction allows you to provide access to high-quality education of different categories of students, to expand their opportunities socialization, to create conditions for differentiation of the content of training, construction of individual educational programs.

The main feature of this technology - is the presence of a tutor, whose activity lies in the organization of the process of formation of the person accompanied, ensuring the development of their content, means and methods of educational activity. The necessary joint activity of the tutor and tutorate pupil about the solution of the problem, involves basic stages:

1. Identifying the problem and understanding its causes;
2. Finding solutions to this problem;
3. The development of a plan for solving the problem;
4. Provision of primary care during the implementation of the plan.

There are different models of tutor work: Tutors and teachers who have tutor competencies, providing effective support to pupils and students in many areas are engaged in it. They should definitely to possess the competences of a tutor-a mentor of children, an assistant to their parents, a consultant of teachers and educators in socialization of a child.

The competence of the tutor is the competence of the modern teacher, allowing him to accompany individual educational programs. Teacher of primary education, owning the listed Tutors ' competencies, can competently build the process of pedagogical support in the process of formation of educational motivation younger students [Е.В.Кузьмина:57].

Teacher-tutor should be based on the interests, needs and capabilities of the student, provide him with psychological and pedagogical support, help in setting their own goals, objectives for the period of study at school, and, as a result,-to carry out the construction and implementation of individual educational programs.

References

1. Зеер Э.Ф. Личностно-развивающее профессиональное образование. Екатеринбург: Изд-во ГОУ ВПО «Рос.гос.проф-пед.ун-т», 2006. – 170 с.

2. Ильина Н.Ф. Непрерывное педагогическое образование: обновление в контексте регионального развития: монография. Красноярск, 2013. –308 с.

3. Кузьмина Е.В. Тьюторское сопровождение детей с ограниченными возможностями здоровья в образовательных учреждениях, реализующих инклюзивную практику: методические рекомендации. Москва, 2012. – 57 с.

4. Ожегов С.И. Словарь русского языка: под ред. чл.-корр. АИСССР Н.Ю. Шведовой . – 20-е изд., стереотип. – М.: Рус.яз., 1988. – 750 с.

5. Профессионально-культурное становление студента в образовательном процессе [Текст]/отв. ред. В.В.Игнатова, О.А.Шушерина.-Томск:Изд-во ТГУ, 2005.

6. Яничева Т. Психологическое сопровождение деятельности школы. Подход. Опыт. Находки // Журн. практ. Психолога. 1999. №3. С. 109.

MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDIN PSIXIKALIQ RAWAJLANIW ÓZGESHELIKLERIN DIAGNOSTIKALAW

A.Arziev
Qaraqalpaqstan Respublikasi XBXQTQAAO

Elimizdiń rawajlanıwı ushın búgingi jas áwladqa hár tárepleme tereń bilim beriwde keleshek jámiyetmizdiń tiykarın salıwshı, hár tárepleme garmonikalıq rawajlanǵan, bilimli milliy áwladtı tárbiyalaw -rawajlanǵan demokratiyalıq mámleketler dárejesine erise alatuǵın, adamlar menen qarım-qatnas jasap birge islesiwge hám olardı túsiniwge uqıplı, joqarı dárejeli bilimge iye, ádep-ikramlı, aqıllı, mádeniyatlı, ruwxıy bay, jámiyet aǵzaları menen támiyinlewge baǵdarlap dúzilgen úzliksiz bilimlendiriwdiń baslı maqseti bolıp tabıladı. Sebebi, búgingi baqshamızdıń tárbiyalanıwshıları keleshekte Respublikamızdıń kelbeti, erteńgi kúni bolıp tabıladı.

Álbette, hár bir adam keleshek áwladımız bolǵan jaslar bilimli, ádep-ikramlı, ruwxıy bay pazıyletlerge bólengen, mádeniyatlı hám hár tárepleme rawajlanǵan bolıwı ushın ol eń birinshi gezekte ana tilinde erkin, mádeniyatlı, taza sóylep hám durıs oqıp biliwi tiyis. Sonda ol dúnya júzlik kólemdegi mámleketlik bilimlendiriw standartı dárejesindegi bilimler kólemine iye bola aladı. Bul wazıypalardıń eń juwapkerli bir tarawı - bul baqshada balalardı sapalı etip oqıwǵa, jazıwǵa úyretiw, óz xalqımızdıń úrp-ádetleri, dástúrleri, ádep-ikramlılıq hám ruwxıy tárbiya boyınsha saqlanǵan qadiriyatları tiykarında tálim-tárbiya beriw - tiykarǵı wazıypalardıń biri bolıp esaplanadı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń psixikasınıń rawajlanıw dárejesin úyreniw - bul quramalı process bolıp tabıladı. Olardı úyreniw barısında tek bir ǵana izertlengen parametr boyınsha juwmaq shıǵarıwǵa bolmaydı, sebebi olar bir-birine baylanıslı bolǵan parametrler jıynaǵınan juwmaq shıǵarıladı. Sonlıqtan, diagnostikalaw procesinde balalardı hár tárepleme úyreniwge baǵdarlanǵan metodikalardan paydalanıp, olardıń nátiyjelerin salıstırıp, bala haqqında bir pútin konkret túsinikke iye bolamız. Sonıń menen birge qollanılatuǵın metodikalardı durıs tańlap hám qaǵıydaǵa ılayıq alıp barıw úlken áhmiyetke iye, sebebi eksperiment ótkerilip atırǵan waqıtta balanı sharshatıp qoymaw, onıń bul processten bas tartıwına jol qoymawımız kerek. Alınǵan maǵlumatlardı analiz qıla otırıp, izertlenip atırǵan balanıń psixikasındaǵı baylanıslarǵa ayrıqsha itibar beriwimiz kerek (túsinik dárejesi, biliw uqıplılıǵı, jeke ózgeshelikleri, basqalar menen qarım-qatnası). Usı analizler tiykarında bala haqqında psixologiyalıq xarakteristika dúzilip, jáne de balada ushırasıp atırǵan kemshilik hám artta qalıwshılıq processleri de belgili bola baslaydı. Sebebi, turmısta psixologiyalıq processlerdiń barlıǵı bir-biri menen baylanıslı bolıp, olar bir-birine tásir etip otıradı. Mısalǵa, balanıń oqıwǵa úlgermewi, onıń biliw uqıplılıǵınıń pásliginen, yamasa onıń kúshli tıńıshsızlanıwınan, yaki tez maslasa almawı sebebinen de

bolıwı múmkin. Óz gezeginde balanıń este saqlawın hám oylaw dárejesin bahalay otırıp, balanıń ayırım jeke ózgesheligin anıqlay baslaymız.

Durıs diagnostikalaw – balanıń psixikasındaǵı ushırasatuǵın korrekciyalıq arttaqalıwshılıqtı úyreniw, onıń aldın alıw hám balaǵa járdem beriw bolıp tabıladı. Demek, psixologiyalıq xarakteristika tiykarında korrekciya planı dúzilip, balaǵa járdem beriw ushın, ápiwayı kemshiliginen baslap quramalı defektlerin dúzetiw barısında jumıstıń nátiyjeliligine iye bolıw ushın ápiwayı testlerdi ótkeriw qaǵıydalarına itibar beriw kerek, sebebi nemquraydılıq penen ótkerilgen diagnostika balaǵa járdem beriw ornına jábir shegiwine alıp keledi. Sáwbetlesiw waqtıńda Siz anıq olardıń ne nársege kewli tolmay turǵanlıǵın anıqlap alıwıńız kerek. Balanı úyreniwde eń dáslep onıń sırtqı qarım-qatnasına, onıń sol waqıttagı jagdayǵa reakciyasına itibar beriw kerek. Eń ahmiyetlisi bala qarımqatnas jasawǵa tayarma, onda aktiv qatnasıq barma, (mısalǵa, xanadaǵı jaǵdaydı úyrenedi, oyınshıqlardı qızıǵıwshılıq penen kóre baslaydı x.t.b.) yamasa qozǵalmastan, otırǵan jerinen qozǵalmay, basqa nárselerge alańbolıp otırma, yaki ayaq-qolları menen oynap otırma h.t.b. Balanıń bunday jaǵdayǵa túsiw sebepleri, onıń táshwishleniwi, ózine itibar qaratqısı kelmegeni yamasa qorqıw sezimleri sebep bolıwı múmkin. Bul faktlerdiń hámmesi balanıń psixodinamikalıq hám jeke ózgesheliklerine baylanıslı. Baqlaw barısında alınǵan maǵlumatlar test nátiyjeleri menen salıstırılıp, balanıń intellektual tabiyatın yamasa emocional artta qalıwshılıǵın anıqlawǵa múmkinshilik beredi. Joqarıda keltirilgen maǵlıwmatlarımızdı juwmaqlastırıp aytqanımızda, mektepke shekemgi jastaǵı balalar arasında mektepke barǵannan keyin doslıq, óz ara múnásibetler hám qarama-qarsılıqlar júzege keledi hám bir-biri menen qatnasta qıynalatuǵın balalar anıqlanadı. Bul jastaǵı balalardıń jas ózgesheligine baylanıslı óz qatarlarına bolǵan múnásibeti de ózgerip baradı, ol tek is-háreket sıpatı menen ǵana emes, al jeke, bárinen burın, ádep-ikramlılıq múnásibetleri menen bahalanadı.

ЖАСЛАРДЫ ДОСЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎДА ДИНИЙ ТӘРБИЯНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

Г.Бекимбетова
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Ислам дининде досларға жәрдем бериў яғный қәжетин питкериў ҳаққында айта отырып, қудирети жетсе достына ашық жүзли, қуўаныш пенен жәрдем бериў кереклиги айтылған. Адам достына аўыр келетуғын нәрсени мақул көрмеўи оған аўырлығын салмаўы керек. Мениң аўырыўымды жеңил қылсын, меннен хабар алып турсын, жәрдемиме ҳәр дайым таяр турсын сыяқлы талапларды кеўилге де келтирмеўи кереклиги айтылған. Себеби, мусылман адам өз достына Алла ушын муҳаббат қояды, оның дуўасынан үмитли болады, оны көриўден қуўанады, оның нийетлерине тилеклес болады деген пикирлерди алға сүреди.

Бир пайғамбарымыз: «Алланың сондай бенделери бар, қыямет күни олар минберде отырады. Олардың липаслары нур, жүзлери жарық болады. Олар пайғамбар да шәҳидлер де емес, лекин Пайғамбарлар ҳәм шәҳидлер менен қарайды». Сонда саҳабалар: «Олар кимлер, я Расуллаҳ?» деп сорады. Пайғамбар Алайҳиссалам: «Олар Алла Таала ушын бир-бирин жақсы көргенлер, Алла ушын бир-бирин зыярат қылғанлар ҳәм Алла Таала ушын бир-бири менен отырғанлар» [Муҳаммад Содиқ Муҳаммад Юсуф:178] дейди.

Пайғамбарымыз: - Ҳәй бенделерим жақсы әдеп-икрамлы болың, - деген екен. Сонда бенделери жақсы әдеп-икрам, жақсы минез қулықтың өлшеми, оның қағыйдасы қандай? - дегенде Пайғамбарымыз: - Шырайлы әдеп, жоқары минез-қулық үш нәрсеге жәмленген болады:

•Сиз бенен барды-келдини үзген адамның зыяратына барыўың;

•Сизге зулым қылғанларды кешириўиң. Оның қылған жаманлығын кешип жибериўиң;

•Саған бермегенге сәлем бериўиң. Әне, сонда жоқары әдеп-икрамлы боласыз деп мәрҳамат қылады. Пайғамбарымыз өз ҳәдислеринде, биригип жасаўға бир-биримиз бенен досласыўға дос арттырыўға, инсан жалғыз өзи емес дослар менен биригип жасаўға буйырады.

Пайғамбарларымыздан бири ҳәдислеринде: Мөмин-мусылман адам дослы, бир-биреўге жәрдем бериўши болады, дослар арттырады, оларға жақсылық қылады. Биреўди дос тутпайтуғын ҳәм өзиниң досты болмаған адамда жақсылық жоқ деген пикирге тоқтаған.

Ислам дининде дослықты, инсаныйлықты бир-биримизге болған меҳр-муҳаббатты ең уллы сыйныўлар дәрежесине көтерди. Пайғамбарымыз ҳәдислеринде: «Мөмин адам дослықта, инсаныйлықта мийрим-шәпәәтликте ҳәм шерикликте деп биледи. Егер, дененің бир ағзасы шикаят қылса, басқалары да оған ыссылық ҳәм уйқысызлық пенен дәртлес болады» [Муҳаммад ибн Абдуллаҳ Тибризий Мушкотул Масобиҳ:178] Сондай-ақ, Қураны Кәримде: «әлбетте, мөминлер (динде өз-ара) ағайин есапланады, солай екен, сизлер еки ағайиниңиздиң арасын жарастырың, Қудайдан қорқың, қәне енди, рейим қылсаңыз» деп мусылманларды дослық сезим менен бирге инсаныйлыққа да бағдарлап барады.

Ислам дининде инсанды кәмбағал, күшсиз болғанлығы ушын масқаралаў, пәс санаў жүдә жаман әдет есапланған. Себеби, ҳәмме инсан Қудайдың бендеси деп есапланған. Сол бенделерден бирин шырайлырақ, байырақ, екиншисин күшсизирек, кәмбағалырақ жаратқан. Соның ушын да әззилерди қорлаў емес, ал оларға жәрдем бериў, жаман күнинде қоллап қуўатлаўды нәзерде тутып келинген. Егер де еки адам урысып қалып, қарама-қарсы ҳалатлар жүз берген болса, Алла Таала: «Егер мөминлерден еки топар өз ара урысып қалса, дәрриў олардын арасын жарастырың!» деп айтып өтилген.

Ислам дининде ҳақыйқый дослық қандай болыўын Пайғамбарымыз Мәкке сапарда болған ўақтында олардың көпшилигинде мал-мүлклери қолында жоқ болған. Себеби, олар мүшриклер [Араб тилинде шериклик, қуданың шериклери бар деген түсиник: 171]диң жаманлығынан жасырынша қашып қутылып қалған. Соның ушын Мадиналық саҳабалар Мәккелик саҳабаларға жәрдем қолын созған. Олар соншелли дәрежеде ғәрип-қәсерлерге меҳир көрсетип, үйлерин екиге бөлип, қолларындағы бәрше нәрсесин тең ярымға бөлип, оларға дослық, инсаныйлық қолларын созған. Егер, бундай инсаныйлық жәрдем инсанлардағы ийман-инсап соншелли дәрежеде болған ҳәттеки Ислам дининде өзи жақсы көрген нәрсени басқа адам ушын да лазым көриў дин өлшеми есапланған.

Ислам дининде: «Мениң разылығым ушын жақсы көргенлер, аға-ини тутынғанлар ҳәм отырып сәўбетлескенлер, бир-бирине жәрдем бергенлер ҳәм бир-бирин зиярат қылғанлар Мениң муҳаббатыма ерискей» [Муҳаммад Солиқ Муҳаммад Юсуф: 34] - дейди. Пайғамбарымыз өз ҳәдислеринде: «Кимде-ким бир бендени Қудай жолында көрсе, иләҳий муҳаббат ушын жақсы көрсе, ол ҳәмели менен бул дәрежеге жетисе алмас еди. Биреўди дос тутқаны ушын, биреўге муҳаббат қойғаны ушын, биреўди Алла жолында жақсы көргени ушын Алла Таала оның мәртебесин, дәрежесин көтереди» [Муҳаммад Солиқ Муҳаммад Юсуф: 93]делинген. Лекин кимди дос тутамыз, дос тутыўдың өлшеми дәрежелери қандай? Кимди дос тутайық, кимди дос тутпайық, кимге жақын болайық, кимнен узақ

болайық. Бул қарым-қатнасларымызға қарай Алла таала бизлердиң жәннеттеги дәрежемизди көтереди деген түсиниклерди беккем сақлаған.

Пайдаланылған әдебиятлар дизими:

1. Муҳаммад Содиқ Муҳаммад Юсуф. Руҳий тарбия., Шарқ босмахонаси., Тошкент., 2008., 34-бет, 93-бет, 178-бетлер
2. Муҳаммад ибн Абдуллаҳ Тибризий Мушкотул Масобиҳ. Байрут. 2004.171-б
3. Ҳужрат сүреси 10-аят
4. Ислам энциклопедиясы. 2004., 171-бет

ХАЛЫҚ ПЕДАГОГИКАСЫНДА ДОСЛЫҚ, ИНСАНЫЙЛЫҚ ДӘТҮРЛЕРИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

Г. Бекимбетова
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Халық педагогикасы ҳәм оның тәрбиялық дәстүрлери халқымыздың көп әсирлик тәрбиялық тәжирийбелериниң негизи болып, ол өзиниң жасларға тәсир етиўши бай мүмкиншиликлери менен әмелий көринислерине ийе.[П.Абдимуратов: 4] Соның ушын да қарақалпақ халық педагогикасында жасларды ийман-инсаплы, адамгершиликли, әдеп-икрамлы, мийнет сүйгиш, пәк ҳүжданлы, ҳадал, бир-биреўди сыйлаў, әззиге жәрдем бериў, қоллап-қуўатлаў, кишипейил, ийман-инсаплы болыўға бағдарлаў бойынша дәстүрлер жүдә көп.

Инсанның пайда болыўы менен әййемги жабайылық турмыстан баслап ҳәзирги күнге шекем жасларға тәлим-тәрбия бериўдей дәстүрлерден жалықпаған. Усындай узақ заманлардан берли әўладта-әўладқа атадан балаға өтип киятырған халықтың көзқараслары менен тәбийғый ҳәм жәмийетлик ҳәрекетлери тийкарында халық дәстүрлери пайда болды, раўажланып барды.

Жасларды инсаныйлыққа тәрбиялаўшы дәстүрлердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы жәмийетлик жағдай болып, онда халықтың дана үгит нәсиятлары менен аўызеки дөретпелери, ертек, дәстан, аңыз-әпсана, рәўият, нақыл-мақаллары өз көринисн таўып отырған. Сонлықтан жаслардың ата-бабаларымыз тәрепинен жаратылған инсаныйлыққа тәрбиялаўшы дәстүрлерин билиўи ҳәм оны байытыўы өмир сүриўдиң базы бир нызамлылығы болып табылады. Жәмийетлик турмыста өсип киятырған жас әўлад үлкен әўладлардың орнын ийелеп ески әўладлардың турмысына сиңип кеткен үрп-әдет, дәстүрлерди ҳәрекетке келтириўши избасарлары болып табылады.

Қарақалпақ халық педагогикасында жасларды инсаныйлыққа бағдарлаўшы дәстүрлер тосыннан пайда болмаған. Олар жәмийетлик мүнәсибетлер ҳәм мәдений турмыстың раўажланыўы тийкарында адамлардың жоқары руўхый турмыс шараятлары тийкарында келип шыққан. Ески әўладлардан тәрбияға тән болған дәстүрлер мийрас болып, булар жәмийетлик тәрбияның әҳмийетли тараўлары менен байланыслы болады. Сонлықтан, жасларды дослыққа, инсаныйлыққа тәрбиялаў менен байланыслы болған белгили дәрежедеги көзқарас, усыллар жыйнағы деп түсиниўимиз керек. Булар аўладтан-әўладқа өтиў жолы менен тәрбиялық дәстүрлерге айланып қалды.

Қарақалпақ халық педагогикасында жасларды инсаныйлыққа бағдарлаўшы дәстүрлерде тарийхый көринислери сәўлеленип, белгили бир шараятлар менен жүзеге келген дәстүрлердиң базы бири жоғалып кетиўи яки халық даналығында сақланыўы мүмкин. Сонлықтан, жасларды инсаныйлыққа бағдарлаўшы дәстүрлер тарийхый көриниске ийе. Себеби, әййемги дәўирде аўызеки халық дөретпелери

руўхый мәдениятты, соның ишинде педагогикалық мәдениятты да тийкарғы түри болып келген. Усы себепли, қәўимлик жәмийетте тәрбияға байланыслы үрп-әдетлерде жасы үлкенлердиң жасларға берген тәрбиялық тәсир етиўи бир қыйлы ҳәм улыўма ҳәммеге тән болды. Усыған бола халық түсиниги класслық жәмийеттиң пайда болыўы менен әмелге асқанына қарамай, буны шәртли түрде халық педагогикасы деп атаў мүмкин.

Халық педагогикасындағы жасларды дослыққа, инсаныйлыққа тәрбиялаўшы дәстүрлер үлкен әўладлар тәрепинен дөрелип тәлим-тәрбияда өзин ақлаған ҳәм ҳәмме ўақыт жаңа әўладлар тәрепинен мойынланған ҳақыйқатлық нышаны болып табылады. Халықтың көп жасқа шыққан, көпти көрген ақсақаллары халық дәстүрлери ҳаққында сөз қозғағанда ҳәзирги күнимизге де бурынғы әдеп-икрам қағыйдаларының жоғалмағанлығын, буның себеби кексе әўладларымызда жүргенлиги, халықтың ески мәдениятының олардың өзи менен бирге келгенликте көремиз. Әлбетте, халықтың көп жасаған ақсақаллары ҳәмме ўақыт елдиң көрки, ақылгөйи, турмыс жарасығы болып келген.

Пайдаланылған әдебиятлар дизими:

1. П.Абдимуратов. Қарақалпақ халқының үрп-әдет, дәстүрлери ҳәм оның жаслар тәрбиясындағы әҳмийети. «Билим». Нөкис., 1996., 4-бет

ӘМЕЛИЙ САБАҚЛАРДА «БАСҚЫШПА- БАСҚЫШ» ТЕХНОЛОГИЯСЫН ҚОЛЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

Г.Утепова
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Кәсиплик педагогика пәнинде әмелий сабақ- анық мақсетке қаратылған ҳәм тәлим бериўши тәрепинен басқарылып турылатуғын, анық бир тапсырманы орынлаў ушын керекли теориялық сабақта алынған арнаўлы билимлер тийкарында көнликпе ҳәм тәжирийбелерди қәлиплестириў мақсетинде алып барылатуғын режели дидактикалық ис – ҳәрекетке айтылады. Кәсип – өнер тәлим дүзилисиниң өзгешелиги соннан ибарат, теория ҳәм әмелият бир-биринен өз алдына, яки теория оқыў аудиторияда, әмелий сабақлар устаханада ҳәм лабораторияларда әмелге асырылады. Егер де әмелий сабақларда тәлим бериўши тәлим алыўшылардың дәслепки билимлерде кемшиликлер барлығын анықласа, қосымша керекли теориялық билимлерди береди [1.11].

Әмелий сабақты режелестириў – күтилетуғын оқыў нәтийжелерине ерисиў мақсетинде оқыў процесине таярлық көриў, тәлим методларын таңлаў, тарқатпа материаллар ҳәм оқыў – дидактикалық қуралларды таярлаў болып табылады. Оқытыў процесинде дурыс таңлап алынған оқытыў методлары пәнди өзлестириўде өз нәтийжесин көрсетеди. Оқытыў методларының ишинде «Басқышпа-басқыш» технологиясы бир ўақыттың ишинде талабалардың өтилген яки өтилетуғын тема бойынша жеке ямаса киши топар менен пикирлесиўге, өзлестирген билимлерди еске түсирип, топлаған пикирлерди улыўмаластыра алыў ҳәмде оларды жазба, сүўрет, сызылма көринисинде түсиндире алыўға үйретеди. Бул технология жазба түрде өткизиледи [2.45].

Бул технологияның мақсети: Оқыўшыларды еркин, өзбетинше ҳәм сын пикирлеўге, жәмәәт болып ислесиўге, излениўге, пикирлерин жәмлеп олардан теориялық ҳәм әмелий түсиникти пайда қылыўға, жәмәәтке өз пикири менен тәсир ете алыўға, теманың таяныш түсиниклерин қоллана алыўға үйретеди.

Керекли материаллар: А-3, А-4 форматлы қағазларда таярланған шеп тәрепине киши темалар жазылған тарқатпа материаллар, фломастерлер.

Өткериў тәртиби: Оқыўшыларды 3-5 адамнан ибират киши топарларға бөледи. Технологияны түсиндириң. Ҳәр бир топарға шеп тәрепине жазылған қағаз материаллар тарқатылады ҳәм белгиленген ўақыт ишинде ҳәр бир түсиник мазмуны (сызылма түрде) ашып бериўи айтылады. Бунда топар ағзалары киши тема бойынша толық мағлыўмат жыйнаўы керек. Ҳәр бир топарда бир талаба шығып сөйлейди. Шығып сөйлеген топар ағзасы өз таярлаған материалын доскаға избе-из түрде қыстырып шығады. Оқытыўшы топарлардың жумысларын баҳалайды ҳәм жуўмақлайды.

«Басқышпа-басқыш» технология арқалы оқыўшылар өз түсиниклерин сүўретлер ҳәм сызылмалар арқалы түсиндириўи оларды есте сақлаўын және де раўажландырады. Оқыўшының есте сақлаўын беккемлейди, себеби оқыўшы тек ғана үйренгенин айтып ғана қоймастан, өз түсиниклерин қағазға көргизбе түрде түсирип, мазмунын ашып береди. Оқытыў методлары жүдә көп. Сабақта «Венн диаграмма», «Бумеранг» технологиясы, «Не ушын?» техникасы ҳәм «Проект» технологияларын қолланылса, оқыўшылардың өзлестириў дәрежеси жақсы болады деп ойлайман.

Соны айрықша айтып өтиў керек болады, бүгинги күнниң хабар дәўиринде талабаларға билим бериўде, мағлыўматларды тез ҳәм анықлық пенен түсиндириўде жеткерип бериўде педагогикалық технологиялар тийкарында шөлкемлестирилген сабақлар дәўир талабы болып қалмақта.

Интерактив оқытыў усыллары «Қар үйиндиси» шынығыўы, «Кластер» техникасы, «Түсиниклер анализи» ҳәм «Зинама-зина (басқышпа-басқыш)» технологиялары талабаларда тема бойынша тийкарғы түсиниклерди өзлестириў дәрежесин анықлап, өз билимлерин өзбетинше еркин баян етиўи, өзлериниң билим дәрежелерин баҳалай алыўы, жеке ҳәм топарларда ислесиўи, талабалардың пикирлерине ҳүрмет пенен қараўға, соның менен өз билимлерин бир системаға салыўға үйретеди [3.16].

Бул айтылған пикирлерден соны жуўмақ етиўге болады, егер талаба өз қәлеўи менен оқыса, алынған мағлыўматлар ядында қалса ҳәм қәлеўин пайда етиўде интерактив оқытыў усыллары жәрдем берсе ҳәр бир оқытыўшы алдына қойған мақсетине жетискен болады. Қызықлы пән, қызықлы сабақларды, әдетте, мине усы пән менен муқыятлап шуғылланыў тилегин пайда етеди ҳәм нәтийжеде жақсы өзлестириўди тәмийинлейди.

Пайдаланған әдебиятлар.

1. Х.И. Ибрагимов, У.А.Юлдашев, Х.Бобомирзаев. «Педагогик психология». Тошкент 2009. 77 бет

2. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. «Таълимда инновацион технологиялар». Тошкент – 2008

3. Н.В. Пирниязова., А.А. Бекимбетова., Н.Ж. Сагиндикова., Г.Қ. Қалықназарова. «Талабалардың тәлим алыўына қарақалпақ халқының этникалық өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда педагогикалық-психологиялық қатнас жасаў. Нөкис -2012

BAQSHA JASINDAG'I BALALARDIN' BİLİW İSKERLİGİ

Z.Qurbamuratova
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimovtıń «Perzentlerimiz bizge qaraǵanda kúshli, dana, bilimli hám álbette baxıtlı bolıwı shárt»- dep atap kórsetkenindey, jas áwladtı bilimli, jetik insan etip tárbiyalawda pedagoglarǵa jáne de úlken juwapkershilikti júkleydi. Sonlıqtan, mektepke shekemgi dáwirdegi balalrdıń salamatlıǵın bárqulla bekkemlep rawajlandırıp barıw tiykarǵı maqset hám wazıypa etip qoyıldı. Ilimpazlardıń milliy xalıq háreketli oyınlarınıń, úrp-ádetlerdiń umıtılǵan jerlerin tolıqtırıp jańartıp, qayta tiklep hám házirgi waqıttıń turmıs talabına juwap beretuǵınday zamanagóy etip tolıqtırıp balalardı tárbiyalawǵa paydalanıw ushın baǵdarlamalarına engiziw, xalqımızdıń milliy bayramlarına toy merekelerinde, seyillerinde atqarılatuǵın ulıwma xalıqlıq oyınlardı qayta tiklew wazıypaları qoyıladı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarda ózin qorshaǵan ortalıqqa qubılıslarǵa, átirapındaǵı insanlarǵa bolǵan itibar qáliplese baslaydı. Olardıń pisxologiyalıq rawajlanıwında sóz, sóylew, pikirlew, oylaw ayrıqsha orındı iyeleydi. Zatlar menen qubılıslardıń sırtqı kórinisi olardıń dıqqatın ózine kúshli tartadı. Balalar úlkenlerdiń turmıs tárizi, tuyǵı-sezimleri, óz ara sáwbet, qarım-qatnastıń ózgeshelikleri, ózine hám ózgelerge, átirap ortalıqqa múnásibetleri anıq kórinisinde orınlawı ushın túrli oyınshıqlardan, sonday-aq, olardıń wazıypasın ótewshi nárselerden de paydalanıladı. Sonıń ushın bunday waqıtta balalardı milliy ruwxıyatımız tiykarında olarǵa tárbiya beriw, olardıń sana-sezimin xalıq pedagogikası úlgileri qatarında tárbiya túrleriniń biri bolǵan jumbaqlar tiykarında tárbiyalaw búgingi kúnde úlken áhmiyetli másele bolmaqta.

Sonday-aq, qa'nigelerdin' pikirlerinde de balalar menen islesiw, olardı tapqırlıqqa, isbilermenlikke ta'rbiyalaw ma'seleleri boyınsha bir qansha pikirler bar. Turmıstıń dáslepki úsh jılında bala anası yamasa basqa adamlar máselen tárbiyashı baǵdarlaması boyınsha emes, al óziniń baǵdarlaması boyınsha oqıydı. Bul dáwirde balanıń ol yamasa bul bilim hám kónlikpelerdi ózlestiriwi máwletine ayrıqsha talaplar qoyılmaydı. Dáslepki balalıq dáwirinde tárbiya baǵdarlaması ele subektiv túrde bala ushın bar emes. Sistematikalıq oqıwǵa qábiletli bolǵanǵa shekem ol tayarlıq basqıshın basıp ótedi. Bul basqıshta shettegi basqa adamlardıń balaǵa qatnaslı jańa talapları áste-áste onıń "óz baǵdarlamasına" aylanıwı lazım. Baqsha jas dáwiriniń aqırına barıp, bala úlkenler tárepinen islep shıǵılǵan "baǵdarlama boyınsha" oqıy baslaydı hám mektep talaplarına áste ámel ete baslaydı. L.S.Vigockiydiń pikiri boyınsha baqsha jas dáwiri bilimlendiriw baǵdarlaması:

1) balanıń mektep baǵdarlamasına jaqınlasıwı, onıń bilim sheńberiniń keńeyiwi, predmetli bilimlendiriwge tayarlawı;

2) balanıń óz baǵdarlaması bolıwı hám de onıń qızıǵıwshılıǵı hám zárúrliklerine juwap beriwi lazım.

Sonday-aq, L.S.Vigockiy balanıń psixikalıq rawajlanıwında, bilimlendiriwdiń jetekshi roli haqqındaǵı nızamdı alǵa qoydı hám anıq belgiledi: bilimlendiriw rawajlanıwdin' aldında baradı hám óziniń artınan onı jetekleydi.

Oqıw xızmeti balalardı quwandırıwı, olarǵa zawıq berip, qanaatlanıw sezimin oyatıwı kerek. Dáslepki balalıq dáwirinen-aq balalarda biliwge qızıǵıwshılıqtı tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye. Sebebi biliwge umtılıwǵa insan xızmetiniń áhmiyetli motivlerinen bolıp, shaxs baǵdarlanǵanınıń ańlanılǵanın sáwlelendiredi, barlıq psixikalıq proces hám funkciyalarǵa unamlı tásir etedi, qábiletti aktivlestiredi, qızıǵıwshılıq bar jaǵdayında

barlıq insanıy kúshler qozǵaladı. Bunı ásirese, baqsha balasınıń oqıw xızmetin shólkemlestiriwde esapqa alıw kerek.

SÒYLEWINDE NUQSANI BOLG'AN BALALAR MENEN İSLESİWDE JUMBAQLARDIŃ ÁHMIYETI

Z.Qurbamuratova
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Mektepke shekemgi dáwirdegi balalarda sóylewinde hár qıylı kemshilikler baqlanadı. Usıllardan ayırımların kórip shıǵamız.

1.Tildiń júdá úlkeni bolıwı nátiyjesinde «s», «r», «l» hám basqa sesler natuwrı aytıladı, Mısalı: sırǵalıwshı sesler aytılǵanda tis araliq sigmatizm sıyaqlı kemshilikler baqlanıwı múmkin.

2. Uzın tar til eń sigmatizmge yaǵnıy hawa aǵımı artınan ótiwi ornına tildiń en táreplerinen ótiwi nátiyjesinde payda bolǵan kemshiliklerine alıp keliwi múmkin.tildiń tar, uzın bolıwıı múmkin.

3. Til hádden ziyat kelte bolsa onıń tańlay menen birigiwi nátiyjesinde payda bolatuǵın sesler (r, sh, l, s,) di natuwrı aytılıwına alıp keliwi múmkin.

4.Tildiń tuwılıwdan bolmawı bunday jaǵdaylarda adam sóyley almaydı, sózlerin ulıwma túsinip bolmaydı.

Seslerdi tuwrı aytıwda erinler aktiv qatnasadı.

1. Erinniń tuwma ekige bólingenligi erin sesler (m, p, b, v, f) natuwrı aytılıwına alıp keledi.

2. Erinniń júdá kelteligi nátiyjesinde awız tolıq jawılmaytuǵın bolsa, bunda erinlik sesler natuwrı aytıladı.

3. Erinlerdiń hádden tısqarı qaliń bolıwı olardıń kem háreketli bolıwına alıp keledi, bunda da barlıq erinlik sesler natuwrı aytıladı.

4. Joqarı erinniń kelteligi hám tómengi erinniń qalinlin'g'i da sóylewge belgili dárejede tásir etedi.

Tańlay joqarıda aytılǵanında qattı hám jumsaq tańlaylardan ibarat. Qattı tańlay-tańlaydiń aldıńǵi háreketlenbeytuǵin passiv bólegi. Jumsaq tańlay, yaǵnıy tańlay perdesi tańlaydiń arqa háreketsheń aktiv bólegi. Tańlay dúzilisinde tómendegishe kemshilikler kórinedi. Bunday kemshılıklerdi saplastırıwda xalıq jumbaqlariniń áhmiyeti júdá úlken.

Jumbaqlar du`nya xalıqları folklorınıń ha`mmesinde de bar. Tu`rkiy tilles xalıqlardıń fol`klorında da orın alg`an jumbaqlar bir-birine og`ada usasıp keledi. Bunıń sebebi, birinshiden: tillerdiń jaqınlıg`ı bolsa, ekinshiden olardıń a`yyem zamanlardan berge jasawınan bolsa kerek. Jumbaqlar o`ziniń eń da`slepki payda bolıwında oyın-zawıq penen baylanıslı bolg`an bolsa kerek. Keyin ala otırıspa, geshtek, toy, merekelerde de aytılatug`ın bolg`an. Burınları jumbaqtı otırıspada qız-jigitlerde de aytqan desedi.Biziń da`wirimizde jumbaqtı aytıwdıń tiykarg`ı ortalıg`ı balalar arası bolıp qalıp otır. Jumbaqlardı jaqsı ko`rip qızıg`atug`ın, olardı su`wispenshilik penen aytatug`ın balalar.

Jumbaqlar, a`sirese, jas a`wladlardın` aqıl-oyın, tapqırlıg`ın, sezgırlıgın rawajlandırıwda u`lken ta`rbıyalıq a`hmiyetke iye. Jumbaqlardı mazmunına qaray bir neshe tematikali'q toparlarg`a jiklew mu`mkin: ta`biyat ko`rinislerine baylanıslı jumbaqlar, haywanatlarg`a, o`simliklerge baylanıslı jumbaqlar, ha`r qıylı ka`sip-ka`rlerge, u`y-ruwızgershiligine, u`rp-a`det, da`stu`rlerge baylanıslı jumbaqlar h.t.b. To`mende jumbaqlardi'n` bir neshe u`lgileri beriledi.

Jas ku`ninde oraqtay,
Orta jasta sho`rektey. (Ay)

Solay yetip, jumbaqlarda turmıstıń poetikalıq tárepleri sheber súwretlenip, adamlarg'a ózlerin qorshap turg'an ortalıqtıń, turmıstıń, tábiyattıń kórkem kórinslerin tanıtadı.

ИМПРОВИЗАЦИЯ – ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ДӨРЕТИЎШИЛИКТИҢ АЖЫРАЛМАС БӨЛЕГИ

И.Б.Алланиязов – п.и.к., доцент
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Мәмлекетимизде социаллық-экономикалық раўажланыўы менен бир қатарда бүгинги күнде билимлендириў системасының раўажланып барыўы заман талабына сай тәлим-тәрбияға қаратылғаны болып есапланады. Педагоглардың өз үстинде ислеўи, тынбай излениў алып барыўы ҳәм оқыў процесиниң заман талаплары дәрежесинде, илимий тийкарда шөлкемлестириў ушын зәрүр шараятларды жаратып бериў менен бир қатарда, социаллық тәжирийбелерге тийкарланып жумыс алып барыў лазым. Солай екен, бүгинги күн педагоглары ушын педагогикалық имповизацияның орны әҳмийетли саналады.

Муғаллимниң тили - оның адам менен жанлы байланысының тийкарғы қуралы. Тиккелей байланыс "көзбе-көз" сөйлесиўлер барысында иске асады. Тосаттан пайда болған жағдайлар, оқыўшылардағы күтилмеген өзгерислерге байланыслы әңгиме, гүрриң барысы, муғаллимнен өзиниң сөйлеў әдетин модификациялаўды (түрлендириўди), зәрүрли жағдайда өзгертиўди, басқа тон, интонация ҳәм мазмунда дәрҳал сөйлеп кетиўди талап етеди.

Импровизация – (латынша – impovisis – күтилмеген, бирден) бул (әдетте актёр ҳәм муғаллимге тән) адамға әңгиме, гүрриң, сөйлесиў, түсиндириў барысында ой-пикирдиң ағып келе бериўи ҳәм дәрҳал жаңа жағдайға қәлиплескен ҳалда өз гәпин даўам ете алыў қәбилет ҳәм уқыбы.

Ҳәзирги заман мектебинде оқыў-тәрбия жумысларының еркин ҳәм тәбийий ҳалда алып барылыўына байланыслы, оқыўшылар менен тең ҳуқықлы бирге ислесиў муғаллимнен шешенлик ҳәм тапкырлықты талап етеди. Импровициялы сөйлеў ҳәр кимниң қолынан келе бермейди.Арнаўлы изертлеўлер импровизацияның жоқары дәрежеде 5 % ти, орта - 9 %nти, төмен 46 % муғаллимлерге тән екенин көрсеткен. Соралған муғаллимлердиң ярымынан көбиреги өзинде импровизация болғаны ҳаққында мысал келтире алмаған» [Харкин В.Н: 15] Педагогикалық импровизацияның ишки субъектив ҳәм сыртқы объектив тәреплери өз-ара байланыслы. Импровизацияның мәдениятлылығы муғаллим өз бойындағы ақылый ҳәм жан сезимлерин өзиниң сөйлеў мәдениети арқалы керекли қәлипте шебер жеткере алыўында болады. Кәсиплик эрудиция ҳәм тәжирийбе импровизациялы бирге ислесиўде шешиўши роль ойнайды.

«Педагогикалық импровизация муғаллимниң өз билим, исеним, уқып, көнликпе,сөйлеў ҳәм дөретиўшилик шеберлигин өз жумыслары барысында жағымлы, пайдалы ҳәм көтериңки рухта басқаларға жеткериў механизми».[Харкин В.Н:4]

Айтқанларымызға дәлил сыпатында баслаўыш класс муғаллими, пидайы педагог Ш.А. Амонашвили [1-Уч.газета 1986. 27мая] тәрепинен сүўретленген сабақ барысындағы күтилмеген диалогты келтирмекшимиз.

« -Сәлем балалар!.. Қандай жаңалықлар?

- Мениң тисим аўырып тур.
- Докторға бардың ба?
- Сабақтан кейин бараман.
- Ол жерде жыламайсаң ба?
- Я-я-я-я-қ!
- Мейли өзиң бил! Және не жаңалық?
- Дима еле емлеўханада!
- Диманың анасы оның ыссылығы түсти –деди.
- Сизлер Диманы сағынбадыңыз ба?
- С-а-а-ғы-ндық...
- Ол дым жақсы бала...
- Оның анасы,ол мектепти, бизлерди сорап атыр - деди
- Мүмкин, оған хат жазармыз?
- Менде соны сизлерге усыныс етпекши едим! Ҳәр қайсысыңыз бүгин оған өз хатыңызды жазасыз. Хатыңызды хат сабағында жазасыз, келистикпе?
- Мен оған өзим салған сүўретимди де жиберемен...
- Ал енди, бүгин не ислейтуғынымызды билесиз бе?
-Аўа.

Енди тыңлаңлар! Бүгин биринши сабақта, китап сүйерлеримиздиң үшинши семинарын өткиземиз... Баянатшылар тайын ба?

- Аўа. Сүўретлер, плакатлар, китаплар бәрин таярладық.

-Бәрекеллә! Онда баянатларды тыңлаймыз, соң оларды талқылаймыз. Өзлериңизге унаған сүўрет ҳәм плакатларды класқа ҳәм кирер жерге илдирип қоямыз...»

Көрип турғанымыздай, муғаллим өз сөйлеў минез-қулық әдебиндеги шыныққан ҳәм раўажланған импровизацияны дыққатты топлай алыў ҳәм бөлистириў, бай сәўлелениў, стандартластырылмаған кәсиплик ойлаў, шешенлик қәбилетлери жәрдеминде тәмийинлей алады екен.

Муғаллимниң кәсиплик мийнетиниң нәтийжелилиги оның таярлығынан ғәрезли. Сөйлеў қанша күтилмеген ҳәм асығыс болмасын, алдағы гәп ямаса сәўбет мақсетке муўапық, мазмуны белгиленген, жеке, топарлық, фронталь сөйлесиў формаларының бири таңланған, унамлы ҳәм унамсыз қабылланыў мүмкиншиликлери инабатқа алынған, исенимли ҳәм исенимсиз дәлиллер мәселеси де есапқа алынған, сәўбетлесиўдиң калай өткерилиўиниң улыўма бағдарларыда назерде тутылған, психологияда антиципация (лат.anticotio - таңланыў)-деп аталыўшы терең жобаластырыўды талап етеди.

Муғаллимниң сөйлесиў арқалы бирге ислесиўин жетилискен, мақсетке муўапық өткериўде ол, биринши гезекте, ақыллы шөлкемлестириўге емес, ал өзиниң эмоциональ таярлығы мәселесине үлкен дыққат аўдарыўы керек. Р.П.Мильрудтың изертлеўлери педагогтың тез ҳәм дурыс педагогикалық шешимлерди қабыллаў қәбилети, оның қыйын жағдайларда өзин керекли эмоциональ ҳалатта услай алыў қәбилетинен ғәрезли екенин көрсетеди [Мильруд Р.П: 45-55] Сыртқы көринистеги жыйнақлылық ҳәм жигерлилик, өз күш-қуўатына исеним, оқыўшыларын толық түсиниў, өзиниң ҳақ кеўиллигин балаларға билдириўи муғаллимге, олар менен бирге ислесиўде басшылықты қолға алыўға, айтылатуғын гәп , сәўбетке тийисли анық ҳәм дәл материаллар, мысал ҳәм дәлиллер топлаўға, өзин көрсетиў ҳәм аудиторияның жеделлиги мәселелеринде зәрүрли тең салмақлылықты услай алыўына жақыннан жәрдем береди.

Әдебиятлар

1.Амонашвили Ш.А. По разному можно смотреть на звезды // Уч.газета 1986. 27мая

2.Мильруд Р.П. Эмоциональная регуляция поведения учителя //Вопр.психологии.1987. № 6.

3.Харкин В.Н. Педагогическая импровизация: Уч. Пособие для студентов педвуза.М,: Педагогика. 1989.

МУҒАЛЛИМНИҢ СӨЙЛЕЎ МӘДЕНИЯТЫНЫҢ ТӘРБИЯЛЫҚ ӘҲМИЙЕТИ

И.Б.Алланиязов – п.и.к., доцент
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Бүгинги күнде мәмлекетимиз тәрепинен билимлендириўге қаратылып атырған итибар барлық педагоглардың өз үстинде ислеўи, тынбай излениў алып барыўы ҳәм де оқыў процесин заман талаплары дәрежесинде, илимий тийкарда шөлкемлестириўи ушын зәрүрли шараятларды жаратып бериў менен бир қатарда, билимлендириў тараўына жас қәнигелердиң келип қосылыўына имканият жаратпақта, бул болса, өз гезегинде, билимлендириў мәкемеси педагоглары алдына және де жаңа ўазыйпаларды қояды. Бул мәселелерден бири бул - оқытыўшының сөйлеў мәдениети есапланады.

Тил жәрдеминде муғаллимниң күнделикли оқыў-тәрбия жумыслары барысында, оқыўшылар менен өз ара түсинисип, бирге ислесиўи, карым-катнас ҳәм сөйлеў әдеби қәлиплеседи. Сөйлеў әдеби (сөйлеў минез-қулқы) түсиниги, сөйлеў үлгиси, сөйлеўдиң характери ҳәм соматикасы - адамның пүткил денесиниң жеделлигин өз ишине қамтыйтуғын кең түсиник.[Зимняя И.А: 133]

Сөйлеў әдебин қураўшы сөйлеў минез-қулық қурамына (структурасына): хабар алмасыў мәнзиллери субъект ҳәм объект, мақсет ҳәм мазмун,сөйлеўде қолланылатуғын тил ҳәм тилсиз қураллар (бет-әлпет,дене мүшелери) киреди.

Муғаллимниң балалардан қандай да бир минез-қулқ, ис-ҳәрекет, яки аўызеки түринде жуўап талап ететуғын гәпи оның- кәсиплик мәдениети дәрежесин көрсетиўши айна. Бунда вербаль яки вербаль емес қатнасық бирлигиндеги жанлы, аўызеки сөз шешиўши роль ойнайды.

Оқыўшылардың психологиясын, тәрбияның улыўма нызамлылықларын билиў педагогикалық қурал методлар комплексин толық ийелеў, муғаллимге турпайы коммуникатив қәтешиликлерден аўлақ болыўға жақыннан жәрдем береди. Лекин оқыўшының жеке өзгешелиги, оның бастан кешириў сезимлери, кеўил хошы, ортадағы қарым-қатнас характери т.б. ҳәр қыйлы жағдайларға байланыслы ҳәр қандай бирге ислесиў, муғаллимнен ҳеш бир стандартта жоқ сөз өнери шеберлигин, айтқаннан тилли яки тилсиз жуўабы таяр «шешенлик»,«ҳәзир жуўап» лықты ҳәм бәрҳә өзиниң сөйлеў мәдениятын дүзетип, жетилистирип барыўды талап етеди. Педагогикалық қарым-қатнас мәдениети муғаллим ҳәм оқыўшының өз ара турақлы сөйлесип турыўы барысында қәлиплеседи.

Турмыста басқа мийнет түрлериндей адамның сөйлеў минез-қулқы да ҳәмме ўақытта, жәмийеттиң бақлаў ҳәм қадағалаўында болады. Бәринен бурын ол, улыўма қабылланған әдебий тилдиң – орфоэпиялық, акцентологиялық, лексикалық, синтаксислик, фразеологиялық норма қағыйдаларына сәйкес болыўы ҳәм бағыныўы тийис. В.Г.Головин өзиниң «Сөйлеў мәдениети тийкарлары» атлы монографиясында, «сөйлеўдиң дурыслығын – оның басқаға унамлы, жағымлы,

тартыўшаңлық мазмуны ҳәм сапасы билдиреди» [Головин В.Г: 107] -деп тил қарым-қатнас мазмунын белгилеўши фактор екенлигин әдил көрсетеди. Сөйлеў мәдениети, қатнасықтың белгили жағдайларында лингвистикалық ҳәм этикалық нормалардың сақланылыўына коммуникатив ўазыйпалардың нәтийжели шешилиўине мүмкиншилик жаратыўшы тил қуралларын мақсетке муўапық табыўды ҳәм дурыс пайдаланыўды талап етеди. Жеке темпераменти, интеллекти, мәдениятлылық дәрежеси, жынысы, жасы, өз өзгешеликлерине қарамастан муғаллим қәлеген жағдайда тәлим-тәрбияны иске асырыўшы тийкарғы фигура. Оның басқа кәсип ийелеринен кәсиплик айырмашылығы мудамы психолого-педагогикалық принциплерге муўапық өз тили ҳәм тилсиз қураллары жәрдеминде балалар менен ҳақ кеўилли қарым-қатнас орната алыўы.

Муғаллимниң сөйлеў мәдениети педагогикалық категория бола отырып, баланың билим алыўы, тәрбияланыўы ҳәм раўажланыўына бағдарланған кәсиплик мийнетиниң ажыралмас бөлеги болып табылады. Сөйлеў мәдениятын терең ийелеў, сөйлеў барысында дем алысты ретлестирип билиў, даўысты орынлы пайдаланыў т.б. үлкен әҳмийетке ийе. Жумыс өзгешелигине байланыслы көп сөйлеўге, айтып бериўге ҳәм түсиндириўге туўры келетуғынлығынан емес, мазмунлы ҳәм жағымлы сөйлеў педагогикалық тәсир етиў методларын дурыс таңлаўға жәрдем беретуғынлығы себепли сөйлеў шеберлигин жетилистириў муғаллимге оғада керек.[Азаров Ю.П: 41]

Тилекке қарсы, жақынға шекем педагогикада муғаллимниң дидактикалық сөйлеў, сабақты түсиндириў шеберлигине ғана дыққат аўдарылып, оның өз ара қарым-қатнас барысындағы мәмиле мүнәсибетлер деп аталыўшы әҳмийетли тәреплерине итибар болмады. Ҳақыйқатлығын айтқанда, шет тиллерди оқытыўда коммуникатив методлардың актуалласыўына байланыслы тәлим-тәрбиялық жумысларда муғаллимниң сөйлеў мәдениети көзге түсе баслады. Сөйлеў мәдениятының төменлиги муғаллимниң абрайын түсирип, оқыўшыларға тәрбиялық тәсир күшин азайтады. Усы себепли ол педагогтың педагогикалық бағдар алыўшылық хызметинде ҳәм тәлим-тәрбиялық бирге ислесиўде сөйлеўдиң атқаратуғын өзине тән спецификалық өзгешеликлерин билип алыўы зәрүр. Тилдиң функциясы дегенде оның атқаратуғын хызмети түсиниледи. Олар: басқарыўшы, тәсир етиўши ҳәм хабарлаўшы функциялар болып үшке бөлинеди. Педагогикалық қарым-қатнасықта олар дидактикалық ҳәм тәрбиялық дәрежелерде иске асады. Муғаллим өзиниң сөзи менен оқыўшылардың ақылы, сезими ҳәм еркине тәсир ете отырып оқыў, ойын ҳәм тәрбиялық жумысларды шөлкемлестириў менен бирге бул жумыслар барысын басқарып та барады.

Педагогикалық қарым-қатнастың теориясы ҳәм әмелиятын үйрениў, муғаллимниң сөйлеў минез-қулқының: өзин-өзи усыныў, көрсетиў – (самопрезентация), мотивациялық ҳәм психотерапевтикалық функцияларын ажыратыўға мүмкиншилик береди.

Қарым-қатнастың дәслепки минутларынан баслап-ақ муғаллим шахсы - балалардың үлкен дыққат орайы, объекти. Өз-ара қарым-қатнастың кейинги барысы ҳәм бирге ислесиўдиң нәтийжелиги «биринши тәсирли көз қарастың» тәсиршеңлиги менен байланыслы. Тәжирийбели муғаллимлер балалар менен биринши ушырасыўға өзиниң сыртқы көринисинен баслап, класта ушырасатуғын барлық жағдайларды есапқа алады. «Тәрбияланыўшылар – деген еди А.С.Макаренко, – Сизиң пикириңизди, Сизиң қәлбиңизде не барын билгени ушын емес, ал, сизди көргени, еситкени арқалы қабыллайды».[А.С.Макаренко :179] Ол

тәрбияшыларға қалай турыў, қалай отырыў, қалай столдан турыў, қалай күлимсиреў, балаларға қалай қараў усаған «шешиўши, әпиўайы нәрселерге» дыққат аўдарыў керек екенлигин қатаң нәсият етти.

Муғаллимниң балаларды өзине тарта алыўы (аттракция) ҳәм жағымлылығы оның өзин-өзи көрсете (усына) алыў мәдениети менен байланыслы. Муғаллим ҳаққында дәслепки тәсирли көз қарас - балалар ядында узақ ҳәм белгили из қалдыратуғын айрықша көз қараслар есапланады.

Муғаллимниң балаларда өзи ҳаққында унамлы тәсир пайда ете алыўы, оның өз ҳәрекетлерин, қалай жүрип, қалай турыўы, мимикасы, ымлаў ҳәрекети, даўысының анықлығы, керекли даўыс күши менен әлпайым сөйлеўи, көз қарасы, өзиниң жан сезими кеўил хошының (эмоциональ) көринислериниң кеңлиги ҳәм т.б дан ғәрезли.

Муғаллимниң сөйлеў мәдениятының психотерапевтикалық (шыпалық) функциясына биринширлерден болып дыққат аўдарған белгили психолог В.Н. Мясищев болды. Ол баланың өмирге, адамларға ҳәм өзине деген қарым-қатнас қәлиплесиўинде, жанды аўыртатуғын өз-ара келиспеўшиликлер ҳәм қарама-қарсылықларды сапластырыўда жақсы сөздиң үлкен әҳмийетке ийе екенин ашып көрсетти.[Пассов Е.И: 112]

Балалар менен сөйлесиўде психоневрологлардың «зыян етпе» атлы кеңесин басшылыққа алыўы жүдә орынлы. Педагогтың ҳәр бир иси ҳәм ҳәр бир сөзи (қатаң болмаса да - дерлик бәри) белгили дәрежеде оны я жақсылыққа, я жаманлыққа баслайды, я пайда, я зыян келтиреди.

Муғаллим бала менен өз ара қарым-қатнасы өзара сыйласыққа тийкарланған жағдайда ғана балада өзин-өзи унамлы баҳалаў қәсийети қәлиплесип, ол өзинде мәдениятлы, жақсы минез-қулықлы болыў әдетлерин тәрбиялайды**.** Баланың кемшилик, жаман тәреплерин бетине басып, жақсы нәтийжеге ерисиў мүмкин емес. Муғаллимниң «жақсы сөйлесиў» - деп аталыўшы балалар менен өз ара қарым-қатнасы, балаларда жүдә жақсы, сөйлесип ҳәз етиў, бир-бирин шын жүректен қабыллаў т.б усаған унамлы тәсирлер қалдырады.

Әдебиятлар

1. Азаров Ю.П. Мастерство воспитателя. // Нар. Образование. 1974 № 1. 41-бет
2. Головин В.Г. Основы культуры речи. М., 1988 г. 107-бет
3. Зимняя И.А.Психология обучения неродному языку (на материале русского языка как иностраннного). М., 1989. 133-бет
4. Пассов Е.И. Коммуникативный метод обучения иностранному говорению. М., 1985.

ӨСПИРИМЛЕРДЕ ШАҢАРАҚ ТУРМЫСЫ ҲАҚҚЫНДА ТҮСИНИКЛЕРДИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ШЫҒЫС ОЙШЫЛЛАРЫНЫҢ КӨЗҚАРАСЫ

Э.С.Сулетбаева– өзбетинше излениўши
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

Шаңарақ - өзине тән жәмийетлик бирлик болып, оның тийкарында ерли-зайып бирлиги, туўысқанлық мүнәсибетлери, жәмийетлик турмыс бирлиги, әдеп-икрамлылық ҳәм ҳуқықый жуўапкершилик ҳәмде жәмийет тәрепинен орнатылған ата-аналардың балаларын тәрбиялаўы бойынша перзентлердиң өз ата-аналары ушын белгили бир мәжбүриятлары турады.

Шаңарақтағы мүнәсибетлерге қызығыў әййемги заманларда халық аўызеки дөретпелеринде ертек, дәстан ҳәм қосыққа қусаған ҳәмме көширмелерде, Қураны

Кәрим ҳәм ҳәдийслеринде, Абу Насир Фарабий, Абу Али ибн Сино, Абу Райхон Беруний шығармаларында, Әлишер Наўайының «Маҳбуб-ул кулуб» қусаған шығармаларында жетерли дәрежеде кең тәрийплеп берилген.

Юсуф Хас Ҳажиб өз шығармаларында: «бахытлы шанарақ адамның мақтанышы»,- деп жазады. Оның «Қутадғу билиг» шығармасында: «бахытлы шаңарақ болыўы ушын жигит үйленбестен алдын келинниң кимлиги, келип шығыўы, жасы, характери, минез-қулқын билиў керек»,- дейди.

Абу Али Ибн Сино өзиниң «Рисолайи ишқ» шығармасында инсан бахытлы өмир сүриўи ушын ер-қатын мүнәсибетлеринде еки тәреплеме сүйиў, ҳүрмет тийкарында шаңарақ беккемлигиниң тийкары екенлигин айтылады. Шаңарақ дәўлети ҳәм бахыты – жақсы ҳаял екенлиги шығармаларда атап бергенлигиниң өзи ҳәзирги күнлери де ҳәм бул шығарманың бийбаҳа әҳмийметке ийе екенлигин көрсетеди. Орта Азия данышпанларының қалдырған мийраслары өзине уқсас «ахлоқ кодекси» болып, әўладтан әўладқа өтип келмекте ҳәм усы күнлериде өзиниң тәрбиялық күшин жоғалтқаны жоқ [2.19]. Қарақалпақларда қызды урыўы бойынша алысады. Гей бир урыўы бар түркий халықларында жети атадан соң қыз алысады, қарақалпақларда неше атаға келсе де, бир урыўдан алыспайды. Бир урыўдың ишинде қыз алысыўға болатуғын, болмайтуғын тийрелери болады. Ҳәр бир ата-ана перзентлерине усы қыз алысыўға болатуғын және болмайтуғын тийрелерин балаларына кишкене ўақтынани қулағына қуйып қояды. Усы тәртип қарақалпақларда қатал сақланған.

Қайсы урыў менен қыз алысатуғынын биледи. Бул қарақалпақлардың тәртиби, хатқа түспеген заңы. Бир урыўлас қыз отырған жерде ол қызды танымаса да, ер адамлар сөйлеген сөзин аңлап, халықтың тәртибин бузбай, әдеп пенен туўысқан қарындасы отырғандай етип сөйлеўи керек. Ол жерде мәдениятсыз сөз айтылмайды, юморлық сөзлердиң де қарындастың алдыңда айтылатуғын сөзи ғана айтылады. Қарақалпақ халқы-ҳаял-қызларды төбесине көтерип, ҳүрмет етеуғын халық. Бизиң ата-бабаларымыз ҳаял-қызларға жәмийеттиң гилтин, жуўапкершилигин берген. Олар бәркулла ҳаял-қызларды дурыслап тәрбиялаўға кеўил бөлген. Қарақалпақлар ҳәр бир қыздың тәрбиясына кеўил бөлген, қызды улыўма халық болып тәрбиялаған.

«Қызға қырық үйден тыйыў, бир үйден жыйыў» дейди қарақалпақлар.

Улыўма үйдиң жарасығы болған ҳаял, қандай пазыйлетлери менен халыққа қәдирли деген сораўға қарақалпақлар өзинше жуўап береди [1.25] Бундай адамның адам болып бахытлы болып жасаўы ушын ҳаял тәрепинен талап етилетуғын адамгершилик қағыйдалары берилген.

Енди усы шаңарақты бахытлы етиў ушын ҳаялдан не талап етиледи?

1. Сезгирлик, түсимпазлық, ҳәр нәрсениң оңынан келиўи;

2. Орайласып, барлық истиң питетуғын жағын гөзлеўи, ерин сөйлетпей барлық нәрсени өзи билиўи;

3. Ериниң абырайын көтериўи, ериниң жора-жолдасын, туўған – туўысқанларын күтип, ериниң атын шығарыўы, ериниң дөгерегине жақсы жора-жолдас топлаўы болып табылады.

Қарақалпақлар «ана буйрығы – қуда буйрығы» дейди. Ҳаял дүньясының ийеси, ер жигиттиң тирениши екенлиги ҳаққында түсиник бизиң әййемги ата-бабаларымыздан келген мийрасларда бериледи. Бизиң ата-бабаларымыз ҳаял-қызлар ушын адамгершиликти, сап ҳүжданды, опадарлықты, Ўатанды сүйиўди биринши критерия етип қояды. Ҳаял-қызлардың өз елин, халқын халықтың ар-намысын умытыўына қатал қарайды. ҳаялдың шыдамлылықты, өзин тутыўын талап

етеди [1.27].Тумаристен – батырлықты; Заринадан – сулыўлықты; Споретрадан – қайсарлықты; Одатидан – мухаббатқа садықлық сыяқлы пазыйлетлерди балалық дәўирлерден баслап қыз балалардың санасына сиңдирилсе, келешекте бахытлы шаңарақ ийелерине айланыўға имканият жаратылады.

Әдебиятлар.

1.Сарыгүл Баҳадырова «Қарақалпақ – қандай халық». Ташкент. «Наврўз» баспасы. 2017

2. Оила психологияси: Акад. лицей ва касб-ҳунар коллежлари ўқитувчилари учун ўқув қўл. / Ғ.Б. Шоумаров, Н.А. Соғинов, Ф.А.Акрамова, ва бошқ.; Ғ.Б. Шоумаровнинг таҳрири остида – Т.: «Шарқ», 2007. – Б.-53.

РАЎАЖЛАНҒАН МӘМЛЕКЕТЛЕРДИҢ БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫНЫҢ АЙЫРЫМ МӘСЕЛЕЛЕРИ

А.Машерипова
ХБХҚТ ҳәм ОҚААО

